O’zbekstan Respublikası Joqarı h’a’m orta arnawlı bilimlendiriw ministrligi

Berdaq atındag’ı Qaraqalpaq Ma’mleketlik Universiteti

Ta’biyattanıw fakulteti

Geografiya kafedrası

# «TA’BIYATTAN PAYDALANIW EKONOMIKASI»

pa’ninen lektsiya teksti

Du’zgen: g.i.k. R.Ballieva., M.Tursinov

**No’kis 2010**

## KIRISIW

O'zbekstan Respublikası insan h'uqıqı h'a'm erkinliklerine a'mel qılıwda, sotsiallıq bag'darlang'an bazar ekonomikasın erkinlestiriw arqalı du'nya ja'miyetshiliginde tolıq h'uqıqlı integratsiyalasıwdı ta'miyinlewshi demokratiyalıq ma'mleketti h'a'm ashıq ja'miyetti qurmaqta. Respublikada a'melge asırılıp atırg'an reformalardın' tiykarg'ı maqseti h'a'm h'a'reketlendiriwshi ku'shi insannın' nawqıran rawajlanıwı h'a'm jetilisken turmıs sha'rayatı, insan ma'plerin a'melge asırıw sha'rayatları h'a'mde ekonomikalıq mexanizmlerin jaratıwdan ibarat.

Bazar qatnasıqlarının' sotsiallasıwı insandı, jeke adamdı h'a'r ta'repleme qolaylı sha'rayatta jasawg'a h'aqılı ekenin bildiredi. Yag'nıy, insan tek ekonomikalıq jaqtan emes, al ekologiyalıq jaqtan da qolaylı sha'rayatta jasawg'a h'aqılı, a'sirese bul ma'sele O'zbekstan Respublikası xalqı ushın da ju'da' a'h'miyetli esaplanadı. Sebebi, Oraylıq Aziya regionında (sonday-aq O'zbekistan Respublikası) ekologiyalıq ju'da' qa'wipli zonalardın' payda bolıwın ashınarlı tu'rde aytıw mu'mkin. Sonlıqtan O'zbekstan Respublikası xalıq aralıq h'uqıqıy ta'jiriybeler, zamanago'y ilim, texnika h'a'm texnologiyalar tiykarında ekologiyalıq qa'wipsizliktin' bekkem sistemasın qa'liplestiriw O'zbekstannın' milliy qa'wipsizligin ta'miyinlewdin' tiykarg'ı sha'rtleri esaplanadı.

O'zbekstan Respublikasının' ekologiyalıq qa'wipsizlik siyasatı, Konstitutsiya, nızamshılıq, O'zbekstan Respublikası Milliy qa'wipsizlik kontseptsiyası, qorshag'an ortalıq h'a'm turaqlı rawajlanıw boyınsha Rio-de-Janeyro h'a'm Yoxannesburg Deklaratsiyalarının' talapları tiykarında xalıq-aralıq konventsiyalar h'a'm sha'rtnamalardan, jetekshi ma'mleketlerdin' nızamshılıq tarawındag'ı ta'jriybelerinen kelip shıg'atug'ın respublikanın' minnetlemelerin esapqa alg'an jag'dayda alıp baradı. Ha'zirgi ku'nde ekologiyalıq, ekonomikalıq mashqalalardı u'yreniw, xojalıq ju'ritiwshi subektlerdin' barlıq tu'rleri h'a'm ko'rinislerinin' na'tiyjeli xızmet ko'rsetiwin ta'miyinlep qalmastan, insannın' jaqsı, qolaylı sha'rayatlarda jasawın anıqlaydı.

**Ta'biyattan paydalanıw ekonomikası** - jas ilimiy pa'nler qatarına kirip, ekologiyalıq, sotsiallıq, ekonomikalıq protsesslerdi basqarıw, ta'biyattan paydalanıw tarawların qarjılandırıw, jobalastırıw, h'uqıqıy- normativlik jaqtan ta'miyinlew boyınsha ilimiy tiykarlang'an qararlardı qabıl qılıwdın' jan'a bag'darların ashadı.

«Ta'biyattan paydalanıw ekonomikası» pa'nine tiyisli mashqalalar *eki toparg'a* bo'lip u'yreniledi.

*Birinshi* - ta'biyiy resurslardan na'tiyjeli paydalanıwdın' ekonomikalıq mashqalaları.

*Ekinshi* - qorshag'an ortalıqtın' pataslanıwı h'a'm onnan keletug'ın zıyanlardın' aldın alıw usılların tabıw h'a'm ilimiy jaqtan tiykarlap beriw mashqalaları.

Bul mashqalalar ta'biyiy-tariyxıy xarakterdegi nızamlılıqlar tiykarında o'z sheshimin tabıwı za'ru'r, biraq ja'miyet ushın za'ru'rli h'a'm h'a'zirgi zaman mashqalalar tiykarında jan'a u'rip-a'detlerdin' qa'liplesiwin itibarg'a alıwı kerek.

**Bul kurstın' tiykarg'ı wazıypaları to'mendegilerden ibarat:**

- Ta'biyattan paydalanıw ekonomikasının' ta'biyiy, ilimiy h'a'm ekonomikalıq tiykarların analizlew;
- Ta'biyattan paydalanıw ekonomikası menen baylanıslı sırt el ta'jiriybelerin u'yreniw;
- O'zbekstan respublikasının' ta'biyiy resurs potentsialına ekonomikalıq-geografiyalıq bah'a beriw;
- A'meldegi ta'biyattan paydalanıwdın' ekonomikalıq mexanizmlerinin' tiykarg'ı elementlerinin' ma'nisin ashıp beriw;
- Ta'biyattan paydalanıwdın' h'uqıqıy negizlerine sıpatlama beriw;
- O'zbekstanda ta'biyattan paydalanıw h'a'm qorshag'an ortalıqtı qorg'awdı basqarıw du'zimi ma'selelerin anıqlaw h'a'm keleshegin belgilew;

Ta'biyattan paydalanıw tarawında xalıq aralıq birge islesiwdin' tiykarg'ı bag'darları h'aqqındag'ı mag'lıwmatlardı ulıwmalastırıw.

### Tiykarg'ı tayanısh tu'sinikler

**Ekologiya** - tiri organizmlerdin' o'z-ara qatnasıqların h'a'm olardın' qorshag'an ortalıq penen o'z-ara baylanısın u'yrenetug'ın pa'n.

**Ekologiyalıq mashqalalar** - tiri organizmlerdin' o'z-ara qatnasları h'a'm olardın' qorshag'an ortalıq penen o'z-ara ta'sirinin' buzılıwı na'tiyjesinde ju'zege keletug'ın mashqalalar.

**Ta'biyattan paydalanıw ekonomikası** - ta'biyattag'ı zat almasıwdın' turaqlı h'a'm ten' salmaqlılıg'ın ta'miyinlew sha'rayatında ta'biyatqa zıyanlı ta'sirdin' aldın alıw, kemeyttiriwdin' jolları h'a'm usılların u'yrenetug'ın g'a'rezsiz pa'n.

**Ta'biyattı qorg'aw** - h'a'zirgi h'a'm kelesi a'wladlardın' mu'ta'jliklerin esapqa alg'an jag'dayda ta'biyiy baylıqlardan aqılg'a muwapıq paydalanıw h'a'm qorshag'an ortalıqtı taza h'alda saqlawg'a qaratılg'an, ilimiy tiykarda a'melge asırılatug'ın, jergilikli, ma'mleketlik h'a'm xalıq aralıq ko'lemde a'melge asırılatug'ın ila'jlar jıynag'ı.

### Ta'kirarlaw ushın sorawlar h'a'm tapsırmalar

1. Qa'nigeler tayarlawda «Ta'biyattan paydalanıw ekonomikası» kursının' ornı.
2. «Ta'biyattan paydalanıw ekonomikası» kursının' maqseti h'a'm wazıypaları nelerden ibarat.
3. Ekologiya degenimiz ne?
4. Ekologiyalıq mashqalalardın' kelip shıg'ıw sebepleri h'aqqında nelerdi bilesiz?

## TA'BIYATTAN PAYDALANIW EKONOMIKASI KURSININ' PREDMETI, OBEKTI H'A'M IZERTLEW USILLARI.

Reje

1. Tiykarg'ı tu'siniklerdi anıqlaw.
2. Ja'miyet h'a'm ta'biyattın' o'z-ara baylanıslılıq mashqalaları.
3. Kurstın' predmeti h'a'm izertlew usılları.
4. Ta'biyattan paydalanıw ekonomikası kursının' obekti.

1. Ta'biyattan paydalanıw ekonomikası kursın u'yreniw h'a'm onı studentler sanasına jetkeriw ushın onda ushırasatug'ın tiykarg'ı tu'siniklerdin' mazmunın h'a'm ma'nisin anıqlaw, onın' h'a'zirgi ku'ndegi o'zgesheliklerin biliw u'lken a'h'miyetke iye. Bul tu'sinikler to'mendegilerden ibarat.

**Ta'biyat -** ken' ma'niste pu'tkil du'nya, al tar ma'nistegi ta'biyat - adamzat ja'miyetinin' jasawı ushın za'ru'r bolg'an ta'biyiy sha'rayatlardın' birligi esaplanadı. Ta'biyat, ta'biyiy ortalıq tu'sinikleri bir-birine jaqın bolıp, insannın' xojalıq iskerligi na'tiyjesinde belgili da'rejede o'zgergen h'a'm og'an ta'sir ko'rsetiwshi abiotikalıq h'a'm biotikalıq ta'biyiy faktorlardın' kompleksi esaplanadı. Yag'nıy ta'biyat insan aralasıwısız o'zin ta'rtiplew h'a'm o'zin qollap-quwatlaw qa'siyetine iye boladı.

**Geografiyalıq qabıq** – bir-biri menen baylanıslı bolg'an quramalı jer kabıqları, yaki olardın' elementleri - litosfera, atmosfera, gidrosfera h'a'm biosferalardan ibarat.

**Landshaft sferası -** geografiyalıq qabıqtan jasıraq, tirishiliktin' payda bolıwınan keyin payda bolg'an. Bunda adamzat ja'miyeti payda boldı h'a'm o'zinin' tariyxıy da'wirler ishinde insan ta'siri na'tiyjesinde ku'shli o'zgeriske ushıradı. Bul qabıqta adam o'mirine kerekli ko'pshilik ta'biyiy resurslar jaylasqan h'a'm du'nya ju'zi xalqının' en' joqarı da'rejede rawajlang'an xojalıg'ı ja'mlesken. İnsannın' basqa qabıqlarg'a ta'siri tiykarınan landshaft qabıg'ı arqalı o'tedi. Landshaft qabıg'ı – bul qurg'aqlıqtag'ı landshaftlardın' rawajlanıw h'a'm payda bolıw oblastı.

Landshaft - jer betinin' ma'lim bir ta'biyiy shegaralarg'a iye bo'limi. Ol genetikalıq birligi, geologiyalıq du'zilisi, relefi, klimatının' birligi, bir qıylı gidrotermikalıq jag'dayı, topırag'ı, biotsenozg'a iyeligi menen sıpatlanadı.

**Ten'iz landshaftı** - rawajlanıw protsessindegi grunt qatlamının' ayırmashılıg'ı, vodorosller quramı, h'aywanat du'nyası menen ajıralıp turatug'ın shelf maydanının' bo'leklengen okean h'a'm ten'izlerdegi ta'biyiy komplekslerine aytamız. Bul ten'iz kompleksleri akvatoriallıq kompleks dep ataladı.

**Geografiyalıq ortalıq -** geografiyalıq qabıqtın' insan ta'repinen o'zlestirilgen bo'limi, yag'nıy insan jasaytug'ın bo'limi. A'meliy jaqtan landshaft qabıg'ı tu'sinigine ju'da' jaqın, teoriyalıq jaqtan bul ken'irek, sebebi insan kosmos ken'isliginen okean ken'isligi aralıg'ın o'zlestirmekte.

**Qorshag'an ortalıq** - bizdi qorshag'an ta'biyiy ortalıqta adam jasaw jag'dayı bah'alanadı, ta'biyiy komplekslerdin' jag'dayı onın' insan jasaw jag'dayının' taza ortalıg'ın do'retiwdegi mu'mkinshiligi. Sonday-aq qolaylı ta'biyiy ortalıq, qolaysız ta'biyiy ortalıq, aqılg'a muwapıq tu'rde ta'biyiy ortalıq resurslarınan paydalanıw yamasa aqılg'a muwapıq emes paydalanıwdı aytıwg'a boladı. Qorshag'an ortalıq tu'sinigi geografiyalıq ortalıq tu'siniginen parıq qıladı, sebebi ol insandı biologiyalıq organizm sıpatında qaraw menen shegaralanbaydı, yag'nıy insan h'a'm onın' talapları oraylıq orındı iyeleydi. Sonın' ushın qorshag'an ortalıq geografiya iliminin' ekologiyalıq tarmag'ı sıpatında izertlew obekti esaplanadı.

**Ta'biyattan paydalanıw** tu'sinigi ta'biyat h'a'm insaniyat ortasındag'ı baylanıslardın' barlıq jıynag'ın o'z ishine aladı.

Ta’biyattan paydalanıw tar ma’nistegi a’h’miyeti ta’biyiy resurs imkaniyatınan paydalanıwdın’ barlıq tu’rleri h’a’m onı saqlaw ila’jlarının’ kompleksi sıpatında tu’siniledi.

Ta’biyattan paydalanıw degenimiz ne?

- Ta’biyiy resurslardı qazıp alıw h’a’m qayta islew.
- Tirishilik ortalıg’ı ta’biyiy sha’rayatlarınan paydalanıw h’a’m qorg’aw.
- Ta’biyiy sistemalardın’ ekologiyalıq ten’ salmaqlılıg’ın saqlaw h’a’m ol arqalı adamzat ja’miyetinin’ ta’biyiy resursqa bolg’an imkaniyatın u’yreniw.

Tar ma’niste ta’biyattan paydalanıw ilimiy pa’n sıpatında ta’biyattan aqılg’a muwapıq paydalanıwdın’ ulıwma printsiplerin izertleydi.

Ta’biyattan paydalanıw bilim tarawı sıpatında ta’biyattı qorg’aw tu’siniginin’ elementlerin o’zinde ja’mleydi h’a’m to’mendegishe tu’siniledi.

1. İnsan xızmeti h’a’m qorshag’an ortalıq baylanısların jolg’a qoyıwg’a bag’darlang’an, ta’biyiy resurs baylıqların saqlaw h’a’m tiklewdi ta’miyinlewshi ta’biyiy resurslardan aqılg’a muwapıq paydalanıw, insan salamatlıg’ı h’a’m ta’biyatqa xojalıq iskerliginin’ zıyanlı na’tiyjelerinin’ aldın alıwshı ila’jlar jıynag’ı esaplanadı.

2. Kompleksli tarmaqlar-aralıq pa’n bolıp, ta’biyiy ortalıq h’a’m ta’biyiy resurslardı tiklew h’a’m jaqsılaw usılları, printsiplerin u’yrenedi. Ta’biyattan paydalanıw, onı o’zlestiriw h’a’m qorg’aw o’z-ara tıg’ız baylanısqan protsessler esaplanadı.

Ta’biyattı qorg’aw antropogen zat h’a’m energiya almasıw nızamlıqları - bul protsesstin’ ta’biyat h’a’m ja’miyet arasındag’ı o’z-ara baylanıslılıg’ına ta’siri, insannın’ keleshekte rawajlanıw maqsetlerinde usı protsessti basqarıw jolların islep shıg’atug’ın pa’n bolıp tabıladı.

Ta’biyattı qorg’aw wazıypalarına to’mendegiler kiredi:

1. Ta’biyiy resurslardan aqılg’a muwapıq paydalanıw.
2. Shıg’ındısız islep shıg’arıw texnologiyasın iske asırıw.
3. Qorshag’an ortalıqtı pataslanıwdan saqlaw.
4. Keri o’zgerislerdi boljaw.
5. Ta’biyiy komponentlerden minimal pataslanıw sha’rayatında paydalanıw.
6. Ta’biyiy h’a’m ma’deniy a’h’miyetke iye, siyrek ushırasatug’ın obektlerdi saqlaw.

Sonın’ menen birge, ta’biyattı qorg’aw o’zinde ta’biyattan paydalanıwdı izertlemeytug’ın obektlerdi de ja’mlestiredi, belgili xojalıq a’h’miyetine iye bolmag’an obektlerdi saqlaydı.

İlimiy a’debiyatlarda qorshag’an ortalıqtı qorg’aw tu’sinigine mazmunı jag’ınan jaqın bolg’an *envayromentologiya* tu’sinigi qollanıladı. **Envayromentalogiya** - qorshag’an ortalıq h’aqqındag’ı kompleksli pa’n bolıp, tiykarınan ta’biyiy ortalıq, onın’ sapası h’a’m qorg’alıwı h’aqqında pikir ju’rgizedi.

2. «Ja’miyet-ta’biyat» sistemasındag’ı o’z-ara baylanıslılıq h’aqqındag’ı zamanago’y tu’sinikler envayromentalizm (60-70-jj.) ideyalarına tiykarlanadı. Envayromentalizmnin’ tiykarg’ı tu’sinikleri arasında eki tu’rli ideya: insannın’ ta’biyatqa ta’sirin minimallastırıw, onı «sap h’alda» saqlaw h’a’m og’an qarama-

qarsı sheklenbegen rawajlanıw, yag'nıy insannın' mashqalaların, sonnan ekologiyalıq mashqalalardı texnikalıq jol menen sheshiw ideyaları ajıratıladı.

Bunday qatnas sha'rtli tu'rde «ekotsentrizm» h'a'm «texnotsentrizm» dep ataladı. Ekotsentristler ushın ja'miyetti rawajlandırıw maqsetleri ta'biyattı kontservatsiyalaw sıpatında ko'zge ko'rinedi. Texnotsentrizm bolsa insan sanasının' qu'diretine iseniw negizinde ilimiy ratsionalizm tiykarında ju'zege keledi. Bul ideya ta'reptarları resurslardı g'a'rezsiz bo'listiriwdi, siyasatshılardı h'a'm ja'miyetshilikti bul iske aralastırmawg'a umtıladı. Barlıq texnotsentristlik qatnaslar ja'miyet h'a'm ta'biyat g'arezsizligi ideyalarına tiykarlanadı. Bunday «sheklenbegen rawajlanıw» h'a'r qanday jollar menen ekonomikalıq o'siw ideyaları texnokratikalıq optimizmge tiykarlanadı.

Bulardan basqa da, ju'da' ko'p qatnas jasaw (podxod)lar bar. Envayromentalistlerdin' bul toparının' tiykarg'ı ideyaları h'a'm kontseptsiyaları ekologiyalıq mashqalalardı sheshiwge qaratılg'an h'a'r qıylı adminstrativlik, h'uqıqıy h'a'm ekonomikalıq ila'jlar, texnikalıq h'a'm texnologiyalıq jan'alıqlarda o'z ko'rinisin tabadı.

Envayromentalistlerdin' «aralıq toparı» abıroyının' ku'sheyiwi, postindustrial ja'miyettin' texnokratik doktrinaları «texnotron era», «molshılıq tsivilizatsiyası» h'a'm 60-jıllardag'ı «nolli o'siw», «sheklengen rawajlanıw» kontseptsiyalarının' o'zgeriwin ta'miyinleydi.

Zamanago'y alarmistlik bag'dar ko'leminde bolsa ekologiyalıq ortalıqtın' sotsiallıq tiykarların seziw h'a'm «ekologiyalıq ma'deniyattı» jaratıwg'a urınıw baqlanadı. Zamanago'y alarmistlerdin' pikirinshe, qorshag'an ortalıq mashqalaların tu'siniw ushın ekologiyalıq tariyxtı biliwge tiykarlanıwı lazım boladı. Tariyxıy jag'daylardı biliw bolsa optimal variantlardı qollaw imkaniyatın beredi.

Zamanago'y texnotsentristler XX a'sirdin' 90-jılları ortalarında insaniyat tariyxında gen injeneriyası jen'isleri menen baylanıslı revolyutsiyanın' ju'z bergenligin ja'riya qıldı. Bul biologiyalıq ko'p tu'rlilikti saqlaw mashqalalarının' sheshilgenligi h'aqqındag'ı tu'siniklerdin' tiykarı boldı. Biraq, ma'selenin' basqa ta'repi bolıp, ekolog alımlardın' pikirinshe insaniyat ushın u'lken qa'wip tuwdıradı h'a'm keleshekte insanlardın' birinshi h'a'm ekinshi sortqa bo'liniwine alıp keledi dep bildirdi.

Sonı da atap o'tiw kerek, joqarıdag'ı qatnas jasawlardın' ideyalıq qarsılıqlarına qaramastan ilimiy ja'ma'a't h'a'm xalıq aralıq ja'miyetshilik insan h'a'm ta'biyattın' o'z-ara baylanıslılıg'ın atap o'tedi.

Bunda insan h'a'm ta'biyat sisteması qatnasıqları eki qarsılıqlı tendentsiyag'a tiykarlanadı. Bir ta'repten, insaniyat «ekinshi ta'biyattı» jaratıw barısında ta'biyattın' stixiyalı ku'shlerge baylanıslılıg'ın kemeytedi, al ekinshi ta'repten insan xızmeti tarawına ilajı barınsha ko'birek ta'biyiy baylıqlar h'a'm qubılıslar iske qosıladı.

Ulıwma alg'anda adamzat ja'miyeti ta'biyat penen u'zliksiz h'a'm ko'p ta'repleme baylanıslarg'a iye. Bul tendentsiya insannın' ta'biyatqa baylanıslılıg'ının' o'siwin ko'rsetedi. Biraq, sonı da atap o'tiw kerek, insandı

qorshap turg'an ta'biyiy ortalıq onın' xızmet bag'darı, forması h'a'm ko'lemine baylanıslı boladı.

3. Ta'biyattan aqılg'a muwapıq paydalanıw tu'sinigi ken' ma'niste, «**ta'biyattan paydalanıw ekonomikası**» tu'sinigin keltirip shıg'ardı. Bul tu'sinik o'zinde ta'biyiy resurslardın' sheklengenligin, islep shıg'arıwdın' ken'eyiwin h'a'm jer qabıg'ının' pataslanıwı menen baylanıslı sotsiallıq turmıstag'ı protsess h'a'm h'a'diyselerdi o'zinde biriktirdi.

**Ta'biyattan paydalanıw ekonomikası** - ta'biyattag'ı zat almasıw turaqlılıg'ı, dinamikalıq ten'-salmaqlılıqtı ta'miyinlew sha'rayatında ta'biyatqa za'rerli ta'sirlerdin' aldın alıw h'a'm kemeyttiriwdin' jolların h'a'm usılların u'yrenetug'ın g'a'rezsiz pa'n bolıp esaplanadı. Bul pa'n ta'biyattan aqılg'a muwapıq paydalanıwdın' ulıwma printsiplerin, ekologiyalıq-ekonomikalıq dizimlerin qarjılastırıw jag'dayların izertleydi.

Bolajaq geograflardın', ekonomistlerdin' ekologiyalıq-ekonomikalıq bilimleri, ekonomikalıq bilimler dizimindegi birden-bir ta'biyattan paydalanıw ekonomikası pa'nin u'yreniw arqalı toplanadı. Keyingi wakıtları bazar qatnasıqlarına o'tiwge baylanıslı ta'biyattan aqılg'a muwapıq paydalanıwdı u'yreniw en' a'h'miyetli wazıypa bolmaqta. Sebebi, ekonomikalıq reformalardın' barısı h'a'm onı na'tiyjeli a'melge asırıw jolları, ekologiyalıq faktorlar h'a'm ta'biyiy sha'rayatlarg'a tikkeley baylanıslı boladı.

**Ta'biyattan paydalanıw ekonomikası -** pa'ni basqa pa'nler menen o'z-ara baylanısta rawajlanbaqta. Bul pa'nler qatarına ekonomikalıq bilim tiykarları, ekonomika tariyxı, tarawlar ekonomikası, statistika, miynet ekonomikası h'a'm sotsiologiyası, ekonomikalıq h'a'm ta'biyiy geografiyanı kiritiwge boladı.

**Ta'biyattan paydalanıw ekonomikası -** bul pa'nlerdin' ilimiy usılları h'a'm juwmaqlarınan paydalanıw menen birge olardı o'zinin' tabısları menen bayıtıp baradı. Ta'biyattan paydalanıw ekonomikası kursında ilimiy usıllar kompleksinen paydalanıladı, olarg'a balans, kartografiyalıq h'a'm matematikalıq modellestiriw, statistika h'a'm salıstırıw usılları mısal bola aladı. Bul usıllardan basqa tan'law tiykarında u'yreniw, generalizatsiya usıllarınan da paydalınadı. Ha'mme usıllar bir-birinen ajıralmag'an jag'dayda, o'z-ara birgelikte qollanıladı.

Ha'r qanday pa'nde bolg'anı sıyaqlı ta'biyattan paydalanıw ekonomikası pa'ni de o'z izertlewlerinde ta'biyat h'a'm ja'miyet nızamlıqlarının' teoriyalıq h'a'm a'meliy na'tiyjelerine tiykarlanadı. O'ndiristi h'a'm insandı qorshap turg'an ta'biyiy ortalıq o'zgeriwshen' bolıp, ta'biyattan paydalanıw ekonomikası usınday sha'rayatta ta'biyiy resurs h'a'm qorshag'an ortalıqtı qorg'awdın' qolaylı sheshimlerin tabıwg'a bag'darlang'an.

Solay etip, G'Ta'biyattan paydalanıw ekonomikasıG' pa'ninin' izertlew obekti - insan h'a'm onın' jasaw ortalıg'ı, ba'rqulla o'zgeriwshen' ta'biyiy sha'rayatları, qorshag'an ortalıqtan ja'miyet ma'pleri ushın paydalanıw da'rejesine aytıladı.

## Tiykarg'ı tayanısh tu'sinikler

**Ta'biyat -** pu'tin barlıq, ta'biyiy sha'rayatlar jıyındısı.

**Geografiyalık ortalıq -** jerdin' geografiyalıq qabıg'ı. Litosfera, gidrosfera, atmosfera, biosferadan ibarat.

**Envayromentologiya -** qorshag'an ortalıq h'aqqındag'ı kompleksli pa'n.

**Exotsentristler -** ja'miyetti rawajlandırıw maqsetlerinde ta'biyattı kontservatsiyalaw sıpatında payda bolıwın qollap quwatlawshı ag'ım ta'reptarları.

**Texnotsentrizm -** insan sanası qudretine iseniw, ilimiy ratsionalizm negizinde payda bolg'an taliymat.

**Alarmislik bag'dar -** ekologiyalıq ma'deniyattı jaratıwg'a urınıw.

**Ta'biyattan paydalanıwdın' ekonomikası** pa'ninin' obekti - insan h'a'm onın' jasaw ortalıg'ı, ba'rqulla o'zgeriwshen' ta'biyiy sha'rayatları, qorshag'an ta'biyiy ortalıqtan ja'miyet ma'pleri jolında paydalanıw da'rejesi.

## Ta'kirarlaw ushın sorawlar h'a'm tapsırmalar

1. Ta'biyattı korg'aw degende neni tu'sinesiz?
2. Ta'biyat, ta'biyiy ortalıq, korshag'an ortalıq h'a'm geografiyalıq ortalıq tu'siniklerinin' parqı nede?
3. Ta'biyattan paydalanıw h'a'm onın' ekologiyalıq aqıbetlerin tu'sindirip berin'.

## Test sorawları

1. Ta'biyat degenimiz ne?
   A. Adamzat ja'miyetinin' jasawı ushın za'ru'r bolg'an ta'biyiy sha'rayatlardın' birligi.
   V. Bir-biri menen tıg'ız baylanıslı bolg'an quramalı jer qabıg'ı.
   S. Qurg'aqlıqtın' insan ta'repinen o'zlestirilgen bo'limi, yag'nıy insan jasaytug'ın ortalıq.
   D. Qurg'aqlıqtag'ı lanshaftlardın' rawajlanıw h'a'm payda bolıw oblastı.
2. Geografiyalıq qabıq tu'sinigi -
   A. Qurg'aqlıqtag'ı lanshaftlardın' rawajlanıw h'a'm payda bolıw oblastı.
   V. Genetikalıq birligi, geologiyalıq du'zilisi, relefi, klimatının' birgelikligi, birqıylı gidrotermikalıq jag'dayı, topırag'ı, biotsenozg'a iye jer qabıg'ı.
   S. Landshaft qabıg'ı.
   D. Bir-biri menen baylanıslı bolg'an quramalı jer qabıqları.
3. Lanshaft denenimiz ne?
   A. Belgili qorshag'an ta'biyiy ortalıqta adamlardın' jasaw jag'dayı.
   V. Ta'biyiy shegaralarg'a iye, genetikalıq birligi, geologiyalıq du'zilisi, relefi, klimatı birgelkiligi, gidrotermikalıq jag'dayı, topırag'ı, biotsenoz qatlamına iye bolg'an jer betinin' ma'lim bir bo'limi.
   S. Du'nya ta'biyatı
   D. Geografiyalıq qabıqtın' insan ta'repinen o'zlestirilgen bo'limi, yag'nıy insan jasaytug'ın bo'limi.
4. Ta'biyattan paydalanıw degenimiz -

A. İnsan o'z miyneti arqasında, fiziologiyalıq, ruwxıy h'a'm materiallıq talaplardı qanaatlandırıwı h'a'm qorshag'an ortalıq penen energiya almasıw protsessine aytıladı.
V. Ta'biyat h'a'm insan baylanısları na'tiyjesinde energiya almasıwdı o'z ishine aladı.
S. Barlıg'ı durıs.
D. Ta'biyattan paydalanıw - ta'biyiy resurslar imkaniyatınan paydalanıwdın' barlıq tu'rleri h'a'm onı saqlaw ila'jlarının' kompleksi.

5. Texnotsentrizm degenimiz ne?
A. İnsan talabı h'a'm uqıplıg'ın oraylıq orında qoyıwshı ta'liymat.
V. İnsan sanasının' qudiretine iseniw, ilimiy ratsionalizm negizinde payda bolg'an ta'liymat.
S. Barlıg'ı natuwrı.
D. Ekologiyalıq ma'deniyattı jaratıwdı urınıwshı ta'liymat.

## O'NDIRISTE TA'BIYIY RESURSLARDIN' ORNI, A'H'MIYETI H'A'M OLARG'A EKONOMIKALIQ BAH'A BERIW

Reje

1. Ta'biyiy resurslardın' tiykarg'ı tu'rleri h'a'm olardın' klassifikatsiyası.
2. Ta'biyiy resurslarg'a ekonomikalıq bah'a beriwdin' teoriyalıq tiykarları.
3. O'zbekstan respublikası ta'biyiy resurslarına ekonomikalıq bah'a.

**Ta'biyiy resurslar** - ta'biyat elementleri bolıp, sotsiallıq islep shıg'arıwdın' h'a'zirgi rawajlanıw da'rejesinde ja'miyet mu'ta'jliklerin qanaatlandırıwda paydalanıp atırg'an ta'biyiy sha'rayatlar kompleksinin' bir bo'limi, ta'biyiy ortalıqtın' a'h'miyetli komponentleri esaplanadı. Yag'nıy adamzat ja'miyetinin' jasawı ushın xojalıqta paydalanatug'ın ta'biyat elementleri bolıp, olarg'a qolaylı klimat sha'rayatları, topırag'ı, tog'ay h'a'm o'simlikleri, h'aywanat du'nyası, mineral shiyki zatlar h'.t.b. kiredi.

Ta'biyiy resurslar ta'biyattan paydalanıwdın' baslı obekti esaplanadı h'a'm olar paydalanıwg'a h'a'm o'ndiris protsessine tartıladı. Ta'biyiy resurslardan paydalanıw menen bir qatarda olardı qorg'aw h'a'm saqlawg'a bag'darlang'an xızmet payda boladı.

Ta'biyiy resurslardın' payda bolıwının' ta'biyiy protsess ekenligi h'a'm onın' u'lken ekonomikalıq a'h'miyetin esapqa alıp, to'mendegishe klassifikatsiyag'a bo'linedi:

**1. Ta'biyiy (genetik) klassifikatsiya**: ta'biyiy resurslardın' ta'biyiy toparlarına qarap klassifikatsiyası: mineral (paydalı qazılmalar) resurslar; suw, jer (sol qatarı topıraq), o'simlik (sol qatarı tog'ay), h'aywanat du'nyası, klimat resursları; energiya resursları (quyashtın' nur shashıwı h'a'm ıssılıg'ı, jerdin' ishki energiyası h'.b.); biologiyalıq (o'simlik h'a'm h'aywanat du'nyası) resurslar kiredi.

**2. Ta'biyiy resurslardın' ekologiyalıq klassifikatsiyası -** olardın' tawsılıwı h'a'm tawsılmawına qarap to'mendegi tu'rlerge bo'linedi.

*Tawsılmaytug'ın ta'biyiy resurslar* - h'a'zir h'a'm jaqın keleshekte insan ta'repinen o'zlestiriw na'tiyjesinde tawsılmaytug'ın resurslar (quyash energiyası, jerdin' ishki energiyası, suw h'a'm h'awa energiyası).

*Tawsılatug'ın qayta tiklenbeytug'ın ta'biyiy resurslar* **-** u'zliksiz paydalanıw na'tiyjesinde resurs qorları ekonomikalıq maqsetlerde qollap bolmaytug'ın h'a'm qayta tiklenbey qalatug'ın resurslar. Mineral resurslar da usılar qatarına kiredi.

*Tawsılatug'ın qayta tiklenetug'ın ta'biyiy resurslar* - tikleniw qa'biletine iye resurslar. Mısalı: suw, o'simlik h'a'm h'aywanat resursları kiredi. Bul toparg'a juda' a'stelik penen qayta tiklenetug'ın resurslar (jerdin' h'asıldarlıg'ı h'a'm o'nimdarlıg'ı, joqarı sapalı ag'ash beriwshi tog'ay resursları) da kiredi.

Ta'biyiy resurslar xojalıqta paydalanıw imkaniyatlarına qarap to'mendegi toparlarg'a bo'linedi:

**3. Paydalanıwdın' texnikalıq imkaniyatlarına qarap ta'biyiy resurslar**:

*Real* – o'ndiris protsessinde paydalanıp atırg'an ta'biyiy resurslar. *Potentsial* – ilimiy-izertlew h'a'm baqlaw jumısları tiykarında anıqlang'an, ja'miyettin' texnikalıq rawajlanıw da'rejesi h'a'zirgi ku'nde olardan paydalanıw imkaniyatların beretug'ın h'a'm sonın' menen birge waqtınsha olardan paydalanıw imkaniyatın bermeytug'ın resurslar kiredi. Resurslardın' almastırılıwı ekonomikalıq jaqtan maqsetke muwapıqlıg'ına qarap alternativlik h'a'm alternativlik emes tu'rlerge bo'linedi.

*Alternativi bar* ta'biyiy resurslarg'a otın-energetika resursları kiredi. Ol janılg'ı resurslarının' basqa tu'rleri menen almastırılıwı mu'mkin.

*Alternativi joq* ta'biyiy resurslarg'a atmosfera h'awası, dushshı suwlar kiredi. Ta'biyiy resurslardan u'nemli paydalanıwda olardın' usı qa'siyetlerine itibar beriw kerek.

Ta'biyiy resurslarg'a ekonomikalıq bah'a beriwde h'a'm olardın' ekonomikalıq a'h'miyetin bah'alawda olardan xojalıqta paydalanıw tu'ri h'a'm bag'darına qaray da klassifikatsiyalanadı. Bul klassifikatsiyanın' ko'rsetkishi sıpatında resurslardın' materiallıq o'ndiris h'a'm materiallıq emes tarawlarına tiyisliligine qarap bo'linedi.

Usı belgige qaray ta'biyiy resurslar sanaat h'a'm awıl-xojalıg'ı islep shıg'arıwı resurslarına bo'linedi.

*Sanaatlıq o'ndiris resurslarına* o'ndiriste paydalanatug'ın barlıq ta'biyiy resurslar kiredi. Biraq, sonıda atap o'tiw kerek, sanaat o'ndirisinin' ko'p tarmaqlı ekenligi sebepli ta'biyiy resurslar h'a'm ko'p tu'rlerge bo'linedi.

*1. Energetikalıq ta'biyiy resurslar* - energiya o'ndiriwde paydalanılatug'ın ta'biyiy shiyki zatlardın' barlıq tu'rleri:

- janıwshı ta'biyiy qazılmalar (neft, gaz, ko'mir h'.t. basqa).
- gidroenergiyalıq resurslar (da'rya, suw energiyası h'.t. basqa).
- bioenergiya derekleri (ag'ash, awıl-xojalıg'ında alınatug'ın biogaz h'.t.b.).
- yadro energiyası derekleri (uran h'a'm basqa readiaktiv elementler).

*2. Energetikalıq emes resurslar* - sanaattın' tu'rli tarawlarına shiyki zat beriwshi h'a'm o'ndiristin' texnikalıq qa'siyetlerine qaray qatnasatug'ın resurslar tu'rleri:

- rudalı h'a'm rudalı emes ta'biyiy resurslar.

- sanaat o’ndirisinde qollanılatug’ın suw resurslar.
- sanaat obektleri h’a’m infrastrukturalar astındag’ı jerler.
- sanaat a’h’miyetine iye tog’ay resursları.
- sanaat a’h’miyetine iye biologiyalıq resurslar.

3. Awıl-xojalıg’ı o’ndirisi resurslarına awıl-xojalıq o’nimlerin o’ndiriwde qatnasatug’ın ta’biyiy resurslar tu’rleri:

- agroklimatlıq resurslar - ma’deniy o’simliklerdin’ rawajlanıwı h’a’m sharwashılıqtı ot-jem menen ta’miyinlewde kerekli ıssılıq h’a’m ıg’allıq resursları.
- topıraq, jer resursları - biomassa o’ndiriw qa’siyetlerine iye jer h’a’m topıraqtın’ u’stin’gi qatlamı.
- o’simlik, biologiyalıq resurslar - ot-jem h’a’m basqa maqsetler ushın paydalanatug’ın azıqlıq resursları.
- suw resursları – tiykarının suwg’arıwda paydalanılatug’ın dushshı suwlar.

*Materiallıq emes (xızmet ko’rsetiw) tarawı resurslarına* - ta’biyiy ortalıqtan rekreatsiyalıq maqsetler ushın (dem alıw, turizm, sport, qorıqxana xojalıg’ı h’.t.b.) paydalanılatug’ın resurslar.

Ta’biyiy resurslardı ta’biyiy h’a’m ekonomikalıq jaqtan klassifikatsiyalaw olardan tu’rli maqsetlerde paydalanıw yamasa olardın’ alternativliligin tabıw imkanın beredi. Ta’biyattan aqılg’a muwapıq paydalanıw h’a’m olardın’ ayrım tu’rlerin saqlaw jolların ko’rsetedi.

Ta’biyiy resurslardan paydalanıw tu’rlerinin’ o’z-ara baylanıslılıg’ına qaray ta’biyiy resurslar to’mendegishe klassifikatsiyalanadı:

- bir maqset jolında paydalanılatug’ın ta’biyiy resurslar.
- ko’p maqsetli ta’biyiy resurslar, bularg’a suw h’a’m jer resursları kiredi.

Ta’biyiy resurslardın’ basqa toparların da ajıratıp ko’rsetiwimiz mu’mkin. Bug’an resurs qorlarının’ u’lken yamasa kishi ekenligine qaray ta’biyiy resurslar to’mendegishe ajratılıdı.

- ju’da’ iri (ma’mleketlik a’h’miyetke iye).
- iri (rayonlar-ara h’a’m regionallıq a’h’miyetke iye).
- onshelli u’lken bolmag’an (jergilikli a’h’miyetke iye) ta’biyiy resurlar.

Joqarıdag’ılar menen birgelikte ta’biyiy resurslardın’ ta’biyiy o’zgesheliklerin h’a’m xojalıqtag’ı a’h’miyetin esapqa alıp ishki klassifikatsiyaları da islep shıg’ılg’an. Mısal retinde da’ryalardı meliorativ jaqtan klassifikatsiyalag’anda ag’ımın ta’rtiplestiriw da’rejesine qarap toparlarg’a bo’liw h’a’m t.b.

O’ndiriste paydalanıw bag’darların o’zinde sa’wlelendiriwshi geologiyalıq-ekonomikalıq klassifikatsiya h’a’zirgi waqıtta ken’ qollanıladı-

- otın-energetikalıq shiyki zatlar (neft, gaz, ko’mir, uran h’.t.b.).
- qara, legirlewshi h’a’m qıyın eriytug’ın metallar (temir rudaları, marganets, xrom, kobalt, volfram h’.t.basqa).
- qımbat bah’alı metallar (altın, gu’mis h’a’m platinoidlar).
- ximiyalıq h’a’m agronomiyalıq shiyki zatlar (kaliy duzları, fosforitler, apatitler h’.b.).
- texnikalıq shiyki zatlar (almaz, asbest, h’a’m t b.).

Bazar qatnasıqlarına o'tiw da'wirinde ta'biyiy shiyki zatlar menen sawda qılıwdı belgilewshi klassifikatsiyalardan da paydalanıladı. Bulardın' arasında to'mendegilerdi ajıratıp ko'rsetiw mu'mkin.

- strategiyalıq a'h'miyetke iye resurslar menen sawda qatnaslarının' jolg'a qoyılıwı ma'mlekettin' qorg'anıw qu'diretinin' pa'seyiwine alıp keledi (uran h'.t. basqa radioaktiv rudalar).

- eksport a'h'miyetine iye valyuta tu'simlerin ta'miyinleytug'ın resurslar (neft, almaz, altın h'a'm t b.).

- ishki bazar resursları (mineral, qurılıs shiyki zatları).

Joqarıdag'ılardan ko'rinip turg'anınday, ta'biyiy resurslardı klassifikatsiyalawdı paydalanıw olardın' tu'rli toparı, genetikalıq sıpatlaması, xojalıqta paydalanıw imkaniyatları, u'yreniliw da'rejesi, olardan aqılg'a muwapıq paydalanıw h'a'm saqlaw jolların tabıw imkanın beredi. Mısalı: o'ndiris protsesslerine tiklenbeytug'ın resurslardı tartıwda olardan aqılg'a muwapıq paydalanıw, tolıq h'a'm kompleksli qayta islewge itibar qaratılıw kerek boladı. Tiklenetug'ın resurslardan paydalanıwda pataslanıwdın' tu'rli jollarının' aldın alıwg'a h'a'm h'a'r ta'repleme qayta tiklewge itibardı ku'sheytiw lazım.

**II. Ta'biyiy resurslarg'a ekonomikalıq bah'a beriwdin' teoriyalıq tiykarları.**

Ekonomikanın' teoriyası h'a'm praktikasında bah'alaw termini filosofiyalıq kategoriya bolg'an «qun» tu'sinigi menen bir qatarg'a qoyılg'an. Yag'nıy ta'biyiy resurslardı bah'alaw ulıwma filosofiyalıq ko'z-qarastan kelip shıg'ıp, resurslarg'a ta'n o'zgesheliklerdi insanlar alg'a su'rgen «qun» kriteriyaları menen salıstırıwdı na'zerde tutadı. İnsan talaplarının' tu'rlerine qaray «qun» materiallıq, sotsiallıq, siyasiy, estetikalıq h'a'm basqa tu'rlerde bolıwı mu'mkin. Sonlıqtan bular to'mendegishe ajıratıladı.

- **Ekonomikalıq bah'alaw** - ekonomikalıq ko'rsetkishlerde belgilengen o'ndiris h'a'm tutınıw arqalı sotsiallıq talaplardı qanaatlandırıwg'a xızmet qılatug'ın ta'biyiy resurslardın' effektivligin anıqlaw.

- **Ekonomikalıq emes bah'alaw** - ta'biyiy resurslardın' ekonomikalıq ko'rsetkishlerinde belgilenbegen ekologiyalıq, estetikalıq, ma'deniy h'a'm basqa qunın anıqlaw. Ekonomikalıq emes bah'alaw arasında texnologiyalıq (o'ndirislik) bah'alawdı ko'rsetiw mu'mkin. Sebebi ol bir tu'rdegi ekonomikalıq resurslar ishindegi ta'biyiy ayırmashılıqlardı anıqlawg'a mo'lsherlenedi (mıs: neft sortları, ko'mir tu'rleri h'.t.b.).

Bah'alaw variantları onın' tu'rli ko'rsetkishlerinen paydalanıwdı talap etedi, bular to'mendegishe:

- natural (tonna, kub metr, gektar h'.t.b.).

- ballarda (resurs dereklerinin' salıstırmalı ko'lemin h'a'm olardın' xojalıqtag'ı a'h'miyetin bah'alaw).

- bah'alı (pul ko'rinisindegi bah'alaw resurslardın' bazar bah'aların anıqlawda, ta'biyiy resurslardan paydalang'anlıg'ı ushın to'lemlerdi to'lewde h'a'm ekonomikalıq zıyandı anıqlawda paydalanıw).

Bah'alaw obekti sıpatında ayrıqsha tu'rdegi resurslardın' derekleri (paydalı qazılmalardın' ka'nleri, tog'ay massivleri, suw derekleri, jer uchastkaları h'.t.b.)

shıg'ıwı mu'mkin. Bunday jag'dayda bah'alaw taraw sıpatına iye boladı. Taraw ishindegi ko'rinisti bah'alawdan tısqarı regionallıq bah'alawdın' da a'h'miyeti u'lken. Bul bah'alaw anaw yamasa mınaw territoriyanın' barlıq resurslarının' kompleksin - **ta'biyiy resurslardın' aymaqlıq kontsentratsiyasın** (TRAK) bah'alaydı.

TRAK tu'rli resurslardın' belgili territoriyada jaylasqan keleshekte kompleks tipinde o'zlestiriw h'a'm paydalanıw maqsetindegi derekleri sıpatında anıqlanadı. TRAK-tın' ulıwma ko'lemi aymaqlar (rayon, region, ma'mleket)dın' ta'biiy resurs imkaniyatların belgileydi.

Bah'alaw kriteriyaların ekonomikalıq bah'alawda eki tu'rli jandasıwdı ajıratıp ko'rsetiw mu'mkin.

1. **Qa'rejetli qatnas jasaw** - resurslar dereklerinin' qunı, olardan paydalanıwg'a ketken ulıwma qa'rejetlerinin' ko'lemi menen o'lsheniwde ko'rinedi.

2. **Rentalı qatnas jasaw -** belgili bir tu'rdegi resurs dereklerinen paydalanıwda onnan to'menirek resurslarg'a salıstırg'anda alıng'an qosımsha ekonomikalıq paydanı anıqlawg'a tiykarlanadı.

Bul jag'daylardın' mazmunın anıg'ıraq analiz qılamız. Ta'biyiy resurslardın' ekonomikalıq qunı to'mendegi qa'rejetli jandasıwlar arqalı anıqlanadı.

**1. Tikkeley qa'rejetlerge qaray bah'alaw usılı** - resurs dereklerin o'zlestiriw h'a'm olardan paydalanıwg'a ketetug'ın qa'rejetlerdi xoshametlew.

**2. Qa'rejetlerge qaray bah'alaw usılı** - bunda resurs dereklerin o'zlestiriwdegi finanslıq qa'rejetler menen birge, onnan paydalanıwda ju'zege keletug'ın zıyandı da esapqa aladı. Bul qatnas jasawdın' tiykarg'ı o'zgeshelikleri to'mendegiler:

**- Jog'altılg'an na'tiyje printsipine qaray bah'alaw** - bunda bir ta'biyiy resurs dereginen ekinshisinin' paydası ushın bas keshiw (mısalı, suw saqlag'ıshtı qurıw menen birge, sanalı tu'rde suw saqlag'ısh jaylasqan jerden bas keshiw). Solay etip, awıl-xojalıg'ı o'ndirisinen jiberilgen imkaniyat usı jer maydanının' qunın belgileydi. Bul usıl alternativalı bah'alaw tu'sinigi menen baylanıslı.

**- To'lewdi qa'lew usılı** - bul usıl xalıqqa anketa tarqatıw arqalı anıqlanadı. Anketa sawalları belgili bir tu'rdegi ta'biyiy resurslardın' (jog'alıp baratırg'an o'simlik h'a'm h'aywanat turleri) bolıwı sha'rtligi anıqlanadı. Bul usıl bazar qatnasıqları jeterli da'rejede rawajlanbag'an jag'dayda xızmet ko'rsetedi, sebebi ekologiyalıq qa'dir-qımbatına iye bioresurslardı (mıs: da'rya h'a'm onın' rekratsion imkaniyatların, taza suw) saqlap qalıw ushın sol jerdegi xalıqtan to'lemlerdi to'lew tilek h'a'm imkaniyatları soraw arqalı anıqlanadı.

**- Transport qa'rejetleri usılı** - resurs obektine jetiw ushın kerekli bolg'an u'zliksiz h'a'm waqtınshalıq qa'rejetler tiykarında resurs da'rejesinin' ekonomikalıq a'h'miyetin anıqlaydı.

**- Rentalı qatnas jasaw** - ta'biyiy resurslardı bah'alawda defferentsial renta kontseptsiyasına tiykarlanadı. Resurs derekleri o'zlerinin' ko'lemi h'a'm sapa ko'rsetkishlerine qaray, qa'rejet birligine salıstarg'anda birdey payda defferentsial renta keltirmeydi. Sonlıqtan ja'miyet bul resurslardı o'zlestiriw ushın kerekli

mug'darda qa'rejet ajıratadı. Qa'rejetlerdin' bul normadan artıwı maqsetke muwapıq emes dep esaplanadı.

**Sh. O'zbekstan Respublikası ta'biyiy resurslarına ekonomikalıq bah'a beriw.** O'zbekstan territoriyasınan juda' u'lken mug'darda mineral shiyki zat resursları qazıp alınadı. Respublikanın' ta'biyiy sha'rayatları da o'zine ta'n esaplanadı. Bunın' unamlı ta'repleri ekonomikanı erkinlestiriw jag'dayında u'lken imkaniyatlardın' bar ekenliginen derek beredi. Joqarıdag'ılardı esapqa alıp, da'slep ma'mlekettin' ta'biyiy resurslarına, keyin ala onın' ta'biyiy sha'rayatlarına ekonomikalıq bah'a beriledi.

Burıng'ı adminstrativlik-buyrıqpazlıq ekonomikası jag'dayında paydalı qazılma ka'nlerin anıqlaw h'a'm olardan na'tiyjeli paydalanıw ma'selelerine jeterli da'rejede itibar berilmes edi. Respublikamızda tiykarınan klimat, jer-suw resurslarınan paydalanılıp, resurslarımız bir ta'repleme paxta shiyki zatın jetistiriwge qa'niygelesken edi. Basqa tarawlar, a'sirese paydalı qazılma ka'nlerin anıqlaw h'a'm onnan u'nemli paydalanıw ma'selelerine jeterli da'rejede itibar berilmedi. Respublikamız g'a'rezsizlikke eriskennen keyin G'O'zbekstan xalqı janajan u'lkedegi sheksiz baylıqtın' ma'ngilikke iyesi bolıp qaldıG'. (İ.A.Karimov, 1999).

O'zbekstanda «Ha'zirge deyin 2700 den zıyat tu'rli paydalı qazılma ka'nleri anıqlanıp, 100 ge jaqın mineral shiyki zat tu'rlerin o'z ishine aladı. Sonnan 60 tan aslamı o'ndiriske tartılg'an. 900 dan aslam h'a'rqıylı ka'nler qıdırıp tabılıp, ulıwma zapası 970 mlrd. AQSh dolların quraydı. O'zbekstannın' ulıwma mineral shiyki zat potentsialı 3,3 trln dollardan aslamıraq bah'alanadı. Ma'mleket g'a'rezsizligin bekkemlewge ko'mek beriwshi aqmiyetli strategiyalıq derekler esaplang'an neft,gaz kondentsatı h'a'm ta'biyiy gaz boyınsha 155 ka'n, qımbat bah'alı metallar boyınsha 40-tan aslam, ren'li, qıyın eriytug'ın, radioaktiv metallar boyınsha 40, taw-ka'n ximiya shiyki zatı boyınsha 15 ka'n qıdırıp tabılg'an» (İ.A.Karimov, 1997).

Ekonomikanı erkinlestiriw basqıshında O'zbekstanda mineral shiyki zatlardı qazıp alıw h'a'm qayta islew jetekshi tarawlardan biri bolıp ekonomikanı rawajlandırıwg'a unamlı ta'sirin tiygizbekte.

Mineral shiyki zat resursları xalıq xojalıg'ında paydalanılıwına qaray: janılg'ı-energetika resurları, metalllar(qara, ren'li h'a'm h'asıl metallar), metall emes paydalı qazılmalar (taw ximiyası shiyki zatı) h'a'm qurılıs shiykizatlarına bo'linedi.

***Janılg'ı-energetika resursları.*** Respublikamızda siyrek ushıraytug'ın janılg'ı energetika resurslarına iye. İzertlenilgen gaz qorları 2 trln. $m^3$, ko'mir 2 mlrd., neft 350 mln. tonnadan artıq. Neft h'a'm gaz qorları respublika talapların tolıq qanaatlandıradı h'a'm onı eksport qılıw imkaniyatına iye. Qa'niygelerdin' izertlewlerine qarag'anda O'zbekstannın' jer astında juda' u'lken neft h'a'm gaz qatlamları jaylaskan bolıp olardan U'stirt, Buxara-Xiywa, Tu'slik-Batıs Gissar, Surxanda'rya, Ferg'ana regionların ajıratıp ko'rsetsek boladı. İzertlenilgen zapaslar respublika talabın ta'biyiy gaz benen 35 jıl, neft penen 30 jıl ta'miyinlew imkanına iye.

Nefttin' 90 % ten artıg'ı en' arzan fontan usılında alınbaqta. O'zbekstannın' neft h'a'm gaz ka'nleri bir qansha ko'rsetkishler, tiykarınan qudıqlardın' o'nimdarlıg'ı h'a'm o'ndiriwdin' o'zine tu'ser bah'ası boyınsha qon'sı regionlardag'ı ka'nlerden sezilerli da'rejede ajıralıp turadı. Bul bolsa, olardın' na'tiyjeli islewine h'a'm joqarı payda alıwına imkaniyat beredi. Sonın' menen birge neft qorların o'ndiriwge sarplanatug'ın qosımsha qa'rejetler onsha ko'p bolmay, neftti qazıp alıw, tayarlaw h'a'm tasıw ushın infrastruktura tarmaqların du'ziw za'ru'rligi joq esaplanadı.

O'zbekstandag'ı neft qorlarının' qazıp alınıw da'rejesi 32 %ti quraydı. Bul ko'rsetkish Turkmenstanda 61 %ke, Qırg'ızstanda 41 %ke, Ta'jikstanda 60 %ke ten'. Ta'biyiy gaz boyınsha da usınday ko'rsetkishke iye. O'zbekstannın' neft h'a'm gaz o'ndiriletug'ın regionlarında rawajlang'an infrastruktura qa'lipleskenligin esapqa alg'anda, usı faktorlar olardı ja'ne de rawajlandırıw h'a'm investitsiyalar qoyıw ushın qolaylı ekenligin bildiredi.

Respublika gaz qazıp alıw sanaatın h'a'mde ta'biyiy gazdi h'a'm gaz kondensatın qayta islew menen baylanıslı islep shıg'arıwdı rawajlandırıwdın' u'lken imkaniyatları bar. En' iri gaz ka'nleri Tu'slik– Batıs Gissar h'a'm Buxara-Xiywa neft h'a'm Gazli rayonlarında jaylasqan bolıp, bular Shortan h'a'm Muba'rek gruppalarına kiriwshi ka'nler esaplanadı.

O'zbekstan u'lken ko'mir qorlarına iye bolıp, Oraylıq Aziyada ekinshi orında turadı. O'zbekstanda ko'mir Angren, Shargun h'a'm Baysun ka'nlerinen qazıp alınıp, ulıwma qorı 2 mlrd. tonnanı quraydı. Bulardın' arasında Angren ko'mir ka'ni en' kem ushıraytug'ın ka'n esaplanadı. Bul jerde ko'mir ka'nleri aldın'g'ı, ekonomikalıq jaqtan na'tiyjeli usıllardan 150-250 m shuqırlıqtag'ı ko'mir qatlamlarınan ashıq usılda (karer), jer astı (shaxta) usılında h'a'm jer astında gazge aylandırıw usılında qazıp alınbaqta.

**Qara, ren'li, siyrek ushıraytug'ın h'a'm h'asıl metallar.** O'zbekstanda qara metallar qatarına kiriwshi temir, marganets h'a'm xrom rudalarının' qorları anıqlang'an. Qa'niygelerdin' esaplawlarına qarag'anda temirdin' 200 den artıq ka'nleri ilimiy tiykarlang'an, biraq sanaat tiykarında paydalanıwg'a imkaniyatı joq.

Ha'zirgi waqıtta O'zbekstanda 40 tan artıq qımbat bah'alı metall ka'nleri qıdırıp tabılg'an. Olar ishinde altın ulken a'h'miyetke iye. Altın qorları boyınsha O'zbekstan du'nyada 4-shi orında, o'ndiriw boyınsha 7-shi orında turadı. Olardan biri Amerikanın' «Nyumont Mayning Korporeyshn» kompaniyası (qu'nı 200 mln. dollar) qatnasında du'zilgen. Bul kompaniya o'zinin' jan'a zamanago'y texnologiyalardan paydalanıp atırg'anlıg'ı sebepli unamlı na'tiyje bermekte. Altın ka'nleri Murıntaw, Ajibugut, Bulutkan, Balpantaw, Arıstantaw, Turbay, Angren, Chadaq, Almalıq h'a'm t.b. ka'nleriden o'ndirilmekte.

O'zbekstanda mıs, qorg'asın, tsink, volfram, qalayı h'a'm t.b. 15-ten aslam ren'li metallar (altın, gu'mis, molibden, tellur, selen, kobalt, nikel, osmiy h'a'm t.b.) o'ndiriledi. Usı rudalardın' ko'p tu'rleri ekonomikalıq jaqtan na'tiyjeli ashıq usılda o'ndiriledi. Ren'li metallar tiykarınan Almalıq, U'shqulash (Jizzax), Xondiza (Surxanda'rya) h'a'm basqa qatar ka'nlerden o'ndirilmekte.

O'zbekstan Respublikası mıs qorları boyınsha du'nyada 10-11-shi orında turadı. Mıs rudaları tiykarınan Angren-Almalıq taw-ka'n sanaatı rayonında

toplang'an. Qalmaqqır ka'ni mıs-molibden rudaların o'ndiriwde shet ellerdegi usı tu'rdegi ka'rxanalardan aldında turadı. Sarichekuv h'a'm Dalnee ka'nleri de aldag'ı waqıtta ken' paydalanıw mu'mkinshiligine iye.

Qorg'asın-tsink tiykarınan Jizzax wa'layatının' U'shqulash, Surxanda'rya wa'layatının' Xondiza ka'nlerinde toplang'an. Usı ka'nlerden tısqarı qorları az bolg'an ka'nler de anıqlang'an, bunday ka'nler Tashkent, Surxanda'rya wa'layatları aymaqlarında jaylasqan.

O'zbekstanda mineral shiykizat resursları ishinde ayrıqsha h'a'm strategiyalıq a'h'miyetke iye bolg'anı uran bolıp esaplanadı. Uran qorları boyınsha O'zbekstan Respublikası du'nyada 7-8 orında turadı. Anıqlang'an uran qorları 60-70 jıl paydalanıw imkaniyatın beredi.

Respublika ekonomikasında volframnın' u'lken a'h'miyeti bolıp, qa'niygelerdin' esaplawlarına qarag'anda O'zbekstanda volfram o'ndiriwshi 10-g'a jaqın ka'n h'a'm 140-tan aslam minerallar jaylasqan orınlar anıqlang'an. Olardın' tiykarg'ı qorları Tashkent h'a'm Samarqand wa'layatları aymaqlarında jaylasqan. Molibden, qalayı, vismut, sınap h'a'm surmanın' Qubla h'a'm Orta Tyan-Shan taw dizbeklerine kiretug'ın Qaratepe, Langar, Quytas, İngichka, Sargardon h'a'm basqa ka'nleri bolıp, 20-g'a jaqın molibdenli formatsiya h'a'm olardın' tu'rleri anıqlang'an.

Usı tu'rdegi mineral shiyki zatlardı to'mendegi tu'rlerge ajıratıw mu'mkin: taw-ruda shiyki zatı, taw-ximiya shiyki zatı, qurılıs materialları h'a'm basqalar kiredi. Respublikada kaolin, h'a'k tası, kvarts qumları, tas qatıspalar h'a'm basqa kem ushıraytug'ın elementler de qazıp alınbaqta. Bulardan sanaattın' ko'plegen tarawlarında otqa shıdamlı materiallar, keramikalıq qaplamalar, bezew plitkaları, elektr izolyatorlar, drenaj h'a'm kanalizatsiya qubırları, aq tsement, gerbish islep shıg'arıw imkaniyatına iye.

Respublikada 20 mramor, 15 granit ka'nleri anıqlang'an. Qaplama taslardın' ulıwma zapası 85 mln. $m^3$ den artadı. Olar respublika qurılıs sanaatın ushın taslardı qayta isleytug'ın ka'rxanalardı ju'z jıllar dawamında shiykizat penen ta'miyinley aladı.

**Gidro-mineral baylıqlar.** O'zbekstannın' gidro-mineral baylıqlarına onın' jer astı suwları kiredi. Respublika aymag'ında tarqalg'an taw jınıslarının' ko'pshiliginde suw qatlamları bar. Qa'niygelerdin' mag'lıwmatlarına qarag'anda respublika aymag'ında 100-den aslam jer astı suw ka'nleri anıqlang'an. Ha'zirde 350-den aslam bulaq suwlarınan xalıqtı suw menen ta'miyinlewde paydalanılmaqta.

Qurılıs materiallarının' 370-den aslam ka'nleri esapqa alıng'an. Olardın' 31 tsement shiykizatı, 29 qaplama tas, 13 keramzit, 39 qurılıs tasları, 175 gerbish shiykizatı, 22 beton ushın qum h'a'm silikat buyımları, 3 shiyshe shiykizatı h'a'm basqa ka'nler bolıp tabıladı.

**Taw-ximiya shiyki zatı** qatarına fosforitler, ta'biyiy duz h'a'm soda, agroximiya shiykizatları kiredi, olardan sulfat, kaliy, as duzı ka'nleri qazıp alınbaqta. Barsakelmes, Aqqala, Tubakat, Baybisheka'n h'a'm Xojayka'nde as duzının' tawsılmas qorları jaylasqan. Jeroy-Sardara fosforit ka'nindegi anıqlang'an qorı 100 mln. t. quraydı. Fosforit qorlarının' u'lkenligi fosforlı to'ginlerdin'

ko'plep o'ndiriliwine h'a'm onı eksport qılıw imkaniyatlarının' ken'eyiwine u'lken jol ashadı.

O'zbekstandag'ı paydalı qazılma ka'nleri birqansha unamlı qa'siyetlerge iye. Bular to'mendegiler:

- ta'biyiy h'a'm mineral shiyki zat qorları iri ka'nlerde toplang'an, olardı qazıp alıng'an orınnın' o'zinde kompleksli qayta islew imkaniyatına iye;
- ko'plegen paydalı qazılmalar quramında paydalı komponentler joqarı h'a'm olar u'lken mug'darda joldas elementlerge iye;
- ka'nlerdin' ko'pshiliginen ashıq usılda, salıstırmalı tu'rde a'piwayı texnologiyalar tiykarında paydalanıladı. Usı jag'day du'nya bazarında joqarı qariydarlı o'nim alıwdı ta'miyinleydi;
- ko'pshilik paydalı qazılma ka'nleri xalıq tıg'ız jasaytug'ın, jaqsı o'zlestirilgen aymaqlarda jaylasqan. Olar transport jollarına h'a'm aymaqlar ortasında resurslardı tasıw qurallarına, atap aytqanda suyıq h'a'm gaz h'alındag'ı paydalı qazılmalar ushın qubır transportına iye;
- respublikada o'ndiris h'a'm sotsial infrastruktura, joqarı da'rejedegi qa'niygeler, taw-ka'n qa'niygeleri tayarlaytug'ın joqarı h'am orta arnawlı bilim orınlarının' bar ekenligi h'a'm t.b.

O'zbekstan maydanının' u'lkenligi h'a'm geografiyalıq jaylasqan ornına qaray o'zine ta'n sha'rayatlarg'a iye. Respublika aymag'ının' tiykarg'ı bo'limi tegislikler (75%) h'a'm tawlardan (25%), taw aldı aymaqlarınan ibarat. Klimatı keskin kontinental bolıp, iyul ayının' ortasha temperaturası 30-31$^0$S, yanvar ayının' temperaturası -2-3$^0$S-tı quraydı. Jıllıq jawın-shashın mug'darı ortasha 100-300 mm do'gereginde bolıp, vegetatsiya da'wiri uzaq dawam etedi. Usının' na'tiyjesinde jılına eki-u'sh ma'rtebe o'nim alıw imkanına iye. Biraq? klimattın' qurg'aq bolıwı jasalma tu'rde suwg'arıwdı talap etedi. Respublikasının' 44,8 mln. ga jerinen 4,2 mln. ga suwg'arılatug'ın, qalg'an jerler sha'rtli suwg'arıp egiliwge jaramlı jerler bolıp, ma'mleketimiz ekonomikasın rawajlandırıwda ayrıqsha a'h'miyetke iye. Usı jerlerdin' ko'pshiligi Ferg'ana alabında, Zarafshan alabında h'a'm A'miwda'ryanın' to'mengi ag'ımın iyelegen. Suwg'arılatug'ın jerlerdin' 3 %in avtomorf (iri da'ryalardın' deltaları, o'zlestirilgen alaplar, taw aldı tegislikleri) topıraqlar, qalg'anları gidromorf h'alındag'ı topıraqlardan ibarat. Sonlıqtan bunday jerlerdin' ko'pshiligi (75%) shorlanıwg'a ushırag'an jerler esaplanıp, joqarı meliorativlik ilajlardı alıp barıwdı talap etedi. Qa'niygelerdin' pikirinshe, meliorativlik jag'daydag'ı maydanlar barlıq egin maydanlarının' 3 %in qurawı tiyis. Bunday norma egin maydanlarının' ekologiyalıq jag'dayın jaqsılıwg'a alıp keledi. Jerlerdin' sheklengenligi sebepli onın' sapa ko'rsetkishi menen baylanıslı qa'wip artıp barmaqta. Suwg'arılatug'ın jerlerden tısqarı suwg'arılmaytug'ın sho'l aymaqları da bar. Sho'llerde ta'biyiy jaylawlar ken' tarqalg'anlıg'ı sebepli qarako'l qoyların bag'ıw rawajlang'an. Qa'niygelerdin' esaplawlarına qarag'anda O'zbekstan jaylawlarında 10 mln. basqa shekem qarako'l qoyların bag'ıw imkaniyatına iye.

O'zbekstan Respublikasının' suw resursları da'ryalar, sel ag'ımı, kanallar, ko'ller h'a'm suw saqlag'ısh suwlarınan quraladı. Tiykarg'ı suw deregi da'ryalar bolıp tabıladı. Jer u'sti suw resursları 4 mln. ga jerdi suwg'arıwg'a, jer astı suw

resursları 1 mln. ga jerdi suwg'arıw imkanın beredi. Ulıwma respublika boyınsha suw qorları 5 mln. ga jerdi suwlandıradı. Biraq, son'g'ı waqıtlarda suwlardın' jetispewshiligi anıq sezilmekte. Sonlıqtan, suw resurslarınan u'nemli paydalanıw da'wir talabı bolıwı tiyis, sebebi iri da'ryalardın' barlıg'ı Oraylıq Aziyanın' g'a'rezsiz ma'mleketleri Ta'jikstan h'a'm Qırg'ızstan respublikaları aymaqlarınan baslanadı. Du'nya praktikasında ta'jiriybeden o'tken suwg'arıwdın' en' aldın'g'ı h'a'm zamanago'y usıllarınan paydalanıw maqsetke muwapıq bolıp esaplanadı.

Da'ryalar suwg'arıwdan tısqarı elektr quwatı deregi sıpatında a'h'miyeti u'lken. Respublikamız da'ryalarının' ulıwma quwatı 12 mln. kVt/saat bolıp, jılına 107 mlrd. kVt/saat elektr energiya o'ndiriw mu'mkinshiligine iye.

O'zbekstan Respublikasının' ta'biyiy resursları h'a'm ta'biyiy sha'rayatın analiz etiw arqalı to'mendegi juwmaqlardı keltirip shıg'arıwg'a imkaniyat beredi:

- O'zbekstan Respublikası ekonomikanı erkinlestiriw ushın ju'da' u'lken ta'biyiy resurs potentsialına iye.
- Ta'biyiy resurs potentsialınan u'nemli paydalanıw h'a'm ekologiyalıq jag'daydı salamatlastırıwdı na'zerde tutıw.
- Ta'biyiy resurs potentsialınan (jer-suw resursları) paydalanıwda Oraylıq Aziya ma'mleketleri ortasında birge islesiwdi ku'sheytiw.
- Aral ten'izi regionındag'ı ulıwma ekologiyalıq jag'dayg'a h'a'm g'a'rezsiz ma'mleketlerdin' ekonomikalıq rawajlanıwına keri ta'sir etip atırg'anlıg'ı sebepli onı saqlap qalıwg'a h'a'm du'nya ja'miyetshiliginin' itibarın tartıw.
- Ta'biyiy resurs potentsialınan paydalanıwda xalıqtı sotsiallıq qorg'aw printsipine u'lken dıqqat awdarıw.

### Tiykarg'ı tayanısh tu'sinikler

**Ta'biyiy resurslar** - ta'biyat elementleri, sotsiallıq o'ndiristin' h'a'zirgi rawajlanıw da'rejesinde ja'miyet talapların qanaatlandırıwda paydalanılatug'ın (yamasa paydalanılıwı mu'mkin bolg'an) ta'biyiy sha'rayatlar kompleksinin' bir bo'limi, ta'biyiy ortalıqtın' a'h'miyetli komponentleri.

**Biologiyalıq resurslar** – o'simlik h'a'm h'aywanat du'nyası resursları.

**Tawsılmaytug'ın ta'biyiy resurslar** – h'a'zir h'a'm jaqın keleshekte insan ta'repinen o'zlestiriw na'tiyjesinde tawsılmaytug'ın resurslar.

**Tawsılatug'ın tiklenbeytug'ın ta'biyiy resurlar** – aqılg'a muwapıq paydalanbaw natiyjesinde qorlardı ekonomikalıq maqsetlerde paydalanıp bolmaytug'ın h'a'm tiklenbeytug'ın resurslar.

**Tawsılatug'ın tiklenetug'ın ta'biyiy resurslar** – tikleniw qa'siyetine iye bolg'an resurslar.

**Real resurslar** – o'ndiris ku'shlerinin' h'a'zirgi rawajlanıw da'rejesinde paydalanılıp atırg'an ta'biyiy resurslar.

**Potentsial resurslar** – qorları anıqlang'an, ja'miyettin' rawajlanıw da'rejesi olardan paydalanıw imkaniyatın beretug'ın yamasa waqtınsha bermeytug'ın resurslar.

**Ekonomikalıq bah'alaw** – ekonomikalıq ko'rsetkishlerde sa'wlelengen o'ndiris h'a'm tutınıw arqalı sotsiallıq talaplardı qanaatlandırıwg'a xızmet qılatug'ın ta'biyiy resurslardın' paydalılıg'ın anıqlaw.

**Ekonomikalıq emes bah'alaw** – ta'biyiy resurslardın' ekonomikalıq ko'rsetkishlerde sa'wlelenbegen ekologiyalıq, estetikalıq, ma'deniy h'a'm basqa qunın anıqlaw.

## Ta'kirarlaw ushın sorawlar h'a'm tapsırmalar

1. Ta'biyiy resurs degenimiz ne?
2. Qanday ta'biyiy resurslardı bilesiz?
3. Real h'a'm potentsial resurslar degenimiz ne?
4. Ta'biyiy resurslardın' ekologiyalıq klassifikatsiyası tuwralı nelerdi bilesiz?
5. Ta'biyiy resurslar ne ushın ekonomikalıq jaqtan bah'alanadı?
6. Ta'biyiy resurslardı bah'alawdın' qanday tu'rlerin bilesiz?
7. Ekonomikalıq emes bah'alaw degen ne?
8. O'zin'iz jasap atırg'an aymaqtın' ta'biyiy resursları h'a'm ta'biyiy sha'rayatın bah'alan'.

## Test sorawları

1. Ta'biyiy resurslardın' ekologiyalıq klassifikatsiyası qaysı qa'siyetine qaray bo'linedi?
   A. Ta'biyiy resurslardın' tawsılıw h'a'm tawsılmawına qarap.
   V. Ekologiyalıq jag'dayının' to'menligine qarap.
   S. Sanaatlıq a'h'miyetine iye ekenligine qarap.
   D. Sanaat o'ndirisinde qollanılıw jag'dayına qarap.
2. Energetikalıq ta'biyiy resurslarg'a neler kiredi?
   A. Janıwshı ta'biyiy qazılmalar (neft, gaz, ko'mir h'a'm t.b).
   V. Gidroenergiyalıq resurslar (da'rya, suw energiyası h'a'm t.b.).
   S. Ha'mmesi tuwrı.
   D. Yadro energiyası derekleri (uran h'a'm basqa readiaktiv elementler).
3. Tawsılmaytug'ın ta'biyiy resurslarg'a neler kiredi?
   A. Quyash energiyası, jerdin' ishki energiyası, suw h'a'm h'awa energiyası.
   V. Mineral resurslar.
   S. Barlıq juwap durıs.
   D. Suw, o'simlik, h'aywanat resursları, tog'ay resursları.
4. Tawsılatug'ın, qayta tiklenbeytug'ın ta'biyiy resurslardı anıqlan'.
   A. Quyash energiyası, jerdin' ishki energiyası, suw h'a'm h'awa energiyası.
   B. Mineral resurslar.
   S. Barlıq juwap durıs.
   D. Suw, o'simlik, h'aywanat resursları, tog'ay resursları.
5. Paydalanıwdın' texnik imkaniyatlarına qaray ta'biyiy resurslar to'mendegishe bo'linedi
   A. Tiklenetug'ın, tiklenbeytug'ın.
   B. Qayta tiklenetug'ın.
   S. Real, potentsial.
   D. A h'a'm B juwabı durıs.
6. Alternativligi bar resurslarg'a neler kiredi
   A. Janılg'ı energetikalıq resurslar.

V. Atmosfera h’awası, dushshı suwlar.
S. Mineral resurslar.
D. Barlıq resurslar kiredi.

7. Ta’biyiy resurslar xojalıq a’h’miyetine qaray qanday sha’rtli toparg’a bo’linedi
A. Energetikalıq, energetikalıq emes.
V. Materiallıq h’a’m materiallıq emes.
S. A h’a’m B juwabı.
D. Ju’da’ u’lken (ma’mleketlik a’h’miyetke iye), u’lken (regional a’h’miyetke iye), onsha u’lken bolmag’an (jergilikli a’h’miyetke iye).

8. Bah’alaw kriteriyaları boyınsha ekonomikalıq bah’alaw tu’rlerin ko’rsetin’
A. Qa’rejetli qatnas.
B. Rentalı qatnas.
S. Materiallıq qatnas.
D. A h’a’m B juwap.

9. «Ekonomikalıq bah’alaw» tu’sinigi - bul…
A. Ekonomikalıq ko’rsetkishlerde berilgen o’ndirislik h’a’m tutınıw arqalı sotsiallıq talaptı qanaatlandırıwg’a xızmet qılıwshı ta’biyiy resurslardın’ paydalılıg’ın anıqlaw.
B. Ta’biyiy resurslardın’ ekonomikalıq ko’rsetkishlerde ko’rsetilmegen ekologiyalıq, estetik, ma’deniy bah’alılıqtı anıqlaw.
S. A h’a’m B juwabı durıs.
D. Ja’miyetlik o’ndiriste ta’biyiy resurslardın’ tutqan ornın anıqlaw.

10 . «Ekonomikalıq emes bah’alaw» tu’sinigi -
A. Ekonomikalıq ko’rsetkishlerde berilgen o’ndirislik h’a’m tutınıw arqalı sotsiallıq talaptı qanaatlandırıwg’a xızmet qılıwshı ta’biyiy resurslardın’ paydalılıg’ın anıqlaw.
B. Ta’biyiy resurslardın’ ekonomikalıq ko’rsetkishlerde ko’rsetilmegen ekologiyalıq, estetik, ma’deniy bah’alılıqtı anıqlaw.
S. A h’a’m B juwabı durıs.
D. Ja’miyetlik o’ndiriste ta’biyiy resurslardın’ tutqan ornın anıqlaw.

## TA’BIYATTAN PAYDALANIWDI BASQARIW H’A’M TA’BIYIY ORTALIQTI NIZAMLI QORG’AW

Reje

1. Ta’biyattan paydalanıwdı basqarıw h’a’m onın’ a’h’miyeti.
2. Ta’biyattan paydalanıwdı basqarıwdın’ h’uqıqıy tiykarları.
3. Ta’biyattan paydalanıwdı basqarıwdın’ ma’mleketlik institutsional mexanizmi.

1. **Basqarıw** - sistema turaqlılıg’ın saqlaw maqsetindegi ta’rtiplestiriwshi ila’jlardın’ kompleksi.

- Ta’biyattan paydalanıwdı basqarıw termini 80-90-jıllarda da’stu’rge kirip keldi. Rim klubının’ islerinde basqarıw ma’selesi tiykarg’ı ma’selelerden esaplanadı.

**Basqarıwdın' maqseti** - ekologiyalıq qa'wipsiz, turaqlı rawajlanıwdı ta'miyinlew bolıp esaplanadı.

Basqarıw sistemalarının' sapası olardın' aldına qoyg'an maqseti h'a'm anıq aymaqtın' o'zine ta'n o'zgeshelikleri menen anıqlanadı. Bul o'z gezeginde ta'biyattan paydalanıwdın' o'zine ta'nligin bildiredi yamasa onı *aymaqlastırıwdı* talap etedi. Ta'biyattan paydalanıwdı basqarıw sistemaları og'an ta'sir etiwshi basqarıw usılları menen de baylanısı boladı.

Basqarıw usılların tan'law onın' informatsiyalıq h'a'm normativlik h'uqıqıy tiykarlarına su'yenedi. Solay etip, ta'biyattan paydalanıw sisteması basqarıwdı sho'lkemlestiriw o'z ishine:

- ekosiyasattı qa'liplestiriw;
- ekosiyasat maqsetleri h'a'm wazıypaların faktorlastırıw, tiykarg'ı bas bag'darlardı belgilew;
- ta'biyattan paydalanıw strategiyasın islep shıg'ıw;
- basqarıw metodların tan'law;
- ta'biyattan paydalanıwdı basqarıwdın' informatsiyalıq h'a'm normativlik h'uqıqıy ta'miyinleniwin jaratıw;
- ta'biyattan paydalanıw tarawında basqarıwdı ta'miyinlew ushın institutsional infrastruktura jaratıw;

Ta'biyattan paydalanıwdı basqarıw degende ekologiyanı yamasa ta'biyiy protsesslerli basqarıw emes, al belgili bir territoriyalardın' ta'biyiy sistemalarına baylanıslı jag'daydag'ı insanlar xızmetin basqarıwdı tu'sinemiz.

Sonlıqtan, sotsial-ekologiyalıq-ekonomikalıq sistemalardı sho'lkemlestiriwde *basqarıw* tu'siniginin' ornına *bag'darlang'an rawajlanıw* tu'sinigin qollansa maqsetke muwapıq.

Bag'darlang'an rawajlanıw basqarıwdan o'zgesheligi o'zinde tu'rli maqsetlerdi birlestiriwshi h'a'reketti sa'wlelendiriw menen birge rawajlanıwg'a ulıwma bag'dar beriwshi qadag'alawshı h'a'm normativ tizimler menen sheklenedi.

**Ekologiyalıq siyasat:** Ekosiyasat - bul a'tirapımızdag'ı ta'biyiy ortalıqqa salıstırg'andag'ı siyasat. Bul termin aqırg'ı 15-20 jıl ishinde tez kirip keldi. Bunday sha'rayatta siyasat degende belgili bir maqsetlerge erisiw h'aqqındag'ı ma'mlekettin' aldına qoyg'an – ta'biyattı qorg'aw h'a'm onnan paydalanıw wazıypaları h'a'm og'an erisiw jolları tu'siniledi.

Ekosiyasat termininin' payda bolıwı insaniyat ta'repinen siyasattag'ı u'shinshi o'lshemi - ekologiyalıq o'lshemnin' payda bolıwın ta'n alıw bolsa, sonın' menen birgelikte ma'mlekettin' tiykarg'ı, ekonomikalıq h'a'm ekologiyalıq maqset h'a'm wazıypalarının' bir pu'tin siseması sıpatında ko'riniwi bolıp tabıladı.

N.F.Reymers (1994) boyınsha ekosiyasat ierarxiyası to'rt basqıshtan ibarat:

1. *Xalıq aralıq global ekosiyasat.* Du'nya ju'zi ta'biyiy resurslarının' potentsialı h'a'm olardın' global jaylasıwı, sotsial-ekonomikalıq rawajlanıwdag'ı ekologiyalıq sheklewlerdi esapqa alg'an jag'dayda xalıq aralıq-h'uqıqıy siyasat h'a'm sırtqı siyasat aktsiyaların o'tkeriw.

2. *Regional ekosiyasat.* Bul siyasat kontinent, subkontinent h'a'm du'nyanın' iri regionları (Evropa, Jer Orta ten'izi, Dunay basseyni, Aral boyı territoriyaları)

shegaralıq qorıqxanalardı payda etiw, h'a'r tu'rli pataslanıwlardı, qa'wiplerdin' suw arqalı o'tiwin qadag'alaw maqsetinde ma'mleketler-aralıq birge islesiw h'a'm janlı ta'biyiy resurslardı (an' awlawda, balıqshılıqta) awlawdın' regionallıq o'lshemlerin ornatıwdı ko'zde tutadı.

3. *Milliy (ma'mleketlik) ekosiyasat.* Bul siyasat territoriyalardın' (akvatoriya h'a'm h'awa boslıg'ı) ta'biyiy resurs potentsialı h'a'm ekologiyalıq jag'dayg'a baylanıslı xalıq aralıq sha'rtnamalar h'a'm sotsial-ekonomikalıq basqarıw sheshimlerin qabıl etiw h'a'm a'melge asırıwdı na'zerde tutadı.

4. *Lokal (jergilikli) ekosiyasat.* Bul siyasat ma'mlekettin' ekologiyalıq siyasatına say bolıp, kishi territoriyalıq birlespelerdi (ekonomikalıq rayon, siyasiy-adminstrativlik birlik) o'z ishine aladı.

Ekosiyasattın' maqset h'a'm wazıypaları global h'a'm milliy da'rejelerde belgilenip, regional o'zgesheliklerine qaray anıqlıq kiritiledi. Ekosiyasat maqseti h'a'm wazıypaları arasında orınlanıwı tiyis bolg'anları anıqlanadı.

O'zbekstan Respublikasının' ekologiyalıq siyasatı onın' h'a'zirgi waqıtta alıp barıp atırg'an ma'mleketlik siyasatının' maqset h'a'm ma'plerine tikkeley sa'ykes keliwi sha'rt. Yag'nıy respublikada sotsial bag'darlang'an bazar qatnasların rawajlandırıw strategiyası O'zbekstan ekosiyasatın qa'liplestiriwde tiykarg'ı u'stinlikke iye bolıwı kerek. Ekosiyasattı a'melge asırıwda ma'mlekettin' ornı u'lken. Sırt el ta'jiriybelerinde de a'sirese usı jag'day bah'alanadı. Ma'mleket ken' ko'lemdegi ekologiyalıq nızamshılıq aktlerine h'a'm onı baqlawdın' arnawlı sho'lkemlerine iye boladı.

O'zbekstannın' ekosiyasatı ta'biyattın' ayrıqsha komponentlerin qorg'awdan ekosistemalardı qorg'awg'a o'tiwde h'a'm insan ushın mu'na'sip turmıs sha'rayatların jaratıwda ko'rinedi. Bul siyasattın' a'melge asırılıwı respublika xalıq xojalıg'ının' joqarı rawajlanıwın ta'miyinlewde u'lken a'h'miyetke iye boladı.

BMSh-nın' (1992-j. Rio-de-Janeyro) «XXI ku'n ta'rtibi» h'u'jjetlerinde «Qorshag'an ortalıq h'a'm rawajlanıw» xalıq aralıq konferentsiyasında turaqlı rawajlanıwdın' tiykarg'ı printsipleri du'nya ja'miyetshiligi ta'repinen islep shıg'ıldı.

O'zbekstanda G'Qorshag'an ortalıqtı qorg'aw h'a'm ta'biyiy resurslardan aqılg'a muwapıq paydalanıw 2005-jılg'a shekemgi belgilengen ma'mleketlik da'stu'riG' h'a'm «Ta'biyattı qorg'aw h'a'm O'zbekstan Respublikasının' turaqlı rawajlanıwının' ekologiyalıq ta'miyinleniwinin' milliy rejesi» islep shıg'ıldı.

Bul h'u'jjetlerde respublikanın' ekologiyalıq siyasatı, onın' maqsetleri turaqlı rawajlanıwdın' tiykarg'ı printsipleri h'a'm bag'darları anıqlang'an, h'a'zirgi h'a'm keleshek da'stu'rleri, ta'biyattı qorg'aw bag'darları h'a'm insan ushın mu'na'sip jasaw sharayatın jaratıw jolları belgilengen.

O'zbekstan Respublikasının' ta'biyattan paydalanıw tarawındag'ı strategiyalıq maqsetlerine to'mendegiler:

- Xalıqtın' genetik salamatlıg'ın saqlaw;
- Ekologiyalıq qa'wipsizlikti saqlaw;
- «İnsan-o'ndiris-qorshag'an ortalıq» o'z-ara baylanıslılıg'ın ta'miyinlewshi ekologiyalıq, ekonomikalıq h'a'm sotsiallıq siyasattın' birigiwine erisiw;

- Qorshag'an ortalıqtı tiklew h'a'm onı qorg'awda bekkem finans resursların qa'liplestiriw, sonday-aq ta'biyiy resurs potentsialın tiklew;

- Qorshag'an ortalıqtı qorg'aw h'a'm ta'biyiy resurslardan paydalanıwdın' ekonomikalıq mexanizmlerin jetilistiriw;

- Ta'biyattan paydalanıwshılar ushın ekonomikalıq xoshametlew ila'jların qollaw imkaniyatların jaratıw;

- O'zbekstannın' ta'biyiy resurs potentsialınan u'nemli paydalanıw;

- Bioh'a'rtu'rlilikti saqlaw.

Ha'zirgi ku'nde ekosiyasattın' en' a'h'miyetli wazıypalarınan biri - ekologiyalıq ta'repten qolaysız aymaqlar Surxanda'rya wa'layatında (Ta'jikstan alyuminiy zavodı), Tashkent h'a'm Ferg'ana walayatlarının' Ta'jikstan h'a'm Qırg'ızstan Respublikaları menen shegaralas territoriyaları (radioaktiv shıg'ındılar), Aral boyında (Aral ten'izinin' qurıwı) insan salamatlıg'ı h'a'm ekosistemalar ushın qolaylı sha'rayattı jaratıw bolıp esaplanadı.

Ekosiyasattı a'melge asırıwda ishki h'a'm sırtqı obektiv faktorlarg'a tiykarlanadı h'a'mde anıq h'a'reket bag'darı belgilenedi. Mısalı, ta'biyattı qorg'aw nızamshılıg'ının' bir pu'tin sistemasın, ekologiyalıq o'lshemlerin xojalıq xızmetinin' xalıq-aralıq ekologiyalıq standartlarg'a o'tiwi, ta'biyattan paydalanıw tarawında basqarıwdın' na'tiyjeli du'zilisin qa'liplestiriw h'a'm t.b.

Belgilengen bag'darlar tiykarında olardı a'melge asırıw mexanizmi h'a'm anıq usılları - *ekologiyalıq siyasat dastekleri* anıqlanadı. Ekosiyasattın' 40-lag'an da'stekleri bolıp olar fiskal h'a'm fiskal emes tu'rlerge bo'linedi.

Fiskal emes da'stekler:

a) Ta'biyattan paydalanıwdın' h'uqıqıy ta'miyinleniwi.

b) Ekologiyalıq modellestiriw.

v) Ekologiyalıq ta'lim h'a'm ta'rtip.

Fiskal da'stekler 2 tu'rli boladı:

- Ma'mleket da'ramatları menen baylanıslı (ta'biyattan paydalanıwdı litsenziyalaw; salıqlar).

- Ma'mleket qa'rejetleri menen baylanıslı (ta'biyattan paydalanıwdag'ı maqsetli investitsiyalar, ekologiyalıq bag'dardag'ı ilimiy-texnikalıq ta'jiriybe konstruktorlıq isleri ma'mleket ta'repinen qollap-quwatlanıwı, ta'biyattı qorg'aw ila'jlarının' ma'mleket ta'repinen qarjılastırılıwı, ekologiyalıq da'stu'rler h'.t.b.)

- O'zbekstanda h'a'zirgi waqıtta ekologiyalıq siyasattı a'melge asırıwdın' a'h'miyetli mexanizmleri: h'uqıqıy, ekonomikalıq, adminstrativlik, xabar,

- Ta'biyattan paydalanıwdı basqarıwdın' h'uqıqıy mexanizmleri a'h'miyetli orın tutadı.

2. **Ta'biyattan paydalanıwdı basqarıwdın' h'uqıqıy tiykarları.** Nızam qorshag'an ortalıqtı qorg'amaydı, ol da'slep insan ma'plerin qorg'aydı. O'zbekstanda ta'biyattan paydalanıw h'a'm onı qorg'aw ma'seleleri a'zelden sha'riyat nızamlarına tiykarlang'an tu'rde basqarılıp kelingen. Tiykarg'ı h'u'jjet sıpatında quran h'a'm h'a'dislerden paydalang'an.

Burıng'ı Awqam da'wirinde ta'biyattı qorg'awdın' tiykarg'ı obekti bir pu'tin ta'biyiy kompleksler bolıp, bunı sol waqıttag'ı qabıl etilgen xu'jjetler h'a'm qararlardan bilsek boladı. Bul ko'rinis XX a'sirdin' 80-jıllarında ayırıqsha ajıralıp

turdı. Usı jıllarda ma'mlekettin' «Avariyalıq orınlarındag'ı» ekologiyalıq sha'rayatlardı jaqsılaw maqsetinde qatar nızamlar h'a'm qararlar qabıl qılındı. Olardan: Volga h'a'm Ural basseyni, Kaspiy, Baykal, Ladoga, Araldı qorg'aw h'a'm t.b. Bul da'wirde ta'biyattın' o'z aldına komponentlerin (jer h'a'm suw nızamshılıg'ı, ta'biyiy baylıqlar tuwralı nızamlar) qorg'aw boyınsha nızam h'a'm qararlar qabıl etildi.

G'a'rezsizliktin' da'slepki jıllarınan baslap O'zbekstanda ta'biyattan paydalanıw h'a'm onı qorg'aw O'zbekstan Respublikası Konstitutsiyası (1992-jıl 8-dekabr), O'zbekstan Respublikasının' «Ta'biyattı qorg'aw» h'aqqındag'ı nızamı (9-dekabr, 1992-j.), O'zbekstan Respublikası Prezidentinin' pa'rmanları h'a'm tapsırmaları, ta'biyattı qorg'aw h'aqqındag'ı xalıqaralıq sha'rtnamalar h'a'm kelisimlerge tiykarlanıp a'melge asırıladı.

O'zbekstan Respublikasının' «Ta'biyattı qorg'aw» h'aqqındag'ı nızamı (1992-j. 9-dekabr) - ta'biyattan paydalanıwdın' barlıq ma'selelerin o'z ishine alıwshı birinshi nızam boldı.

O'zbekstan Respublikasının' «Ta'biyattı qorg'aw» h'aqqındag'ı nızamı ta'biyattı qorg'aw h'a'm ta'biyattan aqılg'a muwapıq paydalanıwdın' h'uqıqıy, ekonomikalıq h'a'm sho'lkemlestiriw negizlerin belgileydi. Nızam insan h'a'm ta'biyat ortasındag'ı garmonikalıq baylanıslardı jolg'a qoyıwg'a, ekologiyalıq sistemalardı, ta'biyiy kompleksler h'a'm ta'biyiy obektlerdi qorg'awdı ta'miyinlewge bag'darlang'an. Bul nızam ma'mleketimizdin' ekologiyalıq Konstitutsiyası bolıp esaplanadı.

Ta'biyattı h'a'm ta'biyiy resurslardı qorg'aw h'aqqında qabıl etilip atırg'an barlıq h'uqıqıy h'u'jjetler usı bas nızamg'a tiykarlanıp islep shıg'ıladı.

Nızamnın' tiykarg'ı mazmunın ta'biyiy resurslarg'a bolg'an mu'lkshilik, ma'mleketlik h'a'kimiyat organlarının' ta'biyattan paydalanıw h'a'm onı qorg'aw h'aqqındag'ı wakalatları, qorshag'an ortalıq sıpatın normativlik reglamentlew, ta'biyiy resurslardan paydalanıwdı ta'rtiplestiriw; ekologiyalıq ekspertiza h'a'm qadag'alaw; ta'biyattan paydalanıwdın' ekonomikalıq sharaları; ta'biyattan paydalanıw ta'rtiplerin buzg'anlıg'ı ushın juwapkershilik h'a'm basqalar quraydı.

Ekologiyalıq h'uqıq sistemasının' zamanago'y quramı o'zinde anıq obektler boyınsha ta'biyattan paydalanıwdı ta'rtiplestiriwdi, qorshag'an ortalıqtı saqlaw h'a'm ekologiyalıq qa'wipsizlikti ta'rtiplestiriwdi o'z ishine aladı.

O'zbekstan Respublikasının' ekologiyalıq nızamshılıg'ı 2 bo'limnen ibarat:

**Ekologiyalıq nızamshılıq**

**Ulıwma bo'lim**

* «Ta'biyattı qorg'aw h'aqqındag'ı» nızam
* «Ekologiyalıq ekspertiza h'aqqındag'ı» nızam
* «Qorg'alatug'ın ta'biyiy aymaqlar h'aqqındag'ı» nızam

**Jeke bo'lim**

* Jer kodeksi
* Hawa kodeksi
* «Suw h'a'm suwdan paydalanıw» kodeksi

* «Tog’ay h’aqqında»g’ı nızam

* «Jer astı baylıqları h’aqqındag’ı» nızam

* «O’simlik du’nyasın qorg’aw h’a’m onnan paydalanıw h’aqqındag’ı» nızam

* «Haywanat du’nyasın qorg’aw h’a’m onnan paydalanıw h’aqqındag’ı».

Ekologiyalıq h’uqıq sisteması – ken’ ma’niste, ekologiyalıq nızamshılıq, nızamlı aktler sistemasın, sonday-aq sotsial qatnasıqlardın’ ekologiyalıq toparın ta’rtiplewshi h’a’r qanday normativ h’uqıqıy aktlerdi o’z ishine aladı.

**Ma’mleket ko’leminde** - bul nızamlar, pa’rmanlar Ministrler ken’esinin’ qararları, mekemelik qollanbalar h’a’m metodikalıq da’stu’rler.

**Region ko’leminde** - regionlar paydaların sa’wlelendiriwshi nızamlar, atqarıw h’a’m wa’killik h’a’kimiyatının’ qararları esaplanadı.

**Jergilikli ko’lemde** - adminstrativlik qararlar

**Ekologiyalıq nızamshılıq derekleri klassifikatsiyası:**

1. O’zbekstan Respublikasının’ Konstitutsiyası.
2. O’zbekstan Respublikasının’ nızamlı aktleri.
3. Prezident aktleri.
4. Ministrler Kabineti aktleri.
5. Ministrler h’a’m mekemeler aktleri h’a’m normativ aktler.

Ha’zirgi waqıtta ekologiyalıq nızamshılıqtı buzg’anlıg’ı ushın to’mendegi juwapkerlikler ko’zde tutılg’an.

* ta’rbiyalıq;

* materiallıq;

* adminstrativlik;

* jınayatlıq.

Ekologiyalıq nızamshılıqtı buzg’anlıg’ı ushın puqaralar h’a’m basshı lawazımdag’ılar adminstrativlik, materiallıq h’a’m jınayıy juwapkershilikke tartıladı. Ka’rxanalar, sho’lkemler, mekemeler-adminstrativlik, puqaralar-h’uqıqıy juwapkershilikke tartıladı.

Ta’jriybelerdin’ ko’rsetiwinshe ekologiyalıq nızamshılıqtı buzg’anlıg’ı ushın administrativlik juwapkershilik en’ ko’p qollanıladı. Ol keltirilgen za’reri ushın ja’riyma to’lewdi na’zerde tutadı. En’ jamanı o’ndiris potentsialın toqtatıp qoyıwı esaplanadı. Kemshilikler tarawdag’ı ja’riyma mug’darı h’a’m ekologiyalıq ma’deniyattin’ to’menligi menen belgilenedi.

**3. Ta’biyattan paydalanıwdı basqarıwdın’ ma’mleketlik institutsional mexanizmi**. Ta’biyattan paydalanıwdı basqarıw h’a’kimiyattın’ barlıq organları: nızamshılıq, atqarıwshı h’a’m sud organlarına tiyisli. Olardın’ h’a’r biri bul tarawda o’z wazıypasın atqaradı h’a’m ta’biyattan paydalanıwdı basqarıw boyınsha arnawlı bo’limleri bar.

O’zbekstan Respublikası Oliy Majlisinin’ ta’biyattı qorg’awg’a tiyisli maselelerdi ta’rtipke salıwdag’ı wa’kalatları to’mendegiler:

* Ta’biyattı qorg’aw tarawında ma’mleket siyasatının’ tiykarg’ı bag’darların belgilew;

* Ma’mleketlik ekologiyalıq da’stu’rlerdi tastıyıqlaw;

* Ta’biyattı qorg’aw tarawında respublika nızam h’u’jjetlerin islep shıg’ıw h’a’m qabıl etiw;

* Aymaqlardın' ayrıqsha ekologiyalıq jag'dayı, ekologiyalıq apatshılıq h'a'm ekologiyalıq dag'darıs regionları dep dag'aza qılıw, bunday regionlardın' nızamlı rejimin h'a'm ja'bir ko'rgenlerdin' statusın belgilew;

* Ta'biyattı qorg'awg'a tiyisli nızamlardın' orınlanıwın muwapıqlastırıp barıw;

* Ta'biyiy resurslardan paydalang'anlıg'ı ushın h'aqı alıwdın' en' ko'p, en' kem mug'darın, sonday-aq to'lemlerdi o'ndirip alıwdag'ı jen'illiklerdi belgilew;

O'zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin' ta'biyattı qorg'awdag'ı wa'kalatları:

* Ta'biyattı qorg'awg'a tiyisli birden bir siyasattı ju'ritiw;

* Ta'biyiy resurslardan paydalanıwdı ta'rtipke salıw;

* Ta'biyiy resurslarg'a qarag'anda ta'biyat kadastrı ju'ritiliw ta'rtibin belgilew h'a'm bunday kadastr ju'ritiliwin ta'miyinlew, respublika a'h'miyetine iye ta'biyiy resurslardın' qorların tastıyıqlaw;

* Ekologiyalıq jaqtan dag'darıslı jag'daylar, ta'biyiy apatlar h'a'm apatshılıqlardın' aldın alıw boyınsha ilajlardı islep shıg'ıw;

* Ta'biyiy apatlar h'a'm iri avariyalardın' aqıbetlerin saplastırıw ila'jların a'melge asırıw;

* Ta'biyiy resurslardan paydalang'anlıg'ı, qorshag'an ortalıqtı pataslandırg'anlıg'ı, zıyanlı ta'sir etiwshi shıg'ındılardı jaylastırıp taslag'anlıg'ı ushın h'aqı to'lew ta'rtibin, sonday-aq ta'biyiy resurslardan paydalanıw, shıg'ındılar jaylastırıw limitlerin belgilew;

* Ekologiya ta'rbiyası h'a'm bilim dizimin jaratıw h'a'mde onın' a'mel qılıwın ta'miyinlew;

* Ta'biyattan jeke ta'rtipte paydalanatug'ın aymaqlardın' shegaraların, ta'biyattı qorg'aw h'a'm xojalıq iskerligi rejimlerin tastıyıqlaw;

* Ta'biyattı qorg'aw h'a'm ta'biyattan paydalanıw tarawında ma'mleketler-aralıq qatnaslardı rawajlandırıw.

**Ma'mleket h'a'kimiyatı h'a'm jergilikli basqarıw mekemelerinin'** ta'biyattı qorg'aw tarawındag'ı wakalatları:

* O'z aymag'ında ta'biyattı qorg'awdın' tiykarg'ı bag'darların belgilew, regionnın' ekologiyalıq da'stu'rlerin tastıyıqlaw;

* Ta'biyiy resurslardı esapqa alıw h'a'm olardın' jag'dayına bah'a beriw, ekologiyalıq jaqtan zıyanlı bolg'an obektlerdi dizimge alıw;

* Ta'biyattı qorg'awg'a tiyisli ilajlardı materiallıq-texnikalıq jaqtan ta'miyinlew;

* Ta'biyiy resurslardan paydalanıw h'uqıqın beriwshi, sanaat shıg'ındıların h'a'm u'y shıg'ındıların toplaw h'a'm ko'mip taslawg'a ruxsatnamalardı belgilengen ta'rtipte beriw h'a'm olardı biykar qılıw;

* Ta'biyiy resurslardan paydalang'anlıg'ı ushın to'lemler o'ndiriw;

* Ta'biyattın' qorg'alıwı u'stinen qadag'alaw jurgiziw, qorshag'an ortalıqqa jetkizilip atırg'an jergilikli a'h'miyetke iye bolg'an obektler iskerligin waqtınsha h'a'm pu'tkilley toqtatıw h'a'm qayta qa'niygelestiriw h'aqqında qararlar qabıl etiw.

1996-jılı O'zbekstan Respublikası Ta'biyattı qorg'aw Ma'mleketlik Komitetinin' jan'a nızamı tastıyıqlandı. Komitettin' tiykarg'ı xızmeti mekemeler, ka'rxanalar, sho'lkemler, sonday-aq ayırım insanlar ta'repinen jer, jer astı baylıqları, suw, tog'ay, h'aywanat h'a'm o'simlik du'nyasınan, atmosfera h'awasınan paydalanıw h'a'mde olardı qorg'awg'a tiyisli nızamlarg'a a'mel qılınıwı u'stinen ma'mleketlik qadag'alawın a'melge asıradı.

Ta'biyattı qorg'awda O'zbekstan Respublikası den sawlıqtı saqlaw Ministrligi, İshki isler ministrligi, Awıl h'a'm suw xojalıg'ı ministrligi, Tog'ay xojalıg'ı ministrligi, Basgidromet, O'zbekstan Respublikası Geologiya ma'mleketlik komitetleri de aktiv qatnasadı.

## Tiykarg'ı tayanısh tu'sinikler

**Basqarıw -** tizim turaqlılıg'ın saqlaw maqsetinde ta'rtiplewshi ilajlar kompleksi.

**Ekologiyalıq siyasat - a'**tirapımızdag'ı qorshag'an ortalıqqa qaratılg'an siyasat.

**Bag'darlang'an rawajlandırıw -** o'zinde tu'rli maqsetlerdi birlestiriwshiler h'a'reketin toplaw menen birge rawajlanıwg'a ulıwma bag'dar beriwshi qadag'alang'an h'a'm normativ tizimler menen shekleniwshi siyasat.

**Global ekosiyasat** – du'nya ju'zi ta'biyiy resurslarının' potentsialı h'a'm olardın' global jaylasıwı, sotsial ekonomikalıq rawajlanıwdag'ı ekologiyalıq shekleniwlerdi esapqa alg'an h'alda xalıq aralıq h'uqıqıy siyasat h'a'm sırtqı siyasat aktsiyaların o'tkeriw.

**Regional ekosiyasat -** kontinent, subkontinent h'a'm du'nyanın' iri regionlarında tabiyattı qorg'aw h'a'm ta'biyattan paydalanıwdın' regional normaların ornatıwdı na'zerde tutıwshı siyasat.

**Milliy ekosiyasat** – aymaqlardın' ta'biyiy resurs potentsialı h'a'm ekologiyalıq jag'dayına baylanıslı xalıq aralıq shartnamalar h'a'm sotsial-ekonomikalıq basqarıw sheshimlerin qabıl etiw h'a'm a'melge asırıw.

**Lokal ekosiyasat** – kishi aymaqlıq birlespeler (ekonomikalıq rayon, siyasiy-adminstrativlik birlik) alıp baratırg'an siyasattı o'z ishine aladı.

## Ta'kirarlaw ushın sorawlar h'a'm tapsırmalar

1. Basqarıw tu'siniginın' mazmunın tu'sindirip berin'.
2. Ta'biyattan paydalanıwdı basqarıwdın' maqseti ne?
3. Bag'darlang'an rawajlanıw h'aqqında nelerdi bilesiz?
4. Ekosiyasat degenimiz ne?
5. Ekologiyalıq siyasattın' qanday ierarxiyalıq da'rejelerin bilesiz?
6. Ekologiyalıq siyasattın' qanday ekonomikalıq ila'jları bar?
7. Fiskal da'stek degenimiz ne?
8. Fiskal emes da'stek degenimiz ne?
9. O'zbekstan Respublikasının' ta'biyattan paydalanıw boyınsha strategiyalıq maqsetleri nelerden ibarat?
10. Ekologiyalıq siyasattı a'melge asırıw mexanizmleri nelerden ibarat?

## Test sorawları

1. Ta'biyattan paydalanıwdı basqarıw tu'sinigi -
   A. Tizim turaqlılıg'ın saqlawdı ta'rtiplestiriwshi ila'jlardın' jıyındısı.
   V. Ekologiyalıq qa'wipsiz turaqlı rawajlandırıwdı ta'miyinlew.
   S. Bizdi qorshap turg'an tabiyiy ortalıqqa salıstırma bolg'an siyasat.
   D. Barlıq juwap durıs.
2. Basqarıwdın' maqseti…
   A. Tizim turaqlılıg'ın saqlawdı ta'rtiplestiriwshi ila'jlardın' jıyındısı.
   V. Ekologiyalıq qa'wipsiz turaqlı rawajlandırıwdı ta'miyinlew.
   S. Bizdi qorshap turg'an ta'biyiy ortalıqqa salıstırma bolg'an siyasat.
   D. Barlıq juwap durıs.
3. Ta'biyattan paydalanıwdı basqarıwda ekologiyalıq siyasat…
   A. Tizim turaqlılıg'ın saqlawdı ta'rtiplewshi ila'jlardın' jıyındısı.
   V. Ekologiyalıq qa'wipsiz turaqlı rawajlandırıwdı ta'miyinlew.
   S. Bizdi qorshap turg'an tabiyiy ortalıqqa salıstırma bolg'an siyasat.
   D. Barlıq juwap durıs.
4. Reymers N.F boyınsha ekosiyasat ierarxiyası neshe basqıshtan ibarat.
   A. 2
   V. 4
   S. 6
   D. 8
5. BMSh tın' 1992 jıl Rio-de-Janeyro qalasında G'XXI a'sir ku'n ta'rtibiG' dokumentinde G'Qorshag'an ortalıq h'a'm rawajlanıwG' xalıqaralıq konferentsiyasında qanday ma'sele ko'rildi.
   A. Turaqlı rawajlanıwdın' tiykarg'ı printsipleri.
   V. Tog'ay resursların qorg'aw h'a'm maqsetke muwapıq paydalanıw.
   S. Asharshılıqtın' aldın alıw boyınsha ila'jlar.
   D. Okean resurslarınan paydalanıw.
6. O'zbekstanda ekologiyalıq siyasattı amelge asırıwdın' tiykarg'ı mexanizmleri
   A. Huqıqıy, ekonomikalıq.
   V. Adminstrativlik.
   S. Tog'ay resursların qorg'aw h'a'm onnan maqsetke muwapıq paydalanıw.
   D. A h'a'm V juwapları durıs.
7. Ekosiyasat tiykarınan neshe tu'rge bo'linedi
   A. Huqıqıy, ekonomikalıq.
   V. Adminstrativlik.
   S. Tog'ay resursların qorg'aw h'a'm maqsetke muwapıq paydalanıw.
   D. A-V juwapları durıs.
8. O'zbekstanda G'ta'biyattı qorg'aw h'aqqında nızam qashan qabıl etildi
   A. 1999-jıl 7-sentyabr
   V. 1997-jıl 9-noyabr
   S. 1995-jıl 26-noyabr
   D. 1992 –jıl 9-dekabr
9. Ekologiyalıq nızamshılıq neshe bo'limnen turadı.
   A. 2

V. 3
S. 4
D. 5

10. Ekologiyalıq nızamshılıqtı buzg'anı ushın qanday juwapkershilikler belgilengen.
A. Ta'rbiyalıq, materiallıq.
V. Adminstrativlik, jınayiy.
S. A h'a'm V juwabı durıs.
D. Xojalıq, puxaralıq.

11. Ta'biyattı qorg'aw fondının' neshe protsenti jergilikli fond esabınan qaplanadı?
A. 25
V. 30
D. 35
S. 40

12. Jer kodeksi, h'awa kodeksi, orman, jer astı baylıqları, o'simlik h'a'm h'aywanat du'nyasın qorg'aw h'aqqındag'ı nızamlar ekologiyalıq nızamshılıqtın' qaysı bo'limine tuwra keledi.
A. Jeke bo'lim.
V. Ulıwma bo'lim.
S. Regional.
D. Barlıg'ı.

## TA'BIYATTAN RATSIONAL PAYDALANIW ILA'JLARINA QARJI AJIRATIW.
## MA'MLEKETLIK EKOLOGIYALIQ EKSPERTIZA

Reje

1. Ta'biyattan paydalanıw h'a'm onı qorg'aw xızmetin qarjı menen ta'miyinlew.
2. Ekologiyalıq fondlar tizimi.
3. Ma'mleketlik ekologiyalıq ekspertiza.

1. Ha'zirgi ku'nde ta'biyattan paydalanıw h'a'm onı qorg'aw ushın qarjı ajıratıw ma'selelerine u'lken itibar berilmekte. Eski adminstrativlik basqarıw ekonomikasındag'ı qarjılastırıw h'a'zirgiden biraz parq qılıp, tiykarınan oraylıq jobalastırıw tiziminin' u'stinliginde ko'rinedi. Yag'nıy, ma'mleket da'rejesinde sotsial-ekonomikalıq rawajlanıwdın' tiykarg'ı bag'darları belgilenip, usı bag'darlarda ta'biyattı qorg'aw boyınsha anıq wazıypalar belgilener edi. Bul wazıypalardın' sheshimi ma'mleket, tarmaq h'a'm aymaqlar ko'leminde o'z sheshimin tabar edi. Usı reje-wazıypalar tiykarında finanslıq, materiallıq-texnikalıq resurslarg'a talaplar anıqlanar edi. Oraylıq qarjılastırıw tizimi bolsa fondlar ajıratıw (materiallıq-texnik resurslardı oraydan bo'listiriw) tizimi menen toltırılar edi.

Ta'biyattı saqlaw ilajları finans qurallarının' tiykarg'ı deregi **-ma'mleket byudjeti** esaplanar edi. Biraq ma'mleket byujetinen tısqarı, *region byudjeti, ministrlik h'a'm ka'rxanalardın' qarjıları* da bolg'an. Sonı da atap o'tiwimiz

kerek, ma'mleket byudjetinen tısqarı finans derekleri ma'mleket byudjetinen ayırıp ko'rsetilmes edi. Sol sebebli qarjılastırıwdın' bul sisteması na'tiyjesiz bolg'an. Byudjetten qarjılar jeterli mug'darda ajratılmas edi, sebebi ekologiyalıq jag'daydı salamatlastırıw ma'mlekettin' baslı wazıypaları qatarına kiritilmes edi. Ma'mleket byudjetinen tısqarı qa'rejetlerdin' ju'da' kemligi baqlanar edi. Biraq bul tizimnin' unamlı ta'repleri ajıratılıp atırg'an qarjılardın' turaqlı izbe-izliginde edi.

Eger administrativlik buyrıqpazlıq ekonomikası jag'dayında ta'biyattı qorg'aw h'a'reketi materiallıq texnikalıq ta'miyinleniwi (tu'rli fond h'a'm limitler tizimi arqalı) baslı a'h'miyetke iye bolg'an bolsa, bazar qatnasıqlarına o'tiw sha'rayatında bolsa, birden-bir jetispeytug'ın resurs finans resursları esaplanadı. Ta'biyattı qorg'aw tarmag'ının' sapalı xızmet ko'rsetiwi onın' turaqlı qarjı menen ta'miyinleniwine tıg'ız baylanıslı boladı.

90-shı jıllar baslarında ta'biyiy resurslardan paydalang'anlıg'ı ushın to'lemler h'a'm pataslandırg'anlıg'ı ushın to'lemler sıyaqlı ekonomikalıq da'steklerden ken' paydalana baslang'anlıg'ı sebebli ta'biyattı qorg'awdın' jan'a finans dereklerin qa'liplestiriw imkaniyatın berdi.

2. O'zbekstan Respublikasının' «Ta'biyattı qorg'aw h'aqqındag'ı» nızamına muwapıq h'a'zirgi ku'nde ta'biyattı qorg'aw ila'jları ekologiyalıq da'stu'rlerge qarjı ajıratıw to'mendegi dereklerge tiykarlanıp a'melge asıralıwı ko'rsetilgen.

- Barlıq da'rejelerdegi byudjet;
- Ka'rxanalar, mekemeler, sho'lkem qarjıları;
- Byudjetten tısqarı resurslar h'a'm aymaqlar boyınsha ekologiyalıq fondlar;
- Ekologiyalıq qamsızlandırıw fondları;
- Bank kreditleri;
- Shet el valyutalarındag'ı zaemlar;
- Xalıqtın' qarjıları;

To'mendegi ayırım finans dereklerinin' qa'liplesiw jag'dayları h'a'm a'h'miyeti h'aqqında pikir ju'ritiledi.

Barlıq da'rejedegi byudjettin' da'ramat bo'limine salıqlar, ta'biyiy paydalang'anlıg'ı h'a'm qorshag'an ortalıqtı pataslag'anı ushın to'lemler kiritiledi(jerden h'a'm ta'biyiy resurslardan paydalang'anlıg'ı ushın to'lemler, jer salıg'ı).

O'zbekstan Respublikasının' nızamlı h'u'jjetlerine qaray joqarı da'rejedegi byudjet organlarınan to'mengi da'rejelerdegi byudjet organlarına belgilengen h'a'm ta'rtipke salınıwshı da'ramatlardan tısqarı dotatsiyalar, subventsiyalar h'a'm subsidiyalar kelip tu'sedi. Bul tu'simler ta'biyattı qorg'aw xızmetin maqsetli tu'rde qarjılawdı na'zerde tutadı. Mısalı, O'zbekstan Respublikası nızamları boyınsha investitsion ekologiyalıq da'stu'rlerdi a'melge asırıw ushın ma'mleket h'a'm byudjetten tısqarı fondlardan subventsiya ko'rinisindegi qarjı ajıratıw menen ja'rdem ko'rsetiw na'zerde tutılg'an. Bul subventsiyalardı ajıratıw sha'rtleri h'a'm ta'rtibi, olardan paydalanıw boyınsha nızamlı aktler menen ta'rtipke salınadı.

Ka'rxanalardın' jeke qarjıları xojalıq ju'ritiwshi subektlerdin' da'ramatı esabınan qa'liplesedi. Ta'biyattı qorg'aw ila'jları h'a'm ta'biyattı qorg'awdın' tiykarg'ı fondları isletiwge ketken ag'ımdag'ı qa'rejetler ka'rxana islep shıg'arg'an o'nimlerdin' o'zine tu'ser bah'asına qosıladı.

Byudjetten tısqarı maqsetli resurslar boyınsha fondlar qorshag'an ortalıqtı qorg'awdı h'a'm ta'biyiy resurlardın' ayırım tu'rlerin qayta islep shıg'arıw ushın qarjı ajıratıwdın' G'qaldıq printsipinG' joq qılıw ushın du'ziledi. To'mendegi mineral shiyki zat bazasın qayta islep shıg'arıw, tog'aylardı qorg'aw, suw obektlerin tiklew h'a'm qorg'aw sıyaqlı byujetten tısqarı fondlar du'zilgen.

Byudjetten tısqarı ekologiyalıq fondlar qorshag'an ortalıqtı qorg'awdı investitsiyalawdı qollap-quwatlaw tiziminin' jan'a elementi esaplanadı. Bunday fondlar keshiktirip bolmaytug'ın ta'biyattı qorg'aw ila'jların, qorshag'an ta'biyiy ortalıqtag'ı jog'altıwlardı tiklew, keltirilgen shıg'ınlardı kompensatsiyalawdı qarjılastırıw ushın du'ziledi.

Qorshag'an ortalıqtı qorg'awdın' ja'miyetlik fondları - xalıqtın' da'ramatları, ja'miyetlik birlespelerinin' ıqtiyarlı ja'rdemleri h'.t.b. dereklerden sho'lkemlestiriledi. Bunday fondlar ja'miyetlik ekologiyalıq birlespeler h'a'm O'zbekstan Respublikasının' ka'siplik awqamı birlespeleri ta'repinen sho'lkemlestirilip, olardın' qarjıları tek qorshag'an ortalıqtı qorg'aw ushın jumsaladı.

Ta'biyattı qorg'aw ila'jlarına qaratılg'an finans dereklerinin' h'a'r qıylı bolıwı olardan ratsional paydalanıwdı talap etedi.

Rawajlang'an shet ma'mleketlerdin' ta'jriybelerinen kelip shıg'ıp ta'biyattı qorg'aw ila'jlarına ajıratılıp atırg'an finans dereklerdin' ku'shli differentsatsiyalasıwı gu'zetiledi. Mısalı, AQSh-da regionlardı qarjılastırıw federal h'u'kimettin' subsidiyaları, ulıwma ma'mleket paydasının' bir bo'limi esabınan qa'liplesken derekler, jergilikli tu'simlerden h'a'm arnawlı salıqsız zaemlardan alıng'an da'ramatlar esabınan du'ziledi.

Ta'biyattı qorg'aw ila'jlarına ajıratılg'an h'a'm toplanılg'an qa'rejetler o'zinin' belgili maqsetke bag'darlang'anlıq qa'siyeti menen xarakterlenedi. Barlıq da'rejedegi byudjet ta'biyattı qorg'aw h'a'm ekologiyalıq da'stu'rlerdi qarjılastırıwg'a ayrıqsha itibar qaratılg'an bolıp, materiallıq- texnikalıq resurslar menen ta'miyinlenedi.

Milliy doklad mag'lıwmatlarında ma'mleket byudjetinen ma'mleket da'stu'rleri quramına kirgen ta'biyattı qorg'aw ila'jları qarjılastırıladı. Ma'mleket byudjeti esabınan oraylastırılg'an jag'dayda ta'biyattı qorg'aw tarawında xızmet ko'rsetiwshi Ta'biyattı qorg'aw boyınsha ma'mleketlik komiteti, Gidromet, O'zjerproekt, Awıl h'a'm suw xojalıg'ı wa'zirligi ila'jları qarjılastırıladı.

Byudjetten tısqarı aymaqlıq ekologiyalıq fond qarjıları O'zbekstan Respublikası ta'biyattı qorg'aw h'aqqındag'ı h'u'jjetlerge qaray regionlar ta'repinen maqsetli ta'rizde paydalanıladı.

Ta'biyattı qorg'awg'a qarjı ajıratıwdın' ulıwma salmag'ında kapital qoyılmalarg'a ayrıqsha itibar beriledi. *Kapital qoyılmalar* – ta'biyattı qorg'aw fondların sho'lkemlestiriwge qaratılg'an qarjılar esaplanadı.

O'zbekstan Respublikasında ta'biyattı qorg'aw ila'jlarına ajıratılg'an qarjı derekleri quramının' analizi to'mendegishe tendentsiyalardın' barlıg'ın da'lilledi.

- Oraylastırılg'an jag'dayda barlıq da'rejedegi byudjetten kapital qarjılardın' ajıratılıwı kemeyiw tendentsiyasına iye.

- Joqarıdag'ılardan ko'rinip turg'anınday, oraylastırılg'an ta'rizde kapital qarjı ajıratıwdın' kemeyiwi menen ekologiyalıq fondlar ta'repinen investitsiyalaw salmag'ı artıp barmaqta. Aldag'ı waqıtta ekologiyalıq fondlar ta'repinen qarjı ajıratıw salmag'ı artıp baradı.

- Usı menen birgelikte ka'rxana h'a'm sho'lkemlerdin' de qarjıları o'siw tendentsiyasına iye.

II. O'zbekstan Respublikasının' «Ta'biyattı qorg'aw h'aqqındag'ı» nızamının' 35-statyasında *«Ta'biyattı qorg'aw maqsetinde O'zbekstan Respublikası Ta'biyattı Qorg'aw Ma'mleketlik Komiteti h'a'm onın' orınlardag'ı sho'lkemleri qasında ta'biyattı qorg'awdın' Respublika h'a'm jergilikli fondları sho'lkemlestiriledi»* delingen.

Bul fondlar Ministrler Ken'esi ta'repinen tastıyıqlang'an Nızam tiykarında sho'lkemlestiriledi. Qabıl etilgen nızam h'u'jjetlerinde ko'rsetilgenindey ekologiyalıq fondlar u'sh tu'rli ierarxik da'rejede sho'lkemlestiriledi. Joqarı da'rejede - respublika ekologiyalıq fondları, orta da'rejede – wa'layatlar, to'mengi da'rejede - rayon h'a'm qalalıq ekologiyalıq fondları xızmet ko'rsetedi.

**Ekologiyalıq fondlardın' wazıypaları to'mendegilerden ibarat**:

- Qorshag'an ta'biyiy ortalıq sapasın jaqsılaw h'a'm xalıqtın' ekologiyalıq qa'wipsizligin ta'miyinlewge bag'darlang'an da'stu'rler h'a'm ilimiy texnikalıq proektlerdi kreditlew h'a'm olarg'a qarjı ajıratıw.
- Ta'biyattı qorg'aw ila'jları h'a'm da'stu'rleri ushın qarjı resursların ajıratıw.
- Ta'biyattan aqılg'a muwapıq paydalanıw h'a'm ekologiyalıq jan'a texnologiyalardan paydalanıw h'a'm olardı xoshametlew.
- Ekologiyalıq ta'lim h'a'm ta'rbiyanın' rawajlanıwına ja'rdemlesiw.
- Ka'rxana, birlespe h'a'm sho'lkemlerdin' qorshag'an ortalıqqa shıg'arg'an pataslandırıwshı shıg'ındıları h'a'm basqa derekler ushın to'lemler.
- Qa'wipli zatlardı shıg'arg'anlıg'ı ushın ja'riyma to'lemleri h'a'm normadan artıq h'a'm maqsetke muwapıq ta'biyiy resurslardan paydalanıw ushın to'lemler.
- Ka'rxanalardın' xojalıq xızmeti na'tiyjesinde ta'biyattan paydalanıw nızamlıg'ının' buzılıwı natiyjesinde ma'mleketke keltirilgen zıyandı qaplaw maqsetinde alınatug'ın to'lemler.
- An'shılıq h'a'm balıqshılıq qualların alıp qoyıw, nızamsız jol menen awlang'an zatlardı satıwdan tu'setug'ın da'ramatlar.
- Fond qarjılarınan basqa yuridikalıq ta'rep xızmetlerinde payshılıq tiykarında qatnasıwı na'tiyjesinde alınatug'ın dividentlerden, fond protsentlerinen alınatug'ın da'ramatlar.
- Ka'rxana, sho'lkem h'a'm xalıq ta'repinen beriletug'ın ıqtiyarlı to'lemler (Sonnan sırt el, yuridikalıq h'a'm fizikalıq tareplerdan tu'setug'ın tu'simlerden) den quralg'an.

Respublika ta'biyattı qorg'aw fondı qarjılarının' 25%-i jergilikli fondlar qarjıları esabınan qa'liplesedi. Respublikada ta'biyattı qorg'aw fondı qarjılardın' bir bo'limi eki ilimiy-izertlew da'stu'rlerin islep shıg'ıwg'a, ta'biyattı qorg'awg'a h'a'm basqa sho'lkemlestiriw ila'jlarına bag'darlanadı. Ekologiyalıq fondlardın' qarjıları qanday maqsetlerde isletiwine qaramastan tek bir maqsetti-insanlardı taza ta'biyiy ortalıqta jasawday h'uqıqtı ta'miyinlewdi ko'zde tutadı.

**Ekologiyalıq fondlar qarjıların isletiwdin' tiykarg'ı bag'darları to'mendegiler:**

- Ka'rxanalarg'a qaytarılıw sha'rti menen jen'illetilgen kreditler h'a'm ssudalar ajıratıw.

- Ta'biyattı qorg'awg'a bag'darlang'an o'nimler islep shıg'arıwshı ka'rxanalardın' ustav fondların qa'liplestiriw ushın qarjı ajıratıw.

- Ka'rxanalardın' qosımsha investitsion resursların iske qosıwdı xoshemetlewshi proektlerdi qarjılastırıwda payshılıq tiykarında qatnasıw.

- Ta'biyattı qorg'aw proektlerin a'melge asırıwshı ka'rxanalarg'a kommertsiyalıq bankler ta'repinen ssuda h'a'm kreditler beriwge kepillik beriw.

III. Ekologiyalıq ekspertiza qorshag'an ortalıqtı qorg'aw tiziminin' tiykarg'ı bo'limlerinen biri esaplanadı. Ekologiyalıq ekspertizanın' tiykarg'ı maqseti - xojalıq xızmetin a'melge asırıwda ju'zege keletug'ın qorshag'an ortalıqtın' jag'dayına h'a'm xalıqtın' den-sawlıg'ına ta'sir etetug'ın qa'wip h'a'm aqıbetlerin anıqlaw.

Qorshag'an ortalıqqa bolg'an unamsız ta'sirlerdi bah'alaw printsipi da'slep 70-jıllarda AQSh-da islep shıg'ılg'an h'a'm h'a'zirgi ku'nde ko'pshilik rawajlang'an ma'mleketlerdin' ta'jiriybelerinde qollanılıp kelinbekte. O'zbekstanda da bul ta'jiriybe o'z ornın taptı h'a'm rawajlana basladı.

O'zbekstan Respublikasında ma'mleketlik, ma'mleketlik sanitariya-ekologiyalıq h'a'm ja'miyetshilik tiykarındag'ı ekologiyalıq ekspertizalar a'melge asırıladı.

«Ma'mleketlik ekologiyalıq ekspertiza xojalıq qararı qabıl qılınıwdan aldın o'tkiziliwi sha'rt bolg'an qorshag'an ta'biyiy ortalıqtı qorg'aw ila'jları».

Ma'mleket ekologiyalıq ekspertizasın O'zbekstan respublikası, Qaraqalpaqstan respublikası Ma'mleketlik komitetlerinin', wa'layatlar h'a'm Tashkent qalası ta'biyattı qorg'aw komitetlerinin' ekspert sho'lkemleri a'melge asıradı.

Ma'mleketlik ekologiyalıq ekspertizasının' maqseti jobalastırılg'an yamasa a'melge asırılıp atırg'an xojalıq xızmeti h'a'm basqa xızmetlerdin' ekologiyalıq jaqtan qanday da'rejede qa'wipli ekenligin anıqlaw, bul tu'rdegi xızmetlerdin' ta'biyattı qorg'aw nızamlarının' talaplarına qanshelli tuwrılıg'ın bah'alaw. Proektlerde na'zerde tutılg'an ta'biyattı qorg'aw ila'jlarının' qanday da'rejede jeterli h'a'm tiykarlang'anlıg'ın anıqlawdan ibarat.

**Ma'mleketlik ekologiyalıq ekspertizasının' obektleri:**

*Ma'mleketlik ekologiyalıq ekspertizasına:*

- ma'mleketlik da'stu'rlerin, kontseptsiyaların, islep shıg'arıw ku'shlerin, xalıq xojalıg'ı tarmaqların jaylastırıw h'a'm rawajlandırıwdın' tiykarg'ı sxemalarının' proektleri;

- qurılıstın' barlıq tu'rleri ushın materiallar tan'law, reje aldı, proekt aldı h'a'm proekt h'u'jjetleri;

- xojalıq xızmetin h'a'm olardı ta'biiy resurslardan paydalanıw normaların belgilep beriwshi ko'rsetpe-usıl h'a'm normativ-texnik h'u'jjetlerinin' proektleri;

- jan'a texnika, texnologiya, materiallar h'a'm zatlar jaratıw h'a'm sırt elden satıp alıw boyınsha proekt h'u'jjetleri, o'nimlerge standartlar;

- O’zbekstan respublikasına alıp kelingen h’a’m alıp ketilip atırg’an o’nimler;
- Ximiyalıq zatlar;
- Ayırım regionlar, territoriyalar h’a’m obektlerdin’ ekologiyalıq jag’dayı;
- Qorshag’an ortalıqqa keri ta’sir ko’rsetip atırg’an ka’rxanalar h’a’m basqa obektler koyıladı.

**Ma’mleketlik sanitariyalıq-ekologiyalıq ekspertizası** - qorshag’an ortalıqtın’ pataslanıwının’ xalıqtın’ den-sawlıg’ına unamsız ta’sirin anıqlaw maqsetlerinde sho’lkemlestiriledi. Ma’mleketlik sanitariyalıq-ekologiyalıq ekspertizası O’zbekstan respublikası den-sawlıqtı saqlaw wa’zirligi, onın’ orınlardag’ı sho’lkemleri, Ta’biyattı qorg’aw boyınsha ma’mleketlik komiteti ta’repinen sho’lkemlestiriledi.

**Ja’miyetshilik tiykarındag’ı ekologiyalıq ekspertizası -** g’a’rezsiz qa’niygeler ta’repinen sotsial birlespeler, proektlerdin’ avtorları h’a’m xojalıq xızmeti qa’lewine qarap a’melge asırıladı.

## Tiykarg’ı tayanısh tu’sinikler

**Finanslıq qatnasıqlar** - pul resursların toplaw, olardı bo’listiriw h’a’m isletiw boyınsha ekonomikalıq qatnasıqlar.

**Fondlar -** ma’lim maqsetlerde paydalanıwg’a mo’lsherlengen materiallıq h’a’m finanslıq qurallar.

**Limitlar -** kredittin’ sheklengen summası bolıp, ol kredit alıwshıg’a rejelestirilgen da’wir dawamında beriledi.

**Dotatsiyalar** - joqarı sho’lkemler ta’repinen to’mengi sho’lkemlerge qaytarmaw sha’rti menen beriletug’ın pul qarjıları.

**Subsidiyalar** - puqaralarg’a, sho’lkemlerge shıg’ınların qaplaw maqsetlerinde ma’mleket ta’repinen qaytarmaw sha’rti menen beriletug’ın to’lem.

**Subventsiyalar -** belgili maqsetler ushın ka’rxanalarg’a, tarmaqlarg’a, ma’mleket h’a’kimiyatının’ jergilikli organlarına ma’mleket ta’repinen qaytarmaw sha’rti menen beriletug’ın qarjı.

**Kredit -** ssuda kapitalının’ h’a’reket tu’ri bolıp, ol o’nim yaki pul ko’rinisinde qaytarıw sha’rti menen beriledi.

**İnvestitsiya** - qosımsha da’ramat, abroy arttırıw maqsetinde yuridikalıq ta’rep bolg’an ka’rxanag’a uzaq mu’ddetke qoyılatug’ın kapital.

**Ekologiyalıq ekspertiza** - xojalıq qararı qabıl qılınıwınan aldın o’tkeriliwi sha’rt bolg’an qorshag’an ortalıqtı qorg’aw ilajları.

## Ta’kirarlaw ushın sorawlar h’a’m tapsırmalar.

1. Ta’biyattı qorg’aw ila’jlarına ajıratılatug’ın qarjı dereklerin sanap berin’.
2. Ekologiyalıq ko’rinistegi ilajlardı qarjılastırıwda byudjettin’ roli qanday?
3. Qarjılastırıwdın’ zamanago’y sisteması h’aqqında nelerdi bilesiz?
4. Ekologiyalıq ekspertiza degenimiz ne h’a’m ol qanday maqsetler ushın o’tkiziledi?
5. Ekologiyalıq ekspertiza obektlerine neler kiredi?
6. Ma’mleketlik sanitariyalıq-ekologiyalıq ekspertizası degenimiz ne?

7. Ja’miyetshilik ta’repinen o’tkizetug’ın ekologiyalıq ekspertizanın’ a’h’miyeti nelerden ibarat?
8. O’zin’iz tuwılg’an orındag’ı ekologiyalıq jag’daydı ekspertizadan o’tkeriw joba-proektin du’zin’?

**Test sawalları**

1. Ekologiyalıq ekspertizanın’ tiykarg’ı maqseti –
   A. Barlıq tu’rdegi ka’rxanalardan belgilengen ta’rtipte salıqlar o’ndiriwden ibarat.
   V. Xojalıq xızmetinde ju’zege keletug’ın qorshag’an ortalıq jag’dayı, xalıqtın’ salamatlıg’ına ta’sir ko’rsetiwshi qa’wip h’a’m aqıbetlerdi anıqlaw.
   S. Respublikada ma’mleketlik, ma’mleketlik sanitariya-ekologiyalıq h’a’m ja’miyetshilik tiykarındag’ı ekologiyalıq ekspertiza.
   D. A h’a’m V juwapları durıs.
2. Respublikamızdag’ı ekologiyalıq ekspertizanın’ tu’rlerin anıqlan’
   A. Barlıq turdegi ka’rxanalardan belgilengen ta’rtipte salıqlar o’ndiriwden ibarat.
   V. Xojalıq xızmetinde ju’zege keletug’ın qorshag’an ortalıq jag’dayı, xalıqtın’ salamatlıg’ına ta’sir ko’rsetiwshi qa’wip h’a’m aqıbetlerdi anıqlaw.
   S. Respublikada ma’mleketlik, ma’mleketlik sanitariya-ekologiyalıq h’a’m ja’miyetshilik tiykarındag’ı ekologiyalıq ekspertiza.
   D. A h’a’m V juwaplar durıs.
3. O’zbekstanda qorshag’an ortalıq mashqalasının’ keskinlesiwinin’ tiykarg’ı sebeplerin anıqlan’
   A. Ta’biyiy ortalıqqa texnokratik ko’z-qarastın’ ken’eyiwi.
   V. Ekonomikanı rawajlandırıwda h’a’m jaylastırıwda jol qoyılg’an qa’telikler.
   S. Ekonomikanı rawajlandırıwdın’ ekstensiv jolı.
   D. Ha’mme juwap durıs.
4. Ekologiyalıq fondlardın’ tiykarg’ı wazıypaları nelerden ibarat.
   A. Qorshag’an tabiyiy ortalıqtın’ sapasın jaqsılaw.
   V. Xalıqtın’ ekologiyalıq qa’wipsizligin ta’miyinlewge bag’darlang’an da’stu’rler, kreditler ajıratıw.
   S. Ekologik ta’lim ta’rbiyanı rawajlandırıw.
   D. Barlıq juwaplar durıs.
5. Ja’miyetshilik tiykarındag’ı ekologiyalıq ekspertiza neni u’yrenedi.
   A. Qorshag’an ortalıqtın’ pataslanıwının’ xalıqtın’ den-sawlıg’ına unamsız ta’sirin.
   V. G’a’rezsiz qa’niygeler ta’repinen sotsial birlespeler proekt avtorları xojalıq xızmetinin’ qa’lewine qaray.
   S. Ma’mleketlik da’stu’r, kontseptsiya, sxemalıq proektlerdi
   D. Barlıq juwap durıs.
6. Ekologiyalıq ekspertiza tu’sinigi – bul...
   A. Xojalıq qararı qabıl qılınıwınan aldın o’tkeriliwi sha’rt bolg’an qorshag’an ortalıqtı qorg’aw ila’jları.
   V. Ka’rxana, sho’lkemler ta’repinen beriletug’ın ıqtiyarlı to’lemler

S. Ka’rxana h’a’m mekemelerdi qadag’alawshı sho’lkem
D. Ma’lim maqsetlerde paydalanıyag’a mo’lsherlengen materiallıq h’a’m finanslıq qurallar.

## İLIMIY-TEXNIKA PROGRESI H’A’M TA’BIYATTAN AQILG’A MUWAPIQ PAYDALANIW. TA’BIYATTAN AQILG’A MUWAPIQ PAYDALANIWDIN’ EKONOMIKALIQ XOSHEMETLENIWI.

**Reje**

1. Ta’biyattan paydalanıw h’a’m ekologiyalıq mashqalalardın’ h’a’zirgi jag’dayı.
2. İTP-jetiskenliklerin ta’biyattı qorg’aw h’a’m onnan aqılg’a muwapıq paydalanıwda qollanılıwı.
3. Ximiyalastırıw h’a’m onın’ unamsız aqıbetleri.
4. Ta’biyattan aqılg’a muwapıq paydalanıwdı ekonomikalıq xoshametlew.

I. O’zbekstanda sanaattı rawajlandırıw, İTP jetiskenliklerin ken’ rawajlandırıw, jan’a jerlerdi o’zlestiriw, jan’a qalalardı qu’rıw, eskilerin rawajlandırıw arqalı ta’biyatqa bolg’an ta’sir ku’sheydi. Respublikamızda qorshag’an ortalıq mashqalasının’ keskin to’menlewine to’mendegi sebeplerdi ko’rsetiw mu’mkin:

- Ta’biyiy ortalıqqa texnokratik qatnastın’ ken’eyiwi;
- Ekonomikanı rawajlandırıwdın’ ekstensiv jolı;
- İslep shıg’arıw ku’shlerin rawajlandırıw h’a’m olardı jaylastırıwda jol qoyılg’an qa’telikler h’.t.b.

Usının’ natiyjesinde respublikamızda sotsial-ekonomikalıq protsesslerdin’ h’a’dden tıs bir ta’repleme rawajlanıwı da ekologiyalıq jag’daydın’ tupten keskinlesiwine alıp keldi. Ta’biyattan aqılg’a muwapıq paydalanıwg’a unamsız ta’sir ko’rsetetug’ın tiykarg’ı faktor - paxta jekke h’a’kimligi esaplanadı. Eger paxta egiletug’ın maydanlar g’a’rezsizliktin’ da’slepki jıllarında ulıwma egin maydanlarının’ 3/5 bo’limin qurag’an bolsa, 2008-jılg’a kelip bul ko’rsetkish ulıwma egislik maydanlardın’ 2/5 bo’limin quradı. 2000-2001-jılları suwdın’ da’ryada kem bolıwı egislik maydanlardın’ ele de qısqarıwına h’a’m paxtadan alınatug’ın zu’ra’a’tliliktin’ kemeyiwine alıp keldi. A’sirese bul ko’rsetkish Qaraqalpaqstan respublikasında 1995-jılları 22,1 ts/ga-den 2000-2001-jılları 8,2 ts/ga kemeydi. Degen menen keyingi jıllarda paxtanın’ zu’ra’a’tliligi birqansha artıp zu’ra’a’tlilik ortasha 18 ts-ge jetti. Ulıwma o’ndiristin’ h’a’zirgi da’rejesin h’a’m rentabelligin saqlaw ushın respublikada paxta zu’ra’a’tliligin 24 ts/ga jetkeriw talap etiledi. Jer-suw resurslarının’ potentsial imkaniyatların esapqa alg’anda bul orınlanıw mu’mkinshiligine iye ma’sele.

Respublikamızda tiykarg’ı da’nli egini biyday h’asıldarlıg’ı boyınsha joqarı ko’rsetkishlerge erisilmekte. Mısalı: 1995-jıldan 2007-jıllar aralıg’ında 26,0 ts/ga.-dan 41,7 ts/ga, al Qaraqalpaqstanda bul ko’rsetkish 15,2 den 31,0 ts/ga o’sti. Degen menen diyxanshılıq tarawında ximiyalıq to’ginlerden ko’plep paydalanılıwı natiyjesinde topıraqtın’ pataslanıwı keskinliginshe qalmaqta.

Respublikamız jer fondının’ 4,2 mln. gektarı suwg’arılatug’ın jerler bolıp, sonnan 2,1 mln. gektarı qa’wipli da’rejede, 0,7 mln. gektarı ortasha h’a’m

eroziyag'a ushırag'an bolsa, 0,3 mln. gektarı suwg'arıw na'tiyjesinde jemiriliwge duwshar bolg'an.

Respublika jer fondının' 22 mln. gektarın jaylawlar qurap, sonnan 6 mln. gektarı eroziyag'a ushıray baslag'an, 3 mln. gektarı suwdın' jemiriwine duwshar bolg'an. Eger h'a'r jılı ortasha 5-6 mın' gektar jer awıl-xojalıg'ınan basqa maqsetlerde paydalanıwg'a ajıratılatug'ın bolsa, solardın' 1-2 mın' gektarı suwg'arılatug'ın jerler esaplanıladı. Sharwa malların ta'rtipsiz bag'ıw, ayırım territoriyalarda almaslap egiw protsesslerinin' jeterli da'rejede emesligi na'tiyjesinde jaylawlardın' kriziske ushırawı, sho'lge aylanıwı gu'zetilmekte.

Za'h'a'rli da'riler h'a'm to'ginlerden paydalanıwdın' ko'beyiwi, a'sirese azot h'a'm fosfor mug'darının' ko'beyip atırg'anlıg'ı suw dereklerinin' pataslanıwına alıp kelmekte. Suwdan nadurıs paydalanılıw natiyjesinde A'miwda'rya h'a'm Sırda'rya suwlarının' Aral ten'izine ag'ıp barıwı keskin kemeydi. Na'tiyjede Aral boyında ekologiyalıq mashqala ju'zege kelip jag'day keskinlesti.

Respublikamızdın' g'a'rezsizlikke erisiwi jer-suw dereklerin o'zlestiriw menen birge mineral shiyki zat h'a'm janılg'ı-energetika resurslarınan paydalanıwdı keskin asırıp jiberdi. A'lbette, bul qorshag'an ortalıq jag'dayının' to'menlewine o'zinin' unamsız ta'sirin tiygizedi. Taw jınısların joqarı texnologiyalıq protsessler tiykarında tez qazıp alıw, olardı qayta islew na'tiyjesinde sanaat qaldıqları ko'p toplanıp qalmaqta, olar awıl-xojalıg'ı ushın jaramlı u'lken maydanlardı iyelep qoymastan, topıraq, jer u'sti h'a'm jer astı suwları, h'awanın' pataslanıw deregi de esaplanadı. Qa'niygelerdin' esaplawlarına qarag'anda taw-ka'n h'a'm qayta islew sanaatına 90-95% shıg'ındılar tuwra keledi.

Respublikada toplanıp qalg'an bunday shıg'ındılar millionlap tonnanı qurap, mın'lap gektar maydandı iyelemekte. Ha'r jılı 40 mln. tonna taw jınısları qayta islenetin bolsa, sonın' bar jog'ı 0,5 mln. tonnası, yamasa 2-4%-i g'ana paydalanılmaqta.

Ha'zirgi waqıtta suw h'a'm h'awadan paydalanıw texnologiyalarının' jetispewshiligi sebepli respublikanın' suw basseyinlerine h'a'r jılı 300 mln. $m^3$ shıg'ındılar ag'ızılmaqta, h'awag'a ko'shpes dereklerdin' o'zinde-aq 1,4 mln. tonnag'a jaqın za'h'a'rli zatlar shıg'arılmaqta. Ko'shpes dereklerden shıg'ıp atırg'an taslandılar 2,8 mln. tonnag'a ten' esaplanadı, bul ulıwma shıg'ındılardın' 70,6%-in qurap, h'awa, jer u'sti h'a'm jer astı suwları, topıraq qatlamların pataslamaqta. Haywanat, o'simlik du'nyası h'a'm ta'biyiy ortalıqtın' basqa obektlerine zıyan tiygizbekte.

Bir qatar birikpeler boyınsha h'awanın' pataslanıw da'rejesi respublikanın' 28 qala h'a'm elatlı punktlerinde sanitariyalıq normadan joqarı. Olardan: Andijan, Almalıq, Angren, Bekabad, Ferg'ana, Shırshıq, Nawayı, Tashkent h'a'm t.b. qalalar bar. Jer astı suwları jaqın jaylasqan bir qatar jerler de pataslanıw qa'wpi astında qalmaqta. A'sirese, jer u'sti suwları Tashkent, Ferg'ana h'a'm basqa ayırım wa'layatlarda ko'p pataslang'an.

Qorshag'an ortalıqtag'ı o'zgerisler demografiyalıq ko'z-qarastan u'lken a'h'miyetke iye. Bul ma'mleketimizdin' sho'l h'a'm tawlı rayonlarında jan'a qalalar, qala tipindegi elatlı punktlerdin' payda bolıwı, taw alaplarında jaylasqan

Tashkent h'a'm Ferg'ana, Marg'ulan tipindegi iri qala aglomeratsiyalarının' payda bolıwı menen baylanıslı.

Biraq, respublika h'a'm wa'layatlar quramındag'ı 42 qalanın' 29-ı g'ana kanalizatsiya h'a'm tazalaw u'skenelerine iye. Rayonlarg'a qaraslı qalalarda kanalizatsiya joq bolıp, shıg'ındılar tazalanbastan suw basseynlerine shıg'arıp jiberiledi. Taw eteklerinde jaylasqan sanaat ka'rxanalarının' zıyanlı shıg'ındıları u'lken aralıqlarg'a tarqalmaqta.

Alaplarda h'a'm taw qıyalıqlarında terekler qırqılıp, bul jerler egin maydanlarına h'a'm jaylawlarg'a aylandırılmaqta. Da'ryalar boyındag'ı terekzarlar h'a'm tog'aylardın' bir bo'limi awıl-xojalıg'ında paydalanıw h'a'm dem alıw zonaları ushın ajıratılmaqta, al bir bo'limi bolsa joq qılıp jiberilmekte. Sonlıqtan h'a'zirgi waqıtta ulıwma maydanı 9 mln.ga dı quraytug'ın ma'mleket tog'ay fondında u'lken jumıslar alıp barılmaqta.

Demek, awıl-xojalıg'ı h'a'm sanaat islep shıg'arıwın tiykarınan paxta islep shıg'arıwına burıw, xalıqtın' aymaqtın' kishi bir bo'limine toplanıwı na'tiyjesinde o'ndiristin' bir tegis jaylaspawı, suw dereklerinin' sheklengenligi h'a'm kemeygenligi, onnan suwg'arıwda, sanaat h'a'm kommunal xojalıqta paydalanıwdın' ku'sheyiwi, awıl-xojalıg'ı, turmıs xızmeti h'a'm sanaat shıg'ındıları menen pataslanıwı, xalqı tıg'ız jaylasqan h'a'm ekologiyalıq za'h'a'rli zatlardı islep shıg'arıwg'a u'lken qala aglomeratsiyalarının' tar taw aralıqlarına jaylastırılıwı; qorshag'an ortalıq obektlerinde pataslandırıwshı zatlardın' toplanıwına mu'mkinshilik beriwshi o'zine ta'n ta'biyiy klimat sha'rayatları O'zbekstanda ta'biyattan paydalanıw h'a'm onı qorg'awdın' o'zine ta'n o'zgeshelikleri esaplanadı.

II. İlimiy-texnikalıq progress (İTP) insannın' ta'biyat u'stinen u'stemligin bekkemledi. İnsan İTP ja'rdeminde tawlardı ornınan jıljıtıp, da'ryalar bag'ıtın o'zgertiw, jasalma ten'izlerdi jaratıw h'a'm u'lken sho'llerdi o'nimdarlı jerlerge aylandırıw ku'diretine iye. Keyingi jıllarda insannın' o'ndiris-ekonomika h'a'm ilimiy-texnikalıq xızmeti u'lken jetiskenliklerge jetti.

X1X a'sirdin' aqırı h'a'm XX a'sirdin' ortalarına kelip ja'miyetlik islep shıg'arıw aqıbetlerinin' qorshag'an ortalıqqa qay da'rejede ta'sir ko'rsetiwin h'esh kim oylamag'an h'a'm bug'an kewil de bo'lmegen. İTP ta'biyattan paydalanıw barısında unamsız aqıbetlerge alıp keldi. İnsan h'a'zirgi ku'nde o'z imkaniyatlarınan «oylanbastan» paydalanıwı, ta'biyat nızamlıqlarına «ruxsatsız» aralasıwı, xojalıq isleri na'tiyjesinde onı o'zine iykemlestiriwge umtılıwı bug'an anıq mısal boladı.

Mashqalanın' ekinshi ta'repi ken' ja'miyetshilik itibarınan shette qaldı. Bul ilimiy-texnikalıq progresstin' ta'biyattan aqılg'a muwapıq paydalanıwdı jolg'a qoyıw boyınsha ornı h'a'm rolin belgilew mashqalası. Bul mashqala ta'biyattı qorg'aw h'aqqındag'ı bilimlerdi rawajlandırıw menen baylanıslı.

Bug'an to'mendegi jag'daylar unamsız ta'sir ko'rsetedi.

- Ken' ko'lemde h'a'm ma'mlekettin' ekonomikalıq imkaniyatların tiykarsız h'a'm baslı talapların itibarg'a almastan, ilimiy-izertlew jumısların alıp barıwg'a urınıw;

- İlimiy mekeme h'a'm ilimiy xızmetkerlerdin' xalıq xojalıg'ı, ja'miyet h'a'm ilimnin' rawajlanıw talaplarına salıstırg'anda kem h'a'reketshen'ligi h'.t.b..

Sol sebepli h'a'zirgi ku'nde ta'biyattı qorg'aw h'a'm ta'biyattan aqılg'a muwapıq paydalanıwdın' ilimiy tiykarlang'an h'a'm na'tiyjeli siyasatın islep shıg'ıwg'a za'ru'rlik sezilmekte. Bul jag'dayda ekologiyalıq ma'selelerdin' sebeplerin h'a'm aqıbetlerin anıq belgilew za'ru'r boladı. Bul boyınsha qorshag'an ortalıqtı qorg'awdın' normativ aktleri islep shıg'ılıp atırg'an ilajlarda ko'plep faktorlardı esapqa alıwdı ta'miyinlewshi kompleksli izertlewlerdin' alıp barılıwı u'lken a'h'miyetke iye.

Ta'biyattı qorg'awg'a baylanıslı izertlewler O'zbekstan Respublikası ilim texnika ma'mleketlik komitetinin'(GKNT) tiykarg'ı bag'darları boyınsha Ma'mleket ilimiy-texnikalıq da'stu'rleri ko'leminde a'melge asırıladı.

İzertlewlerdi amelge asırıw na'tiyjesinde:

* İshimlik suwdın' sapası menen Aral boyı xalqının' salamatlıg'ı ortasındag'ı baylanıs anıqlandı.

* Qorshag'an ortalıqtın' potentsial qa'wipli faktorlarının' ekologiyalıq-gigienalıq normaları islep shıg'ıldı.

* Geologik, gidrologiyalıq, awıl-xojalıg'ı h'a'm ta'biyattı qorg'aw bag'darları boyınsha tematikalıq ekologiyalıq kartalar du'zildi.

* Suwlardı radionuklidlerden, awır metallardan, pestitsidler h'a'm fenollardan tazalaytug'ın mini sistemasının' ulgisi jaratıldı, sınap ko'rildi h'a'm AQSh-da sertifikatsiyalandı.

* Birden-bir Aziya suw xojalıg'ı sistemasın jaratıw kontseptsiyası islep shıg'ıldı.

* O'zbekstan respublikası jer u'sti suwlarının' sıpatına, olardan paydalanıw imkaniyatlarına qarap rayonlastırıldı, suwdı qorg'aw ila'jların optimallastırıwdın' kriteriyası h'a'm sheklewleri belgilendi.

* O'zbektan respublikası ta'biyattı qorg'aw ilimiy mag'lıwmatnama atlası baspadan shıg'arıldı.

* Suwlardı tazalawdın' jan'a kompleksli usılı (biomassa h'a'm elektr menen isletiw) islep shıg'ıldı.

* Aral boyın saqlaw h'a'm qorg'awdın' ekologiyalıq talaplarına say basseyindi keleshekte rawajlandırıwdın' optimal variantları islep shıg'ıldı.

* Tu'slik Aral boyının' suwg'arılatug'ın aymaqlarında h'aywanat du'nyasının' aw qılınatug'ın tu'rlerinen aqılg'a muwapıq paydalanıwdın' ilimiy tiykarları islep shıg'ıldı.

* Aral ten'izinin' qurıg'an tu'binin' fitomeliorativ jumısları ushın duzlı h'a'm qurg'aqshılıqqa shıdamlı o'simliklerdin' sortları tan'lanıp alıw jumısları dawam etpekte h'a'm egiw isleri alıp barılmaqta.

* O'zbekstan jaylawlarının' 300 h'a'm agroklimatlıq rayonlastırıw karta-sxemaları du'zildi.

* Qa'wipli jag'dayda gidrotexnik qurılmalardı ekspluatatsiya qılıwdın' matematik modelleri islep shıg'ıldı.

* Oraylıq Aziya tawları u'stindegi azon qatlamının' quramı izertlenildi.

İTP tabısları h'a'm bul boyınsha ilmiy-izertlewlerdi ta'biyattı qorg'aw tarawına tartıw u'lken na'tiyjeler beredi. İzertlewler tiykarında alıng'an unamlı na'tiyjeler ko'p obektlerde sınawdan o'tkerildi.

Ha'zirgi ku'nde ilimiy islenbelerden ku'tilip atırg'an tiykarg'ı maqsetlerdin' biri sanaat shıg'ındıları h'aqqında mag'lıwmatlar bankin jaratıw esaplanadı. Bunday mag'lıwmatlar sanaat shıg'ındıların bir jerde toplaw, saqlaw h'a'm joq qılıw imkaniyatın beredi.

III. O'zbekstanda ximiyalastırıw h'a'm onın' unamsız aqıbetleri qorshag'an ortalıqqa ayqın seziledi. Bunday jag'daydın' ju'zege keliwine burıng'ı Awqam da'wirinde respublikamızdın' bir ta'repleme rawajlanıwı, a'sirese paxta jetistiriwge qa'niygelesiwi sebep bolg'an edi. Ulıwma alg'anda, ximiyalastırıw tek O'zbekstan ushın keri ta'sirin tiygizip qoymay, onın' ta'siri barlıq ma'mleketler ushın birdey qa'wipli.

Qa'niygelerdin' mag'lıwmatlarına qarag'anda, ximiyalıq to'ginlerdi esapqa almag'anda jer biosferasına 2 mln. ximiyalıq birikpeler tu'sedi. Usınnan xalıq-aralıq den-sawlıqtı saqlaw sho'lkeminin' mag'lıwmatlarına qarag'anda 40 mın'nan aslamı insan salamatlıg'ına zıyanlı qa'siyetlerge iye.

İnsan organizmi ashıq organizm esaplanıp, qorshag'an ortalıq ximiyalıq jaqtan o'zgeretug'ın bolsa, insan organizmi de sog'an beyimlesedi.

O'zbekstan respublikasında ximiyalastırıw tiykarınan awıl-xojalıg'ın rawajlandırıw maqsetinde alıp barıladı. Sebebi strategiyalıq egin - paxtashılıqtı rawajlandırıw ushın a'lbette ximiyalıq to'ginler paydalanıladı. Mag'lumatlarg'a qarag'anda en' o'nimdarsiz topıraqlarda da 2-4 tonna ta'biyiy azotqa iye. Qara topıraqlı zonada bul ko'rsetkish 20-30 tonnag'a jetedi. Demek, o'simlik ushın za'ru'r bolg'an ximiyalıq elementler topıraqta jeterli degen juwmaqqa keliw mu'mkin. Ta'biyiy azottın' o'simlikler ta'repinen o'zlestiriliwi qıyın h'a'm sheklengen ta'rizde keshedi. Sol sebepli jasalma to'ginlerden paydalanıw za'ru'rligi tuwıladı. Azot sulfat, ammoniy h'a'm nitrat tuzları ko'rinisinde boladı h'a'm topıraqqa salınadı. Suwg'arıw na'tiyjesinde azot topıraqlardan juwılıp, suw obektlerine tu'sedi. Topıraq h'a'm o'simliklerde azottın' normadan artıqlıg'ı insan organizmi ushın zıyanlı nitratlardın' toplanıwına sebep boladı. Nitratlar awır keselliklerdi keltirip shıg'aradı, a'sirese balalardag'ı awır qan keselikleri bug'an mısal bola aladı.

Azotlı to'ginler menen bir qatarda qorshag'an ortalıqtı pataslandırıwshı mineral to'ginlerden fosforlı h'a'm kaliyli to'ginlerden artıqsha paydalanıw da ta'biyatqa o'zinin' keri ta'sirin ko'rsetedi. Biraq olardın' ta'siri azotlı to'ginlerge qarag'anda biraz kem.

Awıl-xojalıg'ın ximiyalastırıwdın' tiykarg'ı bag'darlarınan ja'ne biri - zıyankeslerge qarsı gu'resiw quralları pestitsidlerden ken' paydalanıw esaplanıladı. Pestitsidlerden natuwrı paydalanıw na'tiyjesinde topıraqta h'a'm suwda normadan artıq toplanıwı jaman aqıbetlerge alıp keledi.

**IV. Ta'biyattan aqılg'a muwapıq paydalanıwdı ekonomikalıq xoshametlew -** qorshag'an ortalıqtı qorg'aw h'a'm ta'biyattan paydalanıw tarawındag'ı basqarıwdın' ekonomikalıq mexanizmlerinin' a'h'miyetli bo'limi. Bunnan basqa basqarıwdın' ekonomikalıq usılları (planlastırıw, qorshag'an

ortalıqtı qorg'awdı qarjılandırıw, limitlerdi (sheklewlerdi belgilew) ta'biyiy resurslardan paydalang'anlıg'ı h'a'm pataslag'anı ushın to'lemler, litsenziyalaw, ekologiyalıq qamsızlandırıw, ekologiyalıq audit) qorshag'an ortalıq sapasın ta'rtiplewshi usıllar qatarına kiredi.

Barlıq ekologiyalıq ta'rtiplewshiler ta'biyattan paydalanıwshılardın' mu'lklik ma'plerin ko'rsetedi, ekonomikalıq payda h'a'm ekologiyalıq talaplardın' bekkem baylanıslılıg'ın ko'rsetedi. Solay etip, ta'biyattan paydalanıwdı basqarıwdag'ı ekonomikalıq xoshametlew - ekologiyalıq h'a'm turaqlı rawajlanıwdı ta'biyattan paydalanıwshılardın' ekonomikalıq ma'plerine baylanıstırıw wazıypaların sheshiw esaplanadı.

**Ekologiyalıq-ekonomikalıq xoshametlew o'z ishine:**

* Salıqqa tartıw (sonın' ishinde ekologiyalıq salıqqa tartıw);

* Ta'biyattı qorg'aw xızmetinin' qarjı kredit mexanizmin (jen'illetilgen kreditlestiriw, subsidiyalaw, subventsiyalaw h'a'm basqalar);

* Bah'a siyasatı (ekologiyalıq taza o'nimlerge jen'illetilgen bah'alar h'a'm u'stemelerdi belgilew);

* Ta'biyattı qorg'awda qollanılatug'ın a'sbaplar h'a'm tekseriw o'lshew a'sbapların islep shıg'arıwshı mekemeler h'a'mde ekologiyalıq bag'dardag'ı islerdi atqarıwshı h'a'm xızmet ko'rsetiwshi firmalardı ma'mleket ta'repinen qollap quwatlaw;

* Ekologiyalıq xarakterdegi is h'a'm xızmetler bazarın uyımlastırıw;

* Ekologiyalıq sertifikatlaw sistemasın jaratıw, ekosertifikatlaw organların akkreditatsiyalaw;

* Pataslandırıw h'uqıqın alıw sawdası siyasatın o'tkiziw (pataslandırıw h'uqıqın beriwshi ma'mleket litsenziyaların alıw mexaniziminen paydalanıw);

* Ta'biyattı qorg'aw bag'darındag'ı tiykarg'ı fondlar amortizatsiyasın tezlestiriw;

* Ta'biyiy resurslardan paydalanıwdı litsenziyalaw;

Ekologiyalıq-ekonomikalıq xoshametlewdin' *eki usılı* bolıp, olar:

*Birinshi* - unamlı motivatsiya, *ekinshi* - unamsız motivatsiya.

Ekologiyalıq-ekonomikalıq xoshametlewdin' joqarıda ko'rsetilgen ta'replerin xoshametlew juwapkershiligin arttırıw arqalı anıqlanadı. Birinshi h'a'm ekinshi topar modellerinen paydalanıw, ta'biyattan paydalanıwdın' ayrıqsha mashqalaların nızamlı normativ da'rejesi menen, ka'rxana ushın o'tkiziletug'ın ta'biyattı qorg'aw ila'jlarının' maqullılıg'ın ekonomikalıq bah'alaw h'a'm ja'miyettin' ekologiyalıq talapları tiykarında qa'liplestiredi.

Ekonomikalıq xoshametlewdin' anıq ila'jların xoshametlew a'melge asıratug'ın da'rejege tikkeley baylanıslı boladı. Ayrıqsha alıng'an adam da'rejesinde bul is h'aqı, materiallıq qoshametlew, materiallıq juwapkershilik, ja'riyma, ka'rxana da'rejesinde xızmetlerdin' bah'ası, payda, ekologiyalıq xoshametlew fondları, ma'mleket da'rejesinde - salıq, qarjı h'a'm bah'a siyasatın o'z ishine aladı.

Ekologiyalıq-ekonomikalıq xoshametlewdin' ayırım da'stekleri to'mendegiler.

1. ***Salıq salıw*** - mekeme ushın en' anıq h'a'm a'h'miyetli xoshametlew ilajı esaplanadı. Ol ta'biyiy resurslardan paydalang'anlıg'ı ushın to'lemler, jer salıg'ı, suw ushın to'lem, tog'ay salıg'ı, jer astı baylıqlarınan paydalanıw h'uqıqın alıw h'a'm ekologiyalıq salıqlardan turadı.

Salıq salıw sistemasına ekologiyalıq salıqlardın' qosılıwı anıq maqsetlerdi go'zleydi. Bul maqset ka'rxanalardın' qorshag'an ortalıqqa ko'rsetip atırg'an zıyanına say olardan alıng'an ayırmalardın' tikkeley baylanıslıg'ın anıqlawg'a xızmet qıladı. Ekologiyalıq salıqlar ta'rtiplewshi h'a'm qarjılastırıwshı salıqlarg'a bo'linedi.

2. Finans kredit mexanizmi resurslarınan aqılg'a muwapıq paydalanıw ta'biyattı qorg'awdı xoshametlewdin' tiykarg'ı deregi esaplanadı.

Ol to'mendegilerdi o'z ishine aladı.

* Ta'biyattı qorg'aw bag'darındag'ı ilajlardı jen'illetilgen kreditler menen ta'miyinlew;

* To'men protsentli to'lemlerde zaemlar ajıratıw;

* Pataslandırıwshı ka'rxanalar ta'repinen shıg'arılatug'ın za'rerli shıg'ındılardı kemeytkenligi ushın arnawlı to'lemlerdi bildiriwshi subsidiyalar;

* Regionlardın' ta'biyatın qorg'aw maqsetlerinde g'a'rezsiz ajıratılg'an investitsiyalıq subsidiyalar.

3. Bah'a siyasatın h'a'm ekologiyalıq taza o'nimlerdi islep shıg'ıw, olar ushın jen'illetilgen bah'alar arqalı xoshametlewdi bildiredi. Onın' ma'nisi shıg'ındısız h'a'm kem shıg'ındısız texnologiyalardı paydalanıw tiykarında islep shıg'ılg'an ekologiyalıq taza o'nimlerge salıstırmalı to'men bah'ada belgilenedi. Na'tiyjede ekologiyalıq taza o'nimler islep shıg'arg'an ka'rxanalar sap paydag'a iye boladı. Sap paydalardın' u'lkenligi ekologiyalıq taza o'nimler satıw ko'lemi, onın' o'timligi baslı orın tutadı.

## Tiykarg'ı tayanısh tu'sinikler

**İTP** – ilim h'a'm texnika rawajlanıwındag'ı teren' mug'dar h'a'm dinamikalıq o'zgerisler.

**İTR** – ilim h'a'm texnika rawajlanıwındag'ı teren' sapa o'zgerisler.

**Ekstensiv o'siw -** islep shıg'arıwdın' ken'eyiwi ko'birek jumısshı ku'shin, islep shıg'arıw quralların h'a'm ta'biyiy baylıqlardı talap etiwi esabınan a'melge asırılg'an ekonomikalıq o'sim.

**Ekonomikalıq xoshametlew** - qorshag'an ortalıqtı qorg'aw h'a'm ta'biyattan paydalanıw tarawındag'ı basqarıwdın' ekonomikalıq mexanizmlerinin' a'h'miyetli bo'limi esaplanadı.

## Ta'kirarlaw ushın sorawlar h'a'm tapsırmalar

1. İlmiy-texnikalıq progress h'a'm ilmiy-texnika revolyutsiyası qanday ayırmashılıqqa iye?

2. İslep shıg'arıwdı intensivlestiriwde ilmiy-texnika rawajlanıwının' roli h'aqqında nelerdi bilesiz?

3. İlmiy-texnika rawajlanıwının' ta'biyattı qorg'awdag'ı tiykarg'ı roli nede?

4. Ta'biyattı qorg'aw boyınsha O'zbekstanda qanday izertlewler alıp barılmaqta?

5. Ta'biyattı qorg'awda ekonomikalıq xoshemetlewdin' ornı h'aqqında nelerdi bilesiz?

6. Ekonomikalıq xoshametlewdin' qanday usılların bilesiz?

**Test sorawları**

1. Qabıl etilgen nızam xu'jjetlerine baylanıslı ekologiyalıq fondlar neshe tu'rli ierarxiyalıq da'rejege iye.
   A. Joqarı da'rejede (respublikalıq ekologiyalıq fondlar).
   V. Orta da'rejede (oblastlar).
   S. To'mengi da'rejede.
   D. Barlıg'ı
2. Ekologiyalıq–ekonomikalıq xoshametlew o'z ishine to'mendegilerdin' qaysısın aladı
   A. Salıqqa tartıw, kredit mexanizmleri, bah'a siyasatı.
   V. Ekologiyalıq sertifikatlau, tabiyiy resurslardı litsenziyalaw.
   S. A h'a'm V juwabı durıs.
   D. Jeke menshik ka'rxanaların qa'rejet penen ta'miyinlew.
3. İTP - tu'sinigin anıqlan'
   A. İlim h'a'm texnika rawajlanıwındag'ı joqarg'ı ko'rsetkishler h'a'm dinamikalıq o'zgerisler.
   V. İlim-texnika rawajlanıwındag'ı teren' sapalıq o'zgerisler.
   S. O'ndiris ko'lemi, jaratılg'an o'nimler h'a'm xızmetkerler ko'lemi, resurslardı tejemli isletiw tiykarında o'nimnin' ko'lemi h'a'm sapasının' artıp barıwı.
   D. O'ndiristin' ken'eyiwi, jumısshı ku'shi, o'ndiris quralları, ta'biyiy baylıqlar esabınan artıp barıwı.
4. İTR – tu'sinigin anıqlan'
   A. İlim texnika rawajlanıwındag'ı joqarı ko'rsetkishler h'a'm dinamikalıq o'zgerisler.
   V. İlim-texnika rawajlanıwındag'ı teren' sapalıq o'zgerisler
   S. O'ndiris ko'lemi, jaratılg'an o'nimler h'a'm xızmetkerler ko'lemi, resurslardı tejemli isletiw tiykarında o'nimnin' ko'lemi h'a'm sapasının' artıp barıwı.
   D. O'ndiristin' keneyiwi jumısshı ku'shi, o'ndiris quralları, ta'biyiy baylıqlar esabınan artıp barıwı.
5. O'ndiristin' ekstensiv rawajlanıw jolın anıqlan'
   A. İlim h'a'm texnika rawajlanıwındag'ı joqarg'ı ko'rsetkishler h'a'm dinamikalıq o'zgerisler.
   V. İlim-texnika rawajlanıwındag'ı teren' sapalıq o'zgerisler.
   S. O'ndiris ko'lemi, jaratılg'an o'nimler h'a'm xızmetler ko'lemi resurslardı tejemli isletiw tiykarında o'nimnin' ko'lemi h'a'm sapasının' artıp barıwı.
   D. O'ndiristin' ken'eyiwi ko'birek jumısshı ku'shi, o'ndiris quralları, ta'biyiy baylıqlar esabınan artıp barıwı.
6. Respublikada suwg'arılatug'ın maydanlar 4,2 mln.ga, sonın' neshe protsenti qa'wipli da'rejede.
   A. 30
   V. 40

S. 50
D. 60
7. Respublika boyınsha toplanıp qalg'an h'a'r qıylı o'ndiris shıg'ındıları neshe mln. tonnanı quraydı.
A. 500 mın' t.
V. 700 mın' t.
S. 1 mln t.
D. 1,3 mln t.

## TA'BIYATTAN PAYDALANIW ILA'JLARIN A'MELGE ASIRIWDIN' EKONOMIKALIQ NA'TIYJELILIGI

### Reje

1. Qorshag'an ortalıq pataslanıwının' ekonomikalıq optimumı.
2. Ta'biyattı qorg'aw qa'rejetlerinin' sotsiallıq za'ru'riy mug'darın bah'alaw.
3. Ta'biyattı qorg'aw qa'rejetlerinin' quramı.
4. Ta'biyattı qorg'aw qa'rejetlerinin' ekonomikalıq na'tiyjeliligin anıqlaw.

I. Qorshag'an ortalıqtı qorg'aw ekonomikası h'a'm ekologiyalıq xızmetler quramın analiz etiw, birinshiden ta'biyattı qorg'aw qa'rejetleri h'a'm normadag'ı ekonomikalıq za'rer ortasındag'ı parq qanday?; ekinshiden ta'biyattı qorg'aw ila'jlarının' na'tiyjeliligin qanday anıqlaw kerek? degen eki ma'seleni sheshiw talap etiledi.

Qorshag'an ortalıqtı qorg'aw ekonomikasının' tiykarg'ı ideyası - adamzat ja'miyetinin' ta'biyattı qorg'aw iskerligi menen ekonomikalıq rawajlanıw ortasındag'ı o'z-ara kelisiwin tabıw bolıp esaplanadı.

Ta'biyattı qorg'aw qa'rejetleri h'a'm ekonomikalıq zıyan siyaqlı ekologiyalıq qa'rejetler ten' salmaqlılıg'ın mikroekonomikalıq analiz etiw na'tiyjesinde olar arasındag'ı anıq sheshimnin' bar ekenligi ko'rinedi. Bul tochka qorshag'an ortalıq pataslanıwının' *ekonomikalıq optimumı* dep ataladı.

***Ekonomikalıq optimum*** - ta'biyattı qorg'aw qa'rejetlerinin' belgili mug'darına belgili zıyannın' sa'ykes keliwi bolıp tabıladı.

II. Ta'biyattı qorg'aw qa'rejetlerinin' sotsiallıq za'ru'rlik mug'darın bah'alaw - qorshag'an ortalıq sapasın saqlaw ushın ketken qa'rejetlerge salıstırg'anda qatnaslardı belgilewde ko'rinedi, yag'nıy tiykarg'ı u'sh metodologiyalıq bag'dar h'aqqında so'z etiledi.

1. Ekstensiv bag'dar ta'repdarları: «texnogen ekspantsiya yag'ni,so'zsiz ta'biyattı qorg'aw boyınsha h'a'r qanday h'a'reketler na'tiyjesiz, paydasız h'a'm ekonomikalıq o'siwdi to'menletedi» degen pikirdi bildirmekte. Bul ilimde texnokratikalıq bag'dar dep ju'ritiledi.

2. Ekonomikalıq bag'dar ta'repdarları: ta'biyattı qorg'aw ila'jları qa'rejetlerin waqtınsha kelisilgen emissiya h'a'm de basqa normalardı talap tiykarında ag'ımdag'ı ekonomikalıq na'tiyjeler menen shekleydi.

Bul jandasıw ta'biyattı qorg'awda ekonomikanın' real rawajlanıw imkaniyatlarına sa'ykes tu'rde u'lken bolmag'an qa'rejetlerdi teoriyalıq tiykarlawında ko'rinedi. Bul jandasıwdın' mazmunı aytarlıqtay jetik bolmag'an,

ju'da' uzaq da'wirlerde na'tiyje beretug'ın ekologiyalıq normalardın' islep shıg'ılıwında ko'rinedi.

Bunday jandasıwlarda ekologiyalıq qolaysızlıq na'tiyjesinde ju'zege keletug'ın ekonomikalıq za'rerge jetkilikli itibar berilmeydi, pataslanıwdan keletug'ın ekonomikalıq zıyandı esaplaw usılı, ta'biyiy resurslardan paydalang'anlıg'ı, qorshag'an ortalıqqa jetkerilgen za'rer ushın to'lemlerdi esaplaw usılları h'a'mde ta'biyattı qorg'aw iskerligi o'lshemleri islep shıg'ılg'an.

**3. Global jandasıw** - ja'miyettin' ta'biyattı qorg'awda aldag'ı strategiyasın islep shıg'ıwda sotsial-ekologiyalıq, ekologiyalıq h'a'm ekonomikalıq ta'replerin tolıq esapqa alıw, ekologiyalıq-ekonomikalıq ten' salmaqlılıq za'ru'r degen ideyag'a su'yenedi. Bul jandasıwg'a qaray ta'biyattı qorg'aw qa'rejetlerinin' za'ru'rli mug'darı maksimal ko'rsetkishlerge jetedi, yag'ni qa'rejetlerdin' mug'darı ulıwma ishki o'nimnin' 8-10%-in qurawı za'ru'r.

Ha'zirgi uaqıtta respublikada ta'biyattı qorg'aw islerine ajıratılıp atırg'an qa'rejetlerdin' aqılg'a muwapıq ko'lemi baslı masele esaplanadı. O'zbekstanda ta'biyattı qorg'aw islerine ajıratıp atırg'an qa'rejetlerdin' mug'darı biraz u'lken bolıwı talap etiledi. Respublikamızdag'ı ekologiyalıq sha'rayatlardın' ju'da' a'h'miyetli ekenligi, ekotsid jag'daylardın' bar ekenligi, bul qa'rejetlerdin' ko'birek ajıratılıwın turmıs za'ru'rligi etip qoyadı.

Qa'rejetlerdin' kem ajıratılıwı ekonomikalıq rawajlanıwdın' ekologiyalıq ta'replerine jetkilikli itibar berilmewine alıp keledi h'a'm bunday ko'z-qaras a'lbette o'zinin' unamsız ta'sirin ko'rsetiwi ta'biyiy.

Rawajlang'an ma'mleketlerdin' ko'p jıllıq ta'jiriybelerinde qa'rejetler qorshag'an ortalıqtın' ekologiyalıq turaqlılıg'ın, biosferadag'ı protsesslerdin' unamlı keshiwi h'a'm prioritet ekonomikalıq rawajlanıwdı ta'miyinlewi za'ru'r boladı.

**III. Ta'biyattı qorg'aw qa'rejetleri** - Ta'biyattı qorg'aw tizimindegi ila'jlar: atmosferanı h'a'm suwdı pataslanıwdan saqlaw, jerlerdi shıg'ındılardan tazalaw h'a'm rekultivatsiya qılıw, tog'ay xojalıqların ju'ritiw h'a'm basqalarg'a ketetug'ın shıg'ınlardı bildiredi. Ekonomikalıq a'meliyatta bul qa'rejetlerdin' *eki tu'ri* ajıratıladı. *Kapital* h'a'm *ag'ımdag'ı* qa'rejetler bularg'a mısal boladı.

***Kapital qa'rejetler*** - ekologiyalıq bag'dardag'ı tiykarg'ı fondlar h'a'm materiallıq aylanba qa'rejetlerde o'z ko'rinisin tapqan qurallar (suw resursları, h'awa basseyni, mineral resurslar h'a'm h'aywanat resursların qorg'aw maqsetindegi qurılıslar ushın ajıratılatug'ın ma'mleketlik kapital qoyılmaların) o'z ishine aladı.

Ta'biyattı qorg'aw fondlarına ajıratılıp atırg'an kapital qoyılmalardın' mug'darı anıq jag'dayg'a qarap u'lken bolıwı mu'mkin: mısalı, gaz h'a'm shan'nan tazalaw u'skenelerinin' bah'ası tiykarg'ı texnikalıq u'skeneler bah'asının' 20%-ine jetiwi mu'mkin.

Ta'biyattı qorg'aw jumıslarına ajıratılıp atırg'an ma'mleketlik kapital qoyılmalarınan tısqarı qompleks bag'dardag'ı kapital qoyılmalar da a'melge asırıladı. Yag'ni ka'rxana h'a'm sho'lkemlerdin' ulıwma ekonomikalıq h'a'm ta'biyattı qorg'aw na'tiyjesin ta'miyinlew bag'darındag'ı qa'rejetlerin (texnika h'a'm texnologiyanı jetilistiriw qa'rejetleri, shiyki zattı quramalı qayta islewdi

ta’miyinlewshi, islep shıg’arıwdı sho’lkemlestiriw h’a’m sanitar qorg’aw zonaların jaratıw) o’z ishine aladı. Ekologiyalıq bag’dardag’ı kapital qa’rejetlerdin’ u’lken kishiligi islep shıg’arıwda tarmaq o’zgesheliklerine u’zliksiz baylanıslı boladı.

Kapital qarjılardın’ bo’listiriliwi qorg’alıp atırg’an obektlerdin’ o’zgesheliklerine tikkeley baylanısta boladı. Ko’plegen qa’rejetler suw resursların qorg’awg’a, olardan u’nemli paydalanıwg’a, atmosfera h’awasın qorg’awg’a sarplanadı. Qa’rejetlerdin’ mug’darı jıllar boyınsha, tarawlar boyınsha, ta’biyiy obektler h’a’m territoriyalar boyınsha o’zgerip turadı.

***Ag’ımdag’ı qa’rejetlerge*** - ta’biyattı qorg’aw boyınsha tiykarg’ı fondlarg’a xızmet ko’rsetiw h’a’m onı ta’miyinlewge ketetug’ın qa’rejetler (xızmet ko’rsetiwshi xızmetkerler miynetine is h’aqı to’lew, ag’ımdag’ı h’a’m kapital remontlawg’a, energetika qa’rejetleri), sonın’ menen birge ta’biyattı qorg’aw menen baylanıslı xızmetlerge (ekologiyalıq audit, ekspertlerdi tartıw h’.t.b.) to’lenetug’ın is h’aqılardı da o’z ishine aladı.

Ta’biyattı qorg’awg’a ajıratılıp atırg’an ag’ımdag’ı qa’rejetler tovar o’nimlerin islep shıg’arıwg’a ketken qa’rejetler ishinde 0,2-3%-ti quraydı. Kapital qarjılardın’ ulıwma ko’lemine salıstırg’anda ag’ımdag’ı qa’rejetler derlik u’sh ma’rte artıq bolıp, atmosferanı qorg’awda bul ko’rsetkish 1/5 di, suw resursları boyınsha 1/3 qatnastı quraydı.

**IV.** Ta’biyattı qorg’aw ila’jları qa’rejetlerinin’ ekonomikalıq na’tiyjeliligi h’a’m olardı a’melge asırıwg’a ketken qa’rejetler menen erisilgen ekonomikalıq na’tiyje ortasındag’ı balansqa baylanıslı. Esaplawlarg’a qarag’anda ulıwma ishki o’nimnen ta’biyattı qorg’awg’a ajıratılg’an 1-2% qa’rejet, ulıwma ishki o’nimge jetkiziliwi mu’mkin bolg’an 3-5% zıyannın’ aldın aladı.

Ta’biyattı qorg’aw qa’rejetlerinin’ ekonomikalıq na’tiyjeliligin anıqlaw o’zine ta’n o’zgeshelikke iye bolıp, ol na’tiyjeliliktin’ ko’plegen ko’rinisleri h’a’m olardı anıqlaw usılları sıpatında sa’wlelenedi. Na’tiyjelilikti anıqlawda to’mendegilerdi itibarg’a alıw lazım boladı.

- Ta’biyattı qorg’aw qa’rejetleri paydanın’ artıwına alıp kelse, onın’ na’tiyjeliligi - aldı alıng’an jog’altıw h’a’m pataslanıw na’tiyjesinde ju’zege keletug’ın qosımsha qa’rejetler sıpatında sa’wlelenedi.
- Ta’biyattı qorg’aw ila’jları na’tiyjeliliginin’ regionallıq sıpatlaması usı territoriyadag’ı barlıq ta’biyattan paydalanıwshılardın’ qa’rejetlerin salıstırıwdı talap etiledi.
- Sotsiallıq na’tiyjelerdin’ u’lken bo’limlerinin’ qunın bah’alaw qıyın keshedi. A’meldegi usıllar qorshag’an ortalıqtı qorg’aw ila’jlarının’ *da’slepki* h’a’m *aqırg’ı* sotsial-ekonomikalıq na’tiyjelerin salıstıradı.
- ***Da’slepki na’tiyje*** - qorshag’an ortalıqtın’ pataslanıwının’ kemeyiwi h’a’m onın’ jag’dayının’ unamlı ta’repke o’zgeriwinde ko’rinedi.

Bul jag’day atmosfera, suw h’a’m jerdegi zıyanlı birikpelerdin’ kontsentratsiyalarının’ pataslanıw ko’leminin’ pa’seyiwin bildiredi. Eger ka’rxanalardın’ ekonomikalıq h’a’m ekologiyalıq ma’plerin itibarg’a alatug’ın bolsaq, da’slepki na’tiyje o’nim ko’leminin’ ekologiyalıq normalarg’a a’mel qılıng’an jag’dayında artıwı tu’siniledi.

- ***Aqırg'ı na'tiyje*** - xalıqtın' turmıs da'rejesi h'a'm islep shıg'arıw na'tiyjeliliginin' artıwında ko'rinedi.

Bunday jag'dayda ekonomikalıq na'tiyjeler ulıwma o'nim ko'leminin' artıwında, shiyki zat h'a'm materiallıq resurslardın' ısırapkershiliginin' kemeyiwinde, materiallıq emes tarawlarda qa'rejetlerdin' kemeyiwinde, jeke qarjılardın' qısqartılıwında ko'rinedi.

- ***Sotsiallıq na'tiyje*** - xalıqtın' keselleniw da'rejesinin' kemeyiwinde, dem alıw sha'rayatlarının' jaqsılanıwında, estetikalıq ta'biyiy resurslardı saqlawda ko'rinedi.

Sotsiallıq na'tiyjenin' o'zine ta'n o'zgesheliklerinen biri, onın' sapa ko'rsetkishlerinin' u'stemligi bolıp tabıladı. Sotsiallıq na'tiyje to'mendegi ekonomikalıq ko'rsetkishlerde o'z ko'rinisin tabadı: emleniw ushın qa'rejetlerdi tejew, kesellik qag'azları ushın to'lemler h'a'm t. b.

O'zbekstan Respublikası sotsiallıq bag'darlang'an bazar qatnasıqların qa'liplestiriw jolınan barar eken ta'biyattı qorg'awdın' sotsiallıq na'tiyjesine ayrıqsha itibar beredi.

Ha'zir Respublikamızda 27,1 mln.nan zıyat xalıq jasaydı. Keyingi 15-20 jıl mag'lıwmatların analizlegenimizde xalıqtın' keselleniw da'rejesi birqanshı azayg'anlıg'ı belgili boldı. Degen menen ayırım aymaqlarda a'sirese Aral boyı aymag'ında, Ta'jikstan menen shegaralas Sariasie rayonlarında h'a'm pestitsidler ko'p qollanılatug'ın territoriyalardag'ı ekologiyalıq jag'daydın' qeskinligi xalıqtın' den-sawlıg'ına aytarlıqtay ta'sir ko'rsetpekte. Eger 1996-jılları Xorezm wa'layatında 37%, Qaraqalpaqstan Respublikasında 45% tekserilgenler keselleniw toparının' qa'wipli da'rejelerine kirgizildi, yamasa Xorezm wa'layatında 62,3%, Qaraqalpaqstan Respublikasında 75% xalıq keselleniwge beyimliligi anıqlandı.

Aral boyı regionında xalıqtın' tuberkulez, asqazan ragi, kem qanlılıq h'a'm basqada kesellikler menen awırıw da'rejesi basqa regionlarg'a qarag'anda joqarılıg'ı da'lillendi. Sariasieda Ta'jikstan alyuminiy zavodının' unamsız ta'siri na'tiyjesinde xalıqtın' ulıwma keselleniw da'rejesi 2 ma'rte arttı. Degen menen keyingi jıllarda xalıqtın' ulıwma keselleniw da'rejesi h'a'm keselliklerdin' ko'pshilik tu'rleri boyınsha 1996-jıllarg'a salıstırg'anda birqansha kemeydi.

Ta'biyattı qorg'aw na'tiyjeliligin anıqlaw metodologiyası ulıwmalıq (absolyut) h'a'm salıstırmalı ekonomikalıq na'tiyjelilikti esaplawdı na'zerde tutadı.

Absolyut na'tiyjelilik - tu'rli da'rejelerde (ma'mleket, region, taraw, ka'rxana) ta'biyattı qorg'aw ila'jları qa'rejetlerinin' ekonomikalıq na'tiyjeli ekenligin anıqlaw maqsetinde a'melge asırıladı.

Salıstırmalı na'tiyjelilik - ta'biyattı qorg'aw ila'jlarının' optimal variantların ekonomikalıq jaqtan da'liyllew, tan'lap alıwda paydalanıladı.

Tolıq ekonomikalıq na'tiyjelilik - aldı alıng'an zıyandı esapqa alıw tiykarında, ila'jlardı o'tkergenge shekem h'a'm o'tkergennen keyingi ekonomikalıq zıyannın' parqı menen o'lshenedi.

Ta'biyattı qorg'awdın' joqarıda ko'rsetilgen variantları ekologiyalıq taza o'nim islep shıg'arıw ko'lemine h'a'm qorshag'an ortalıq sapasının' normadag'ı ko'rsetkishine qaray salıstırıladı. Salıstırılıp atırg'an variantlardın' ekonomikalıq na'tiyjelilik ko'rsetkishi – ulıwma qa'rejetler minimumı esaplanadı.

**Qorshag'an ortalıq sapasının' ekonomikalıq optimumı**. Ekonomikalıq jandasıwg'a qaray, xojalıq ju'ritiwshi subektler, ta'biyattı qorg'aw ila'jlarının' sonday variantların tan'law h'a'm a'melge asırıw kerek, onda alıng'an na'tiyje menen ta'biyattı qorg'aw ila'jlarına sarplang'an qa'rejetlerdin' ortasındag'ı parq maksimal bolıwı lazım. Bundag'ı en' qolaylı variant qorshag'an ortalıq sapasının' ekonomikalıq optimumı dep ataladı. Ju'da' u'lken bolmag'an ekologiyalıq buzılıwlar ta'biyattı qorg'aw qa'rejetlerinin' artıwı, olardan keletug'ın ekonomikalıq zıyannın' kemeyiwine ten' keledi.

Ta'biyattı qorg'aw ila'jlarının' ko'lemin belgilewde ma'mlekettin' ekonomikalıq potentsialı, ma'mlekettin' ta'biyattı qorg'awdı qarjılastırıw imkaniyatları, qorshag'an ortalıq pataslanıwının' da'rejesi h'a'm bazar faktorları ta'sir ko'rsetedi.

## Tiykarg'ı tayanısh tu'sinikler

**Ekonomikalıq optimum** - ta'biyattı qorg'aw qa'rejetlerinin' belgili mug'darına belgili zıyannın' sa'ykes keliwi.

**Ekstensiv bag'dar** ta'reptarları - «texnogen ekspantsiya so'zsiz ta'biyattı qorg'aw bag'darındag'ı h'a'r qanday h'a'reketler na'tiyjesiz, paydasız h'a'm ekonomikalıq o'siwdi to'menletedi» dep aytadı.

**Ekonomikalıq bag'dar** ta'reptarları - ta'biyattı qorg'aw ila'jları h'a'reketleri - waqıtsha kelisilgen emissiya h'a'm basqa normalardı ag'ımdag'ı ekonomikalıq na'tiyjeler menen shekleydi.

**Global jandasıw** - ja'miyettin' ta'biyattı qorg'aw perspektivalıq strategiyasın islep shıg'ıwda, sotsial-ekologiyalıq, ekologiyalıq h'a'm ekonomikalıq ta'replerin tolıq esapqa alıp, ekologiyalıq-ekonomikalıq ten' salmaqlılıq za'ru'r degen ideyag'a tayanadı.

**Ta'biyattı qorg'aw qa'rejetleri** - ta'biyattı qorg'aw bag'darındag'ı ila'jlar: atmosferanı, suwdı pataslawdan saqlaw, jerlerdi shıg'ındılardan tazalaw h'a'm rekultivatsiyalaw, tog'ay xojalıqların ju'ritiw h'a'm t.b. ketetug'ın qa'rejetlerdi bildiredi.

**Kapital qa'rejetler** - ekologiyalıq bag'dardag'ı tiykarg'ı fondlar h'a'm materiallıq aylanba qarjılarda o'z ko'rinisin tapqan qurallardı o'z ishine aladı.

**Ag'ımdag'ı qa'rejetler** - ta'biyattı qorg'aw bag'darındag'ı tiykarg'ı fondlarg'a xızmet ko'rsetiw h'a'm onı ta'miyinlewge ketetug'ın qa'rejetlerdi o'z ishine aladı.

**Ekonomikalıq na'tiyjelilik** - ta'biyattı qorg'aw ila'jlarının' qa'rejetleri menen erisilgen ekonomikalıq na'tiyje ortasındag'ı ayırmashılıq.

**Da'slepki na'tiyje** - qorshag'an ortalıqtın' pataslanıwının' kemeyiwi h'a'm onın' jag'dayının' unamlı ta'repke o'zgeriwinde ko'rinedi.

**Aqırg'ı na'tiyje** - xalıqtın' turmıs da'rejesi h'a'm islep shıg'arıw na'tiyjeliliginin' artıwında ko'rinedi.

**Sotsiallıq na'tiyjelik** - xalıqtın' keselleniw da'rejesinin' kemeyiwinde, dem-alıw sha'rayatlarının' jaqsılanıwında, estetikalıq ta'biyiy resurslardı saqlawda ko'rinedi.

**Absolyut na'tiyjelilik** - tu'rli da'rejelerde ta'biyattı qorg'aw ila'jları qa'rejetlerin ekonomikalıq na'tiyjeli ekenligin anıqlaw.

**Salıstırmalı na'tiyjelilik** - ta'biyattı qorg'aw ila'jlarının' optimal variantların ekonomikalıq da'lillew, saylaw h'a'm tan'law.

**Tolıq ekonomikalıq na'tiyje -** aldı alıng'an zıyandı esapqa alıw tiykarında, ila'jlardı o'tkergenge shekem h'a'm o'tkergennen keyingi ekonomikalıq zıyan arasındag'ı ayırmashılıq.

## Ta'kirarlaw ushın sorawlar h'a'm tapsırmalar

1. Ekonomikalıq optimum degenimiz ne?
2. Ta'biyattan paydalanıw qa'rejetleri h'a'm olardın' tu'rleri qanday?
3. Kapital qa'rejetler degende qanday qa'rejetler tu'siniledi?
4. Ag'ımdag'ı qa'rejetler degende qanday qa'rejetler tu'siniledi?
5. Ta'biyattı qorg'aw qa'rejetlerinin' ekonomikalıq na'tiyjeliligi qanday anıqlanadı?
6. Ekonomikalıq zıyan degenimiz ne?
7. Ekonomikalıq zıyannın' aldın alıwdın' qanday jolların bilesiz?
8. O'zin'iz jasap atırg'an respublikan'ız (oblastın'ız)dag'ı ka'rxanalardın' ta'biyatqa jetkerip atırg'an zıyanı h'aqqında mag'lıwmat tayarlan'.

## Test sorawları

1. Ekonomikalıq optimum tu'siniginin' mag'anasın anıqlan'
   A. Ta'biyattı qorg'aw qa'rejetlerinin' ma'lim bir mug'darına ma'lim bir zıyannın' tuwra keliwi
   V. Ekologiyalıq ko'rsetkishtegi tiykarg'ı fondlar h'a'm materiallıq aylanba qa'rejetlerde ko'rsetilgen qurallardı o'z ishine aladı.
   S. Ta'biyattı qorg'aw sıpatlamasındag'ı tiykarg'ı fondlarg'a xızmet ko'rsetiw onı ta'miyinlewge ketetug'ın qa'rejetler.
   D. A h'a'm V juwaplar tuwrı.
2. Kapital qa'rejetler tu'sinigin anıqlan'.
   A. Ta'biyattı qorg'aw qa'rejetlerinin' ma'lim bir mug'darına ma'lim bir zıyannın' tuwra keliwi.
   V. Ekologiyalıq ko'rsetkishtegi tiykarg'ı fondlar h'a'm materiallıq aylanba qa'rejetlerde ko'rsetilgen qurallardı o'z ishine aladı.
   S. Ta'biyattı qorg'aw sıpatlamasındag'ı tiykarg'ı fondlarg'a xızmet ko'rsetiw, onı ta'miyinlewge ketetug'ın qa'rejetler.
   D. A h'a'm V juwabı tuwrı
3. Ku'ndelikli qa'rejetler tu'sinigin anıqlan'.
   A. Ta'biyattı qorg'aw qa'rejetlerinin' ma'lim bir mug'darına ma'lim bir zıyannın' tuwra keliwi.
   V. Ekologiyalıq ko'rsetkishtegi tiykarg'ı fondlar h'a'm materiallıq aylanba qa'rejetlerde ko'rsetilgen qurallardı o'z ishine aladı.
   S. Ta'biyattı qorg'aw sıpatlamasındag'ı tiykarg'ı fondlarg'a xızmet ko'rsetiw onı ta'miyinlewge ketetug'ın qa'rejetler
   D. A h'a'm V juwabı tuwrı

4. Da'slepki jetiskenlik neni bildiredi?
   A. Qorshag'an ortalıqtın' pataslanıwının' kemeyiwi h'a'm onın' unamlı o'zgeriwde ko'rinedi.
   V. Xalıqtın' turmıs da'rejesi h'a'm o'ndiristin' artıwı
   S. Xalıqtın' keselleniw da'rejesinin' kemeyiwi, dem alıw sha'rayatının' jaqsılanıwı, estetik ta'biyiy resurslardı saqlaw.
   D. A h'a'm V juwap.
5. Aqırg'ı jetiskenlik tu'siniginin' mag'anasın anıqlan'.
   A. Qorshag'an ortalıqtın' pataslanıwının' kemeyiwi h'a'm onın' unamlı ta'repke o'zgeriwinde ko'rinedi.
   V. Xalıqtın' turmıs da'rejesi h'a'm o'ndiristin' jetiskenliginin' artıwında
   S. Xalıqtın' keselleniw da'rejesinin' kemeyiwi, dem alıw sha'rayatının' jaqsılanıwı, estetik ta'biyiy resurslardı saqlaw.
   D. A h'a'm V juwap.
6. Sotsiallıq jetiskenlik tu'sinigin anıqlan'.
   A. Qorshag'an ortalıqtın' pataslanıwının' kemeyiwi h'a'm onın' unamlı ta'repke o'zgeriwinde ko'rinedi.
   V. Xalıqtın' turmıs da'rejesi h'a'm o'ndiristin' artıwı.
   S. Xalıqtın' keselleniw da'rejesinin' kemeyiwi, dem alıw sha'rayatının' jaqsılanıwı, estetik ta'biyiy resurslardı saqlaw.
   D. A h'a'm V juwap tuwrı.

## SUW RESURSLARIN QORG'AWDI REJELESTIRIW H'A'M OLARDAN AQILG'A MUWAPIQ PAYDALANIW. ATMOSFERA H'AWASIN QORG'AW.

### Reje

1. Suw resursları, olardın' quramı h'a'm du'zilisi.
2. Suw resursların basqarıw.
3. Suw resurslarınan paydalanıwdı esapqa alıw h'a'm rejelestiriw.
4. Respublikamızda suw resurslarının' ekologiyalıq jag'dayın jaqsılawdın' tiykarg'ı mashqalaları h'a'm bag'darları.
5. Atmosfera h'awasın qorg'aw.

**1.** Bu'gingi ku'nde O'zbekstan Respulikasında tez pa't penen o'sip baratırg'an xalıqtı h'a'm rawajlanıp baratırg'an xalıq xojalıg'ı tarmaqların suw menen ta'miyinlew a'h'miyetli mashqala bolıp esaplanadı. O'zbekstan Respublikasının' suw resursları: da'ryalar, sel ag'ımı, kanallar, ko'l h'a'm suwsaqlag'ıshlar suwlarınan quraladı. Olardın' tiykarg'ı suw derekleri - da'ryalar. O'zbekstan Respublikası da'ryaları Aral basseyni da'ryalarına kiredi.

Aral basseyninin' maydanı - 2686,6 mın' km$^2$ di qurap, bul aymaqqa Oraylıq Aziya Respublikaları menen birge qon'sı Awg'anstannın' (257 mın' km$^2$) h'a'm İrannın' (65,6 mın' km$^2$) aymaqlarıda kiredi. Aral basseyni aymag'ında eki iri da'rya - A'miwda'rya h'a'm Sırda'rya u'lken a'h'miyetli orın tutadı. Olardın' suwları respublikamızdan sırtta toplanadı. Bulardan basqa Narın, Qarada'rya, Sox, Shırshıq, Zarafshan, Surxanda'rya, Qashqada'rya da'ryaları da kiredi. Bul

da'ryalardın' ko'pshiligi o'zlerinin' ortan'g'ı h'a'm to'mengi ag'ısı O'zbekstannın' aymag'ınan o'tedi. O'zbekstanda barlıg'ı bolıp 50-ge jaqın da'rya bolıp, olardan 10-nın' uzınlıg'ı 150 km den asadı.

A'miwda'rya suwlılıg'ı jag'ınan Sırda'ryadan joqarı tursa da, uzınlıg'ı h'a'm maydanı jag'ınan keyinde turadı. A'miwda'ryanın' jıllıq suw mug'darı 82-85 $km^3$-tı quraydı. Biraq bul bah'a salıstırmalı, sebebi da'rya h'a'r jılı h'a'r qıylı suw mug'darına iye. Gidrografiyalıq jaqtan A'miwda'rya basseynine Qashqada'rya h'a'm Zarafshan basseynlerinin' aymaqları da kiredi. A'miwda'ryag'a O'zbekstan Respublikası aymag'ında on' ta'repten eki tarmaq - Surxanda'rya h'a'm Sherabad da'ryaları qosıladı.

Sırda'ryanın' suw mug'darı 37,2 $km^3$ bolıp, jıldın' suwlılıg'ına baylanıslı jıllıq suw mug'darı 32,5 ten 45,4 $km^3$-ke shekem o'zgerip turadı. Sırda'ryanın' joqarı ag'ımında Narın h'a'm Qarada'ryalar ayrıqsha ajıralıp turadı. Sırda'ryanın' ortan'g'ı ag'ısında Ah'angaran, Shırshıq h'a'm Keles da'ryalarının' basseynlerin ko'rsetiw mu'mkin.

Respublikamız awıl-xojalıg'ı suwg'arıw ma'deniyatına tiykarlang'anlıg'ı sebepli bul jerde kanallarg'a ayrıqsha a'h'miyet beriledi. Kanallar u'sh tu'rge bo'linedi: ulıwma, xojalıqlararalıq h'a'm ishki xojalıq kanalları. Jıl dawamında kanallar da'rya h'a'm suw saqlag'ıshlardan suw alıp tutınıwshılarg'a jetkerip beredi. Respublikamızdag'ı en' u'lken kanal Usman Yusupov atındag'ı U'lken Ferg'ana kanalının' uzınlıg'ı 270 km bolıp, 375 mın' ga jerdi suwg'arıw mu'mkinshiligine iye. Son'g'ı jıllarda ju'da' ko'p kanallar qurıldı. Olardın' xalıq xojalıg'ının' rawajlanıwında a'h'miyeti u'lken. Biraq suw resurslarının' jetispewshiligi sha'rayatında kanallardın' h'a'dden tıs ko'p qurılıwı respublikada suw mashqalasının' kelip shıg'ıwına alıp keldi.

O'zbekstan Respublikasında sel keliwi qa'wpi bar aymaqlar da bir qansha, sol sebepli sel suwların toplaw, sellerdin' aldın alıw h'a'm suwdı ma'wsimlerge bo'listiriw maqsetinde suw saqlag'ıshlar qurılg'an. Suwg'arılatug'ın jerlerdin' suwg'a bolg'an talabı jıl dawamında birdey emes, 80% suw vegetatsiya da'wirinde diyxanshılıqta suwg'arıw ushın sarplanadı. Da'ryalardın' rejimi bolsa bul talaplarg'a juwap bermeydi. Sonlıqtan qurg'aq klimat sha'rayatında suw saqlag'ıshlardın' a'h'miyeti ju'da' u'lken esaplanadı. Suw saqlag'ıshlardan basqa respublikamız aymag'ında melioratsiya maqsetlerinde de ju'da' ko'p irrigatsiya-melioratsiya qurılısları qurılg'an.

Solay etip, bu'gingi ku'nde respublikada zamanago'y suw xojalıg'ı qurılısları ju'zege kelip olardan 236 ma'mleketlik suwg'arıw sisteması, 47 suw saqlag'ısh, 37 ko'terip suw uzatıwshı, 248 bas suw toplaw qurılmaları, 40 iri nasos stantsiyaları h'a'm 150 mın' tu'rli qurılıslardı o'z ishine aladı.

**II. Suw resursların basqarıw**. Suw resurslarınan ratsional paydalanıw sheberlik penen basqarıwdı talap etedi. Tariyxıy dereklerden gu'walıq beriwinshe burınları suw resursları «quran» h'a'm sha'riyat nızamları menen basqarılg'an. Suw resurslarınan paydalanıwdı ta'rtipke salıwda arıqbasılar h'a'm muraplar u'lken rol oynag'an.

Biraq suw resursların basqarıwdın' da'slepki ilimiy tiykarlang'an jolları Rossiyanın' Tu'rkstandı basıp alg'annan keyin baslandı. Sebebi Rossiya

Tu'rkstanda o'zinin' paxta bazasın jaratıwdı niyet qılg'an edi. Sol sebepli 1910-jılı «Tu'rkstan suw nızamshılıg'ı» proektin islep shıg'adı. Bul nızam boyınsha suw ma'mleketke tiyisli bolıp, suw ulıwma fondtan bo'listirilgen limitke qarap ajıratılıwı aytıp o'tilgen. «Tu'rkstan u'lkesi suw resursları h'aqqındag'ı» nızamg'a tiykarlanıp suwdı bo'listiriw h'a'm suw resurslarınan paydalanıwdı ta'rtipke salıw maqsetinde to'mendegi basqarıw quramları sho'lkemlestirilgen:

- Tu'rkstan u'lkesinin' suw xojalıg'ı basqarması, ol tikkeley general-gubernatorg'a boysıng'an;
- Guberniyanın' injener gidrotexnikleri, olar a'skeriy gubernatorlarg'a boysıng'an;
- Uezd baslıqları qasındag'ı uezd gidrotexnikleri h'a'm suw okrugleri wa'killeri ken'esi;
- A'skeriy gubernatorlar ta'repinen tayınlanatug'ın arıq (salma) aqsaqalları;
- Suwdan paydalanıwshılar ta'repinen saylanatug'ın muraplardan ibarat bolg'an.

Adminstrativlik buyrıqpazlıq ekonomikası da'wirinde birden-bir suw fondının' iyesi onın' bo'listiriwshisi, suw xojalıg'ı h'a'm melioratsiya strategiyasının' nızamshısı sıpatında melioratsiya h'a'm suw xojalıg'ı wa'zirligi xızmet ko'rsetetug'ın edi. Suw xojalıg'ı h'a'm melioratsiya tarawında xızmet ko'rsetiwshi proektlew ilimiy orınları, qurılıs sho'lkemleri de onın' quramına kiredi.

Suw h'a'm melioratsiya wa'zirligi usı tarawdag'ı tu'rli proektlerdin' buyırtpashısı h'a'm islep shıg'ıwshısı esaplanadı. Bul wa'zirlik resurslardın' aymaqlıq jaylasıwın esapqa almastan ma'mleketlerdi «u'lesin ta'miyinlew» printsipine tiykarlanıp suwlardı bo'listiretug'ın edi h'a'm bul printsip h'a'zir de saqlanıp qalıng'an.

Bazar qatnasıqlarına o'tiw na'tiyjesinde Oraylıq Aziya ma'mleketlerinde suw resursların basqarıwdın' jan'a tizimleri payda boldı. Sonın' menen birge to'mendegi ma'selelerdi a'melge asırıw aqmiyetli orın tu'tadı.

Suw resurslardı basqarıwdın' birden-bir ma'mleketler-aralıq organın sho'lkemlestiriwdin' za'ru'rligi. Qa'niygelerdin' esaplawlarına qarag'anda bunday organ - arnawlı statusqa, tizimge iye bolıp, basseynde suw resurslarınan paydalanıw h'a'm onın' jag'dayın bah'alaw boyınsha mag'lıwmat orayına iye. «Sırda'rya», «A'miwda'rya» basseynleri suw birlespelerin o'z ishine alıwshı xalıq aralıq suw-energetika kontsortsiumı bolıwı lazım.

- Regionnın' iri da'ryaları h'a'm suw dereklerinin' (A'miwda'rya, Sırda'rya, Sudoche ko'li, Issıq ko'l, Sarıqamıs, Arnasay, Aral ten'izi) sotsial-ekonomikalıq statusın belgilew;
- Suw resursların basqarıw ma'selelerine tiyisli nızam ta'repinen h'a'm h'uqıqıy h'u'jjetlerdi jedellestiriw, bul ma'sele boyınsha birden-bir ma'mleketler-aralıq kontseptsiyanı islep shıg'ıw;
- Respublikalardın' ma'plerin esapqa alg'an h'alda suw sapası h'a'm mug'darı monitoringi sistemasın rawajlandırıw;
- Gidroekologiyalıq jaqtan «qa'wipli» territoriyalardı tolıq u'yreniw.

- Aral ten'izi basseyni suw resurslarının' ulıwma mag'lıwmatlar bazasın jaratıw, bunda olardag'ı dinamikalıq o'zgerislerdi esapqa alıw.

**III. Suw resurslarınan paydalanıwdı esapqa alıw h'a'm onı rejelestiriw.** Suw nızamshılıg'ında suw resurslarınan paydalanıwdı esapqa alıw h'a'm rejelestiriw ma'selelerine u'lken itibar berilgen. Suw resursların esapqa alıwdın' a'h'miyetli wazıypalarınan biri xalıq h'a'm xalıq xojalıg'ı talapları ushın suwdan paydalanıw, suwdın' mug'darı h'a'm sapası h'aqqındag'ı mag'lıwmatlardı anıqlaw bolıp tabıladı. Usı maqsetlerde O'zbekstan Respublikasında statistikalıq esabatlar ju'rgiziledi. Statistika suw dereklerinen alınıp atırg'an suw mug'darı, olardan tu'rli maqsetlerde paydalanıw h'a'm suw basseynlerine alıp barılıp atırg'an suw mug'darı h'aqqında mag'lıwmatlar beredi. Ha'zirgi uaqıtta respublikamızda suwdı tejew, Aral boyı h'a'm Aralg'a aldı ko'llerinin' suw mug'darın ko'beytiw, diyxanshılıq o'ndirisin jedellestiriw, suw resurslarının' sapasın jaqsılaw h'a'm qorg'aw boyınsha birqansha ila'jlar islep shıg'ıldı. Respublikamızda suw resurslarının' keyingi jıllarda bir qansha kemeyiwi baqlanbaqta. To'mendegi grafikte 1995-2008 jılları aralıg'ında Respublikamızda egislikke jaramlı maydanlar h'a'm suw resurslarının' ko'lemi boyınsha mag'lıwmat keltirilgen. (grafikke qaran')

**Qaraqalpaqstan Respublikasinda 1995-2008 jıllar aralıg'ında suwg'arılatug'ın maydan h'a'm paydalanılatug'ın suw mug'darının' grafigi**




——— **paydalanılg'ın suw mug'darı** – – – – **suwg'arılatugın maydon**

İla'jlardı a'melge asırıw islenetug'ın jumıslardın' tu'ri h'a'm mug'darın anıqlaw, kollektor-drenaj sistemaların qurıw h'a'm suwg'arıwdın' jetik usılların engiziw imkanın beredi. Usının' na'tiyjede paydalanılg'an suwlardın' mug'darı kemeyedi.

Bulardın' barlıg'ı suw resursların ilimiy tiykarlang'an jag'dayda paydalanıwdı rejelestiriw, tutınıwshılar ortasında aqılg'a muwapıq bo'listiriw, keleshekke

mo'lsherlengen suwdı qorg'aw h'a'm suw xojalıg'ı ila'jların a'melge asırıw ushın kerek boladı. Suw resurslarınan paydalanıwda suwdın' sapası h'a'm mug'darın, da'rya basseynleri, ekonomikalıq rayonlar boyınsha du'zilgen suwdan paydalanıw h'a'm suw xojalıg'ı balansların o'zinde sa'wlelendiriwshi suw kadastrı mag'lıwmatlarınan paydalanadı.

Ma'mleket ushın ulıwma bolg'an ma'mleket suw kadastrı engizilgen. Suw kadastrı suw obektleri, suw resursları h'a'm da'ryalardın' gidrologiyalıq rejimi h'aqqındag'ı mag'lıwmatlardı o'zinde birlestiriwshi kompleks esaplanadı.

Xalıq h'a'm xalıq xojalıg'ının' keleshekte suwg'a bolg'an talapların qandırıw h'a'm usıg'an baylanıslı ila'jlardı a'melge asırıw - suw h'um suw menen baylanıslı mashqalalardı anıqlaw, suwlardı qorg'aw h'a'm olardın' qorshag'an ortalıqqa ko'rsetetug'ın unamsız aqıbetlerinin' aldın alıw maqsetinde suwdan kompleksli paydalanıwdın' bas rejesi, basseynlik h'a'm aymaqlıq rejelerin islep shıg'ıw mo'lsherlengen.

Suwdan kompleksli paydalanıw h'a'm olardı qorg'awdın' bas rejeleri ma'mleketimizdin' suw xojalıg'ın rawajlandırıwdın' a'h'miyetli bag'darların belgilew ushın islep shıg'ıladı. Basseynlik rejeler bolsa bas rejeler tiykarında du'zilip, da'ryalar h'a'm basqa suw obektleri basseynleri ushın islep shıg'ıladı. Al aymaqlıq rejeler bas h'a'm basseynlik rejeler tiykarında ekonomikalıq rayonlar ushın islep shıg'ıladı.

**IV. Respublikamızda suw resurslarının' ekologiyalıq jag'dayın jaqsılawdın' tiykarg'ı mashqaları h'a'm bag'darları.** O'zbekstan Aral basseyninin' orayında jaylasqan bolıp, bul territoriyada da'rya ag'ımının' 10-12%-i (jılına 10-13 km$^3$) ma'mleket shegaralarında payda bolsada, ten'iz basseyni suw resurslarının' 50%-ten ko'bireginen paydalanadı. Ha'zirgi waqıtta suw resurlarının' jetispewshiligi Awg'anstannın' arqa rayonlarınan, Qazaqstannın' Aral basseyine tutasqan rayonlarına shekemgi aralıqta sezilmekte. Basseynnin' 80%-ten artıq suw resurslarının' toplanıwı Sırda'rya h'a'm A'miwda'ryanın' joqarı ag'ımlarında jaylasqan ma'mleketlerge tuwra keledi. Sonnan: Qırg'ızstanda jılına 27-28 km$^3$ yamasa Sırda'rya ag'ımının' 71-72%, Ta'jikstanda 47 km$^3$ yamasa A'miwda'rya ag'ımının' 63%, Afg'anstan territoriyasına A'miwda'rya ag'ımının' 20-22 km$^3$ tuwra keledi. Regionda suw resurlarının' bo'listiriliwinin' ta'biyiy bir tegis bolmawı Sırda'rya h'a'm A'miwda'ryanın' joqarg'ı ag'ımlarında qurılg'an u'lken gidrotexnikalıq qurılıslardan paydalanıw rejimine baylanıslı.Sebebi qıs aylarında Qırg'ızstan h'a'm Ta'jikstan respublikaları o'zlerinen to'mende jaylasqan ma'mleketlerdin' ma'plerin esapqa almay turıp ko'plep elektr energiyasın o'ndiriw maqsetinde suw saqlag'ıshlardan suwlardı shıg'arıwı natiyjesinde Sırda'ryanın' to'mengi h'a'm orta ag'ımında suw xojalıg'ı islerin keskinlestirip, ekologiyalıq aqıbetlerge jaz ma'wsiminde suwg'arıw isleri ushın suwdın' jetispewshiligi, al qıs aylarında bolsa suwg'arılatug'ın jerler, jaylawlar h'a'm xalıq xojalıg'ı obektlerin suw basıwına alıp kelmekte.

Qırg'ızstan h'a'm Ta'jikstan respublikaları aymaqlarının' ba'lent tawlı rayonlarında da'rya ag'ımlarının' payda bolıw orınlarında da'rya ag'ımın h'a'm gidrometeorologiyalıq rejimlerin baqlaw boyınsha ko'plegen punktlerdin' jabılıwı vegetatsiya da'wirleri arasında suw xojalıg'ının' kompleks jumıslarının'

strategiyasın tan’lap alıw ushın za’ru’r gidrometeorologiyalıq xabarlar jetispewshiligine alıp kelmekte. Bul o’z gezeginde janılg’ı-energetika resurların almasıw boyınsha ko’p jıllıq kelisimlerge kesent tiydirip, suw bo’listiriwdegi basqarıwdın’ to’menlewine alıp keledi. Bunı biz 2000-2001-jıllarda bolg’an suw jetispewshiligi waqtında suwdan paydalanıwdın’ bir tegis basqarılıwın ta’miyinlen-begenliginen ko’rsek boladı.

Xalıq-aralıq h’uqıqlardın’ ulıwma printsipleri h’a’m normalarına muwapıq, suw basseyninde jaylasqan ma’mleketler o’z territoriyalarında transshegaralıq suw basseynlerinen a’dil h’a’m aqılg’a muwapıq paydalanıw lazım. Bunday talaplar xalıq-aralıq nızam h’u’jjetlerinde ko’rsetilgen. O’zbekstan respublikası o’z g’a’rezsizligine eriskennen keyin Aral ten’izi basseyni suw resursların basqarıw h’a’m qorg’awdın’ ulıwma tizimin jaratıwdın’ baslamasın ko’terdi. Usı maqsette ma’mleketler-aralıq suw xojalıg’ın jaylastırıw komissiyası sho’lkemlestirilip, og’an A’miwda’rya h’a’m Sırda’rya suwları, qaytarma suwlar menen birge Aral ten’izi basseyni suwların basqarıw bekitilgen. Sog’an qaramastan h’a’zirgi waqıtta suw resurlarınan transshegaralıq paydalanıw mashqalaları sheshilmey atır. Sonlıqtan suw ta’miynatı tizimlerinin’ transshegeralıq dereklerine baylanıslılıg’ın esapqa alg’an jag’dayda, xalıqtı taza ishimlik suw menen ta’miyinlew respublikamız ushın ayrıqsha sheshiliwi tiyis ma’sele bolıp esaplanadı.

Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha xalıqtın’ ishimlik suw menen ta’miyinlengenlik ko’rsetkishi ortasha 61,5% quraydı. Ulıwma alg’anda respublika xalqının’ 1/3 bo’limi ma’mleketlik standart talabına juwap bermeytug’ın ishimlik suwınan paydalanadı. Ha’zirgi waqıtta ma’mleketimizde jer astı h’a’m jer u’sti suwlarının’ transshegaralıq pataslanıwı baqlanbaqta. Sonın’ menen birge region xalqının’ qa’wipsizligine ko’plegen plotinalardın’ (tarnaw, tog’anlar) texnik jag’dayları, a’sirese 16,6 km$^3$ ko’lemde suw toplanıp qalg’an Sarez ko’li ta’biyiy tarnawının’ jag’dayı qa’wip saladı. Joqarıdag’ılardı esapqa alg’an jag’dayda suw resursları O’zbekstan ushın tek g’ana xalıqtı, sanaat h’a’m suwg’armalı diyxanshılıqtı suw menen ta’miyinleytug’ın derek emes, al sotsial-ekonomikalıq rawajlanıw h’a’m ekologiyalıq jag’daydı ma’lim bir da’rejede saqlap turıwshı birinshi da’rejeli faktor ekenligin esapqa alg’an jag’dayda ma’mleket milliy qa’wipsizligin, onın’ suw menen ta’miyinlengenligi h’aqqındag’ı tiykarg’ı bag’darlardı boljaw mu’mkin. To’mende transshegaralıq suw basseynlerinen paydalanıw boyınsha h’a’zirgi jag’day saqlanıp qalıng’anda h’a’m qon’sılas ma’mleketler menen birgelikte na’tiyjeli ila’jlar ko’rilmese respublika ushın to’mendegi unamsız aqıbetlerdi keltirip shıg’aradı.

Birinshiden - jeterlishe suw menen ta’miyinlenbegenligi, a’sirese suwg’armalı diyxanshılıqqa keskin ta’sir ko’rsetip, zu’ra’a’tliktin’ azayıwı, awıl-xojalıq eginlerinin’ aldınnan pa’st da’rejede rejelestiriliwi, jerlerdin’ shorlanıwının’ artıwı, olardın’ h’asıldarlıg’ının’ pa’seyiwine alıp keledi. Bunda da’ryanın’ joqarı h’a’m to’mengi bo’limleri ortasında suw menen ta’miyinleniwdin’ bir tegis emesligi saqlanıp qalınadı, bul o’z na’wbetinde respublika ishindegi aymaqlarda suwdın’ differensatsiyalanıwına u’lken ta’sirin ko’rsetedi.Bul o’z gezeginde qalaq territoriyalar sanının’ artıwına, olardın’ sotsial h’a’m ekonomikalıq ma’selelerdi sheshiw tezliginin’ pa’seyiwine, sotsiallıq keskinliktin’ ku’sheyiwine alıp keledi.

Usının' menen birge, O'zbekstannın' suw menen ta'miyinlengenlik da'rejesine keleshekte Awg'anstannın' arqa aymaqlarında diyxanshılıqtın' rawajlanıwı da u'lken ta'sir ko'rsetiwi mu'mkin, onın' A'miwda'ryadan potentsial suw alıw mumkinshiligi jılına 15 km$^3$ di quraydı.

Ekinshiden – Aral ten'izine suw keliwinin' derlik joqqa shıg'ıwı, onın' qa'ddinin' elede pa'seyiwine alıp keledi. Son'g'ı 20 jıl dawamında A'miwda'ryadan Aral ten'izine suw ag'ıp keliw tek g'ana jeterli da'rejede suwlı bolg'an jıllarda (1992, 1993, 1994, 1998) 10 km$^3$ ge shamalas, basqa jıllarda derlik ten'izge suw tu'spedi. Aral ten'izi suw qa'ddinin' pa'seyiwi dawam etpekte, bul pa'seyiw ten'izge suw kelip tu'siwi az bolg'an jıllarda 50-60 sm di quradı. Usının' na'tiyjesinde ten'iz suwının' minerallasıw da'rejesi 2008-jılg'a kelip 120-130 g/l ge jetti. Da'rya deltalarının' degradatsiyası h'a'm sho'lleniwi na'tiyjesinde Aral boyında sotsial-ekologiyalıq jag'day keskinlesti.

**Aral tenizinin' qa'ddinin' h'a'm maydanının' o'zgerisi**

| Jıl | qa'ddi (m) | ko'lem (km$^3$) | Maydan (mın' km$^2$) | Jıl | qa'ddi (m) | ko'lem (km$^3$) | Maydan (mın' km$^2$) | Jıl | qa'ddi (m) | ko'lem (km$^3$) | Maydan (mın' km$^2$) |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1911 | 53.32 | 1078 | 67.5 | 1943 | 52.79 | 1049 | 65.1 | 1975 | 49.01 | 822 | 56.7 |
| 1912 | 53.35 | 1084 | 67.7 | 1944 | 52.71 | 1044 | 64.7 | 1976 | 48.27 | 779 | 55.7 |
| 1913 | 53.24 | 1074 | 67.2 | 1945 | 52.78 | 1048 | 65.0 | 1977 | 47.63 | 742 | 54.6 |
| 1914 | 53.26 | 1075 | 67.3 | 1946 | 52.90 | 1056 | 65.6 | 1978 | 47.06 | 713 | 53.9 |
| 1915 | 53.30 | 1077 | 67.4 | 1947 | 52.79 | 1049 | 65.1 | 1979 | 46.45 | 680 | 52.9 |
| 1916 | 53.18 | 1070 | 66.9 | 1948 | 52.56 | 1035 | 64.0 | 1980 | 45.75 | 644 | 51.7 |
| 1917 | 52.94 | 1058 | 65.8 | 1949 | 52.68 | 1042 | 64.6 | 1981 | 45.18 | 616 | 50.7 |
| 1918 | 52.54 | 1034 | 64.0 | 1950 | 52.82 | 1051 | 65.2 | 1982 | 44.39 | 574 | 49.3 |
| 1919 | 52.56 | 1035 | 64.0 | 1951 | 52.72 | 1045 | 64.7 | 1983 | 43.55 | 532 | 47.7 |
| 1920 | 52.50 | 1031 | 63.8 | 1952 | 52.69 | 1043 | 64.6 | 1984 | 42.75 | 499 | 46.2 |
| 1921 | 52.66 | 1041 | 64.5 | 1953 | 52.86 | 1053 | 65.4 | 1985 | 41.94 | 466 | 44.6 |
| 1922 | 52.79 | 1049 | 65.1 | 1954 | 53.12 | 1065 | 67.7 | 1986 | 41.10 | 432 | 42.8 |
| 1923 | 53.03 | 1060 | 66.2 | 1955 | 53.16 | 1067 | 67.8 | 1987 | 40.29 | 401 | 41.1 |
| 1924 | 53.06 | 1062 | 66.4 | 1956 | 53.22 | 1077 | 68.2 | 1988 | 39.75 | 380 | 39.9 |
| 1925 | 53.18 | 1070 | 66.9 | 1957 | 53.19 | 1074 | 68.0 | 1989 | 39.08 | 354 | 38.4 |
| 1926 | 53.05 | 1062 | 66.3 | 1958 | 53.16 | 1067 | 67.8 | 1990 | 38.24 | 323 | 36.4 |
| 1927 | 52.90 | 1056 | 65.6 | 1959 | 53.28 | 1077 | 68.4 | 1991 | 37.56 | 299 | 34.8 |
| 1928 | 52.86 | 1053 | 65.4 | 1960 | 53.40 | 1083 | 68.9 | 1992 | 37.20 | 286 | 33.9 |
| 1929 | 52.89 | 1055 | 65.5 | 1961 | 53.29 | 1079 | 68.5 | 1993 | 36.95 | 278 | 33.2 |
| 1930 | 52.76 | 1047 | 64.9 | 1962 | 52.97 | 1060 | 65.9 | 1994 | 36.60 | 266 | 32.5 |
| 1931 | 52.76 | 1047 | 64.9 | 1963 | 52.61 | 1038 | 64.3 | 1995 | 36.11 | 250 | 31.3 |
| 1932 | 52.97 | 1060 | 65.9 | 1964 | 52.49 | 1030 | 64.8 | 1996 | 35.48 | 230 | 29.7 |
| 1933 | 53.07 | 1064 | 66.4 | 1965 | 52.31 | 1019 | 63.1 | 1997 | 34.80 | 210 | 28.0 |
| 1934 | 53.10 | 1065 | 66.5 | 1966 | 51.89 | 993 | 61.7 | 1998 | 34.24 | 194 | 26.6 |
| 1935 | 53.25 | 1074 | 67.2 | 1967 | 51.57 | 974 | 60.9 | 1999 | 33.80 | 181 | 25.4 |
| 1936 | 53.21 | 1071 | 67.0 | 1968 | 51.24 | 952 | 60.1 | 2000 | 33.30 | 169 | 23.9 |
| 1937 | 53.10 | 1065 | 66.5 | 1969 | 51.29 | 955 | 60.2 | 2001 | 32.1 | 142 | 21.1 |
| 1938 | 52.97 | 1060 | 65.9 | 1970 | 51.43 | 964 | 69.5 | 2002 | 31.08 | 122 | 18.5 |
| 1939 | 52.87 | 1054 | 65.4 | 1971 | 51.06 | 940 | 59.7 | 2003 | 31.98 | 120 | 18.2 |
| 1940 | 52.67 | 1042 | 64.5 | 1972 | 50.54 | 909 | 58.9 | 2004 | 30.72 | 119 | 17.6 |
| 1941 | 52.67 | 1042 | 64.5 | 1973 | 50.22 | 891 | 58.4 | 2005 | 30.64 | 119 | 17.5 |
| 1942 | 52.71 | 1044 | 64.7 | 1974 | 49.85 | 870 | 57.9 | 2006 | 30.53 | 116 | 17.4 |

U'shinshiden – Regionnın' suw xojalıg'ı kompleksinin' na'tiyjesiz h'a'reketi h'a'm jer u'sti suw basseynlerine kollektor-drenaj suwlarının', mineral h'a'm ximiyalıq to'ginlerdin', sanaat shıg'ındılarının' taslanıwına baylanıslı suw resurslarının' sapasının' to'menlewine alıp keledi. Taw-ka'n ka'rxanaları shıg'ındıları, suyıq shıg'ındılar saqlag'ıshlardag'ı joqarı da'rejedegi toksik h'a'm radioaktiv shıg'ındılar, awır metallardın' suw tasqını h'a'm sel ag'ımları menen jer u'sti suwlarına tu'siw qa'wpi saqlanıp qalmaqta.

To'rtinshiden – Chardara suw saqlag'ıshınan Arnasay ko'line 1,5-2,0 $km^3$ den artıq suw tu'siwinin' dawam ettiriliwi natiyjesinde ekologiyalıq jag'daylardın' ele de jamanlasıwına alıp keledi. Bul Mırzasho'l h'a'm Jizzaq sho'lleri territoriyasınan izey h'a'm jer astı suwlarının' artıwına h'a'mde meliorativ jag'daylarının' ja'nede jamanlasıwına sebep boladı. Usının' menen birge artıqsha suw ko'l qa'ddin 0,2-0,3 metrge ko'teredi h'a'm 50-70 $km^2$ maydandı suw basıw qa'wpin tuwdıradı.

Besinshiden – Sarez ko'linde taw ko'shki esabında payda bolg'an tosıqtın' buzılıw qa'wipli suw tasqının keltirip shıg'arıwı mu'mkin, bul o'z gezeginde ko'plegen qurbanlardan basqa, onlap gidrotexnikalıq qurılıslar, ko'pirler, avtomobil jolları, puxaralıq qurılıs obektlerinin' wayranshılıqqa alıp keliwi h'a'm awıl-xojalıg'ı maydanlarına zıyan jetkiziwi mu'mkin.

Usılardı esapqa alg'an jag'dayda to'mendegi wazıypalardı sheshiw za'ru'r dep esaplanadı.

1) Ma'mleketler-aralıq suw xojalıg'ın ta'rtiplestiriw (MSXTK) komissiyasına xalıq-aralıq sho'lkem atag'ın beriw arqalı Aral ten'izi suw- energetikalıq resursların birgelikte basqarıw tiziminin' o'nimli h'a'reketin ta'miyinlewdi jolg'a qoyu.

2) Regionda a'sirese suwdan paydalanıw obektlerinde suwdı tejewshi texnologiyalardı, suwg'arıwdın' jan'a usılların endiriw, irrigatsiya tizimlerin jetilistiriwdi a'melge asırıw, suw saqlag'ıshlardın' jumıs rejimlerin ja'ne de ta'rtipke salıw.

3) Respublikadag'ı mashqalalar h'a'm ma'plerdi esapqa alg'an jag'dayda, regionnın' transshegaralıq suw resurslarınan u'nemli, aqılg'a muwapıq paydalanıw h'a'm basqarıw boyınsha h'uqıqıy h'u'jjetler toplamın qosımsha islep shıg'ıw.

4) Transshegeralıq suwlardın' pataslanıwına jol qoymaw, olardın' aldın alıw, sapasın baqlap barıw h'a'mde regionda ekologiyalıq turaqlılıqtı ta'miyinlew boyınsha ma'mleketler-aralıq da'stu'rdi islep shıg'ıw h'a'm onı a'melge asırıw h'.t.b.

**V. Atmosfera h'awasın qorg'aw.** Atmosfera qorshag'an ortalıqtın' a'h'miyetli bo'limi esaplanadı. Atmosfera quramına kiriwshi kislorod adam organizmi ushın dem alıwda, otındı jandırıwda u'lken a'h'miyetke iye. Atmosferanın' tiykarg'ı paydalanıwshısı jerdegi flora h'a'm fauna esaplanadı. Atmosfera ba'lentlikke qarap bir neshe sferalardan ibarat boladı. Jer ju'zine troposfera tikkeley tutasqan bolıp, barlıq protsessler atmosferanın' usı qabıg'ında aktiv keshedi. Troposferada vertikal h'a'm gorizontal protsessler bolıp, onın' tu'rli jag'dayda bolıwına alıp keledi. Troposferada atmosfera h'awasının' 75%-i, suw puwı h'a'm tu'rli bo'leksheler toplang'an. Sonlıqtan bul qatlamda jawın, qar h'a'm bultlardı keltirip shıg'arıwshı protsessler ju'z beredi.

Troposferanın' joqarg'ı shegarasınan tropopauza baslanıp, onın' biyikligi shama menen 8-18 km a'tirapında boladı. Tropopauzadan joqarıda stratosfera jaylasıp, bul sfera h'awanın' siyrekligi, bultlardın' kemligi, temperaturanın' u'zliksizligi baqlanadı. Onnan keyin stratopauza jaylasqan. Onnan keyin mezosfera jaylasıp, onda temperaturanın' kemeyiwi baqlanadı. Mezosferanın' joqarı bo'limi mezopauzada temperatura minus 85-90$^0$S-qa shekem jetedi. Mezosferadan son' termosfera jaylasqan. Termosferada temperaturanın' ko'beyiwi baqlanadı. Bul sferada Quyash radiatsiyasının' u'lken bo'limi jutılıp ketedi h'a'm Jer betine tu'setug'ın meteoritlerdin' tiykarg'ı bo'limi usı sferada janıp ketedi. Elektr zaryadlarının' tiykarg'ı bo'limi de usı sferada payda boladı. Termosferadan keyin ionosfera h'a'm ekzosfera jaylasqan.

Atmosfera insannın' jasaw ortalıg'ı bolıp, onı taza h'alda saqlawg'a umtıladı. Atmosfera h'awasının' ken' aralıqlarda transshegaralıq pataslanıwı, ozon qatlamının' jemiriliwi, puwlı gazlerdin' shıg'arılıwı na'tiyjesinde temperaturanın' global ısıwı sıyaqlı global mashqalalarg'a respublikamızda da u'lken a'h'miyet berilmekte. 1999-jıldan sanaat, energetika h'a'm h'awanı pataslandırıwshı zatlardın' ulıwma mug'darının' ko'lemi azaymaqta.

**Atmosferag'a shıg'arılıp atırg'an zıyanlı shıg'ındılardın' dinamikası**

| **Derekler/jıllar** | **1999** | **2000** | **2001** | **2003** | **2005** | **2007** |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Statsionar derekler | 776,9 | 755,5 | 711,8 | 729,4 | 672,6 | 646,5 |
| Ha'rekettegi obektler | 1520,0 | 1593,0 | 1583,5 | 1453,0 | 1348,6 | 1310,9 |
| Ha'mmesi | 2296,9 | 2348,5 | 2250,3 | 2182,4 | 2021,1 | 1957,4 |

Malıwmatlardın' analizi sonı ko'rsetedi 1999-jılda atmosferag'a shıg'arılg'an shıg'ındılardın' ulıwma ko'lemi 2296900 tonnanı qurap, sonnan 776900 tonna yamasa 34% shıg'ındı statsionar dereklerge tuwra kelgen. 2007-jılg'a kelip shıg'ındılardın' ulıwma mug'darı 14,1% yamasa 1957400 tonnag'a qısqarg'an. Bul sanaat h'a'm energetika sektorlarında ayırım qısqarıwlar, rekonstruktsiya h'a'm qayta rekonstruktsiya o'tkiziliwi h'a'mde h'awanı qorg'aw boyınsha jumıslardın' islengenligin ko'rsetedi. Atmosferag'a shıg'arılıp atırg'an zıyanlı elementlerdin' 50%-nen artıg'ın uglerod oksidi, 14%-in altın ku'kirt angidridi h'a'm sog'an uqsas zıyanlı elementler, 8% - uglevodorodlar, 5% - qattı elementler, 4% - azot oksidi quraydı.

Statsionar dereklerden atmosferag'a 150-den artıq zıyanlı elementler shıg'arıladı. Aymaqlıq jaqtan bul zıyanlı shıg'ındılardın' 84%-in sanaat ka'rxanalarının' tiykarg'ı bo'limi toplang'an Tashkent, Qashqada'rya, Buxara, Ferg'ana h'a'm Nawayı wa'layatlarına tuwra keledi.

Statsionar dereklerden shıg'ıp atırg'an zıyanlı shıg'ındılardın' tiykarg'ı bo'limi O'zbekneftgaz MK ka'rxanalarına, O'zbekstan Respublikası energetika ministrligi, Almalıq taw-metallurgiya kombinatına, «O'zqurılıs» kontserni ka'rxanalarına, «O'zximsanaat» assotsiatsiyasına, «Qızılqumaltınaslmet» kontsernine tuwra keledi.

Atmosferanı pataslandırıwshı tiykarg'ı dereklerden biri avtomobil transportı esaplanadı. Avtomobil transportının' atmosferag'a shıg'arıp atırg'an zıyanlı elementlerinin' salmag'ı 53%-ti, ayırım qalalarda 80%-ke shekem jetedi. Keyingi waqıtta atmosferag'a transport ta'repinen shıg'arılıp atırg'an zıyanlı shıg'ındılar birqansha kemeydi.

Atmosfera h'awasının' pataslanıw da'rejesi h'a'm onı respublika aymaqları boyınsha o'zgesheligi tarawda anıq ila'jlardı islep shıg'ıwdı talap etedi. Usıg'an qarap h'awanı qorg'awdın' anıq bag'darları to'mendegishe belgileniwi lazım:

- Hawanın' pataslanıwı belgilengen da'rejeden asıp ketken qala h'a'm elatlı punktlerde belgilengen normag'a tu'siriw.
- Respublikanın' barlıq qalalarında, elatlı punktlerde h'a'm sanaat oraylarında h'awanın' sapasın sanitariya normaları da'rejesine tu'siriw.
- Hawanı qorg'awda ekonomikalıq da'steklerden paydalanıwdı ken'eytiw.

## Tiykarg'ı tayanısh tu'sinikler

**Suw resursları** - muzlıqlar, da'ryalar, suw saqlag'ıshlar, kanalar, jer astı suwları, kollektor-drenaj suwları h'a'm basqa suwlar.

**Suw limiti** - suwdı belgili o'lshemde, sheklengen tu'rde paydalanıwshılarg'a beriw.

**Atmosfera -** Jerdin' h'awa qabıg'ı.

**Troposfera** - atmosferanın' to'mengi qatlamı.

## Ta'kirarlaw ushın sorawlar h'a'm tapsırmalar

1. O'zbekstanda suw resursları qanday bo'listirilgen?
2. Suw resurslarına neler kiredi?
3. Suwlardı pataslandırıwshı derekler h'aqqında nelerdi bilesiz?
4. Suw resurslarının' pataslanıw aqıbetleri nelerge alıp keldi?
5. Suw jetispewshiligi sebepleri nede h'a'm suwdan paydalanıwdı jaqsılaw ushın qanday tla'jlar islew kerek?
6. Atmosferanı pataslandırıwshı derekler h'aqqında nelerdi bilesiz?
7. Atmosferanı qorg'aw ila'jları h'a'm olardın' na'tiyjeliligi qalay anıqlanadı?

## Test sorawları

1. Aral ten'izi basseyninin' maydanın anıqlan' (mln. $km^2$ esabında)
   A. 1,26 mln. $km^2$
   V. 1,73 mln. $km^2$
   S. 2,25 mln. $km^2$
   D. 2,68 mln. $km^2$
2. O'zbekstandag'ı da'ryalardın' sanın anıqlan'
   A. 50
   V. 63
   S. 77
   D. 89
3. O'zbekstanda birinshi ret ilimiy tiykarlang'an suw resursların basqarıw jobaları neshinshi jılı islep shıg'ıldı?

A. 1867-jılı Buxara a'mirligi parmanı
V. 1910-jılı G'Tu'rkstan suw nızamshılıg'ıG'
S. 1936-jılı Mırzasho'ldi o'zlestiriw
D. 1945-jılı Ferg'ana alabın suwlandırıw

4. Ma'mleketlik suw kadastrının' maqseti h'a'm wazıypaların belgilen'
A. Suw kadastrı, suw obektleri rejimi, sapası
V. Suw resursları, da'ryalardın' gidrologik rejimi
S. Muzlıqlardın' dinamikasın u'yrenedi
D. A h'a'm V juwabı durıs

5. Strastosferanın' troposferadan o'zgesheligi
A. Hawanın' siyrekligi
V. Bultlardın' azlıg'ı
S. Temperaturanın' birdeyligi
D. Barlıq juwap tuwrı

6. Ortasha jılına neshe mln tonna atmosferag'a zıyanlı shıg'ındılar shıg'arıladı?
A. 0,5
V. 0,9
S. 1,2
D. 1,8

7. Suw limiti tu'siniginin' ma'nisin anıqlan'
A. Suwdı ma'lim ko'lemde, sheklengen mug'darda paydalanıwshılarg'a jetkerip beriw
V. Muzlıqlar, daryalar, suw saqlag'ıshlar, kanallar
S. Jer astı suwları, kollektor-drenaj h'.t.b. suwlar
D. V h'a'm S juwapları durıs

8. Aral tenizi suwının' kemeyip ketiwine ta'sir etiwshi tiykarg'ı faktorlardı belgilen'.
A. Suwg'armalı diyxanshılıqtın' rawajlanıwı, puwlanıwshılıqtın' h'a'dden tıs ko'pligi
V. Qızılqum, Qaraqum sho'lleri aralıg'ında jaylasıwı
S. Sanaattın', transporttın' rawajlanıwı
D. A h'a'm V juwapları durıs.

## TOG'AY RESURSLARIN QORG'AWDI JOBALASTIRIW H'A'M OLARDAN RATSIONAL PAYDALANIW. G'MDA MA'MLEKETLERINDE TA'BIYATTAN PAYDALANIWDIN' AYMAQLIQ MASHQALALARI

### Reje

1. Tog'ay resursları quramı, a'h'miyeti, h'a'zirgi awh'alı.
2. Tog'aylardan natuwrı paydalanıwdın' aqıbetleri h'a'm olardı qayta tiklew.
3. Biologiyalıq resurslardı qorg'aw h'a'm olardan aqılg'a muwapıq paydalanıw.
4. G'MDA ma'mleketlerindegi ekologiyalıq jag'day h'a'm olardı sheshiwdin' tiykarg'ı printsipleri.

I. Tog’aylar ta’biyattın’ en’ biybah’a baylıqlarınan biri bolıp tabıladı. Ol ta’biyiy ortalıqtı salamatlastırıw, insannın’ jasaw sha’rayatın jaqsılaw, jer h’a’m suw baylıqların, atmosfera h’awasın qorg’awda u’lken orın tutadı. Tog’aylar xalıq xojalıg’ında jergilikli za’ru’rliklerdi qanaatlandırıwda da a’h’miyetli.

İnsannın’ xojalıq iskerligi na’tiyjesinde tog’aylar azayıp barmaqta. Ha’zirgi uaqıtta tog’aylar iyelegen maydan qurg’aqlıqtın’ 1/6 bo’legin quraydı, bul ko’rsetkish 50-jıllarda 1/4 bo’legin iyelegen edi. Tog’aylardın’ qısqarıwı respublikamızda da baqlanbaqta.

Respublikamız tog’ay fondının’ ulıwma maydanı 9,15 mln. ga quraydı. Usınnan 3 mln. ga tog’ay menen qaplang’an bolıp, onda 12 mln. kub metr ag’ash qorına iye. Respublikamız territoriyasının’ 5,1%-i tereklikler bolıp, ol jan basına 0,1 ga.g’a tuwra keledi.

O’zbekstan Respublikasının’ «Tog’ay h’aqqındag’ı» nızamının’ 3-statyasında: *tog’aylar tiykarınan ekologiyalıq (suwdı qorg’aw, qorıqlaw, sanitariyalıq gigiena, sawallandırıw, rekreatsiyalıq), estetikalıq h’a’m basqa wazıypalardı atqaradı, sheklengen da’rejede paydalanıw a’h’miyetine iye*.

4-statyada: G’*Tog’aylar ma’mleket mu’lki - ulıwma milliy baylıq bolıp, olardan ratsional paydalanıw lazım h’a’mde olar ma’mleket ta’repinen qorg’aladıG’* delingen.

Tariyxıy dereklerdin’ mag’lıwmatlarına qarag’anda O’zbekstannın’ taw aldı h’a’m tawlı aymaqları qa’dimde qalın’ tog’aylar menen qaplang’an. O’zbekstandag’ı tog’aylardın’ ortasha jası 300 jastı quraydı, ayırımları onnan da u’lken.

Ta’biyiy sha’rayattın’ h’a’r qıylılıg’ı h’a’m respublika jer betinin’ tegis emesligi tog’aylardın’ ta’biyat zonaları boyınsha o’zine ta’n ta’rizde jaylasıwına alıp keledi. Tog’aylar - taw, sho’l, qayır h’a’m alap tog’aylarına bo’linedi.

Taw tog’aylarının’ maydanı 311 mın’ gektardı qurap,respublika tog’ay qorının’ 11%-in iyeleydi. Bul jerlerde en’ ko’p tarqalg’an terek tu’rleri - arsha. Onın’ iyelegen maydanı 200 mın’ gektardı yamasa respublika tog’aylarının’ 7%-in quraydı. Qalg’an 100 mın’nan aslam gektarı ken’ japıraqlı h’a’m puta ta’rizli arshazarlıqlar quraydı.

Sho’l tog’aylar）2,4 mln. gektar maydandı yamasa barlıq tog’aylardın’ 87%- in iyeleydi. Bul tog’aylardın’ ko’pshilik bo’legi seksewillerden ibarat.

Qayır tog’ayları 25 mın’ gektar yamasa barlıq tog’aylardın’ 1%-in iyeleydi,al alap tog’ayları respublika tog’aylarının’ 0,4%-in quraydı.

Respublikamızda tog’aylardın’ maydanı XX a’sirdin’ basınan beri 4-5 ma’rte qısqardı. A’sirese qayır tog’ayları diyxanshılıqtın’ rawajlanıwı na’tiyjesinde keskin azaydı. Olardın’ maydanı A’miwda’rya deltasında 1920-jıllardag’ı 150 mın’ gektardan h’a’zirgi ku’nge kelip 22-23 mın’ gektardı quraydı. Bul jag’day h’a’zirde dawam etip atır.Sonlıqtan tog’aylardı qorg’aw mamleketlik tog’ay xojalıg’ı ta’repinen a’melge asırıladı.

O’zbekstan Respublikası tog’ayları Tog’ay xojalıg’ı wa’zirligi qaramag’ında bolıp, wa’zirlikte 90 tog’ay xojalıg’ı ka’rxanası bar. Sonnan, 72-si tog’ay xojalıg’ı, 6-wı ma’mleket qorıqxanası, 2-wi da’ri-da’rmaq alınatug’ın h’a’m azıqlıq o’simliklerin o’siriw h’a’m qayta islewge qa’nigelesken xojalıq esaplanadı.

Bunnan tısqarı 2-tog'ay an'shılıq xojalıg'ı, 2-Zamin h'a'm Ugam-Chatqal milliy dem alıw bag'ları, 2-xojalıq esabındag'ı tog'ay uchastkaları, 1 qa'niygelesken tog'ay xojalıg'ı, 2-bas tog'ay ka'rxanası h'a'm 1-islep shıg'arıw oqıw ornı bolıp tabıladı.

II. O'zbekstan Respublikası tog'ayları bir neshe mın' tu'rdegi qımbat bah'alı tereklerden ibarat. Ha'zirgi ku'nde olardan aqılg'a muwapıq paydalanbaw sebebinen bir qansha azayıp ketti. Keyingi jıllarda tereklerdin' ko'p tu'rleri «Qızıl kitap» qa kirgizilgen.

Ha'zirgi kunge deyin jog'alıp baratırg'an o'simlik tu'rleri 163 tu'rden 301 tu'rge jetti h'a'm ol respublika florasının' 8%-in quraydı. Bunday jag'day mashqalag'a jeterli da'rejede itibar beriwdi h'a'm anıq ila'jlar dizimin islep shıg'ıwdı talap etedi.

Tog'aylardı tiklew shara-ila'jları na'tiyje bermey atır. 1% tog'aylardı tiklew ushın keminde 50 jıl kerek boladı. Sonlıqtan tog'aylardı tiklew jumıslardın' jetkilikli da'rejede na'tiyjeli emesligin ko'rsetpekte.

U'lken qa'wip tuwdıratug'ın ila'jlardın' biri - tog'aylardag'ı jan'a egilgen na'llerdin' joq bolıp baratırg'anlıg'ı bolıp tabıladı. Keyingi 10 jıl dawamında tog'ay xojalıqları ta'repinen jan'adan egilgen na'llerdin' 32%-i (124065 ga) nabıt boldı h'a'm esaptan shıg'arıldı. Na'l jetistiriwde zamanago'y ila'jlarg'a jetkilikli tu'rde itibar berilmeydi. İlimiy-izertlew jumıslarının' na'tiyjesi to'men. Tog'ay xojalıg'ı ka'rxanaları o'z iskerligin ju'ritiwde h'esh qanday tiklew jumısları esapqa alınbaydı. Tog'ay xojalıg'ınan basqa sho'lkemler olardı tiklew h'a'm qorg'aw jumıslarına itibar bermeydi. Tog'aylardın' kemeyiwinde jang'ın h'a'm tu'rli kesellikler keri ta'sirin ko'rsetpekte. Tog'aylardı statistikalıq jaqtan esapqa alıw jumısların ku'sheytiw talap etiledi.

Respublikada jabayı h'alda o'siwshi da'rilik qa'siyetke iye h'a'm tutınıwg'a jaramlı o'simliklerge talap joqarı. 1992-jılg'a shekem olardı jıynaw menen ma'mleketlik uyımlar, xojalıqlar shug'ıllang'an. Jılına jıynalg'an o'simlik mug'darı ortasha 850-870 t. nı qurag'an. Bul jıynalg'an o'nim o'simliklerdin' qayta tikleniwine unamsız ta'siri h'a'm ekologiya talaplarına juwap beriwi tiyis boladı.

Sonı da atap o'tiw kerek, tog'ay resurslarınan h'a'zirge deyin biypul paydalanılg'an. Bul jag'day tog'ay resurslarınan ratsional paydalanbawg'a h'a'm tog'ay resurslarının' nabıt bolıwına alıp keledi.

O'zbekstan Respublikasının' «O'simlik du'nyasın qorg'aw h'a'm onan paydalanıw h'aqqında»g'ı nızamı bul ma'selege ayqınlıq kirgizdi. Tog'ay resurslarınan paydalanıwdın' ekonomikalıq mexanizmleri islep shıg'ıldı. Ma'selen, O'zbekstan Respublikasının' «Tog'ay h'aqqında»g'ı nızamının' 41-statyasında: «*Tog'aylardı qorg'aw, olardan aqılg'a muwapıq paydalanıw h'a'm olardı qayta ko'beytiwdi qarjılastırıw ma'mleket byudjeti qa'rejetleri h'a'm basqa derekler esabınan a'melge asırıladı.*

*Tog'aylardı qorg'aw h'a'm olardan aqılg'a muwapıq paydalanıw,olardı qayta ko'beytiwdi ekonomikalıq qoshemetlew ta'rtibi Ministrler ken'esi ta'repinen belgilenedi*» delingen.

Ma'mleket tog'ay resursların tiklew boyınsha barlıq initsiativanı o'z qaramag'ına alg'an. Tog'ay tarawındag'ı mu'na'sebetlerdi ta'rtipke salıwda Ministrler ken'esi wa'killigin ku'sheytildi. Olarg'a to'mendegiler kiredi:

- Tog'aylardı qorg'aw h'a'm olardan ratsional paydalanıw boyınsha birden-bir ma'mleketlik siyasattı a'melge asırıw.
- Ma'mleketlik tog'ay fondın qaramag'ına alıw.
- Tog'aylardı qorıqlaw tu'rlerin anıqlaw ta'rtibin belgilew.
- Tog'aylardan paydalang'anlıg'ı ushın h'aqı to'lew ta'rtibi h'a'm mug'darın belgilew.
- Tog'aylardı qorg'aw, qorıqlaw h'a'm olardan paydalanıw h'a'mde olardı qayta ko'beytiw u'stinen ma'mleketlik qadag'alawdı sho'lkemlestiriw h'a'm a'melge asırıw.
- Tog'aylardın' ma'mleketlik esabın h'a'm ma'mleket tog'ay kadastrın ju'ritiw ta'rtibin belgilew.
- O'z wa'killigi masshtabına kiriwshi basqa ma'selelerdi sheshiw h'.t.b.

Tog'ay resursların ko'beytiw boyınsha Ministrler ken'esi ila'jlar da'stu'rin islep shıqpaqta. Olardan xalıq xojalıg'ında paydalanıw u'shin resurs dereklerin ko'beytiw maqsetinde sanaatlıq aqmiyetke iye terekshilikti rawajlandırıw esaplanadı. Qa'niygelerdin' esaplawlarına qarag'anda respublikada h'a'r jılı 10000 gektarg'a terek egilse, 10 jılda 100000 gektarg'a jetedi. Rossiya tog'aylarında bir terek 80-100 jılda paydalanıwg'a jaramlı bolsa O'zbekstanda 8-12 jılda jetilisedi. Eger 1 gektar jerdegi tereklikten 500 kub. metr sapalı ag'ash beriwin esapqa alsaq, respublikamızda jetistirilip atırg'an terekler sanaat h'a'm xalıqtın' ag'ashqa bolg'an talabın qanaatlandırıw mu'mkinshiligine iye.

III. O'zbekstan Respublikası İA Botanika institutı mag'lıwmatlarına qarag'anda, respublikamızda h'a'zirde 4100-den artıq o'simlik turleri bolıp, olardan 3 mın'nan aslam tu'ri jabayı o'siwshi o'simlikler, olardan 9%-i endemik o'simlikler esaplanıp, respublikamızdın' o'simlik tu'rlerine bay ekenligin ko'rsetedi. Biraq o'simlik du'nyasına itibarsızlıq penen qaraw na'tiyjesinde 1991-jılda Qızıl kitapqa 163 tu'r o'simlik kiritilgen bolsa, h'a'zirgi uaqıtqa kelip onın' sanı 301 turge jetti.

O'zbekstanda jabayı jag'dayda o'siwshi o'simlikler da'ri h'a'm azıqlıq zatlardı tayarlawda ma'mleketlik sho'lkemler, qospa ka'rxanalar shug'ıllanıp, tayarlaw mug'darı sheklenbegen bolıwı na'tiyjesinde o'simlik tu'rlerinin' keskin kemeyip ketiwine sebep boldı. Sonlıqtan o'simliklerdin' bir neshe tu'rlerin qorg'aw boyınsha arnawlı nızamlar islep shıg'ıldı.

O'zbekstanda 38 mln. ga an'shılıq-balıqshılıq jer maydanları bolıp, bug'an ko'ller, da'ryalar, suw saqlag'ıshlar h'a'm t.b. kiredi. Respublikamız faunası 97 tu'rdegi h'aywanlar, 424 tu'rdegi quslar, 58 tu'rdegi jer bawırlawshılar h'a'm 83 balıq tu'rlerine iye bolıp, usınnan: quslardın' 48 tu'ri, jer bawırlawshılırdın' 10 tu'ri, balıqlardın' 18 tu'ri, omırtqasızlardın' 78 tu'ri O'zbekstannın' qızıl kitabına kirgizilgen.

1990-jıllarg'a shekem U'stirtten 10 mın'g'a jaqın saygaklar awlanar edi. Bunın' tiykarg'ı sebebi saygak shaxlarınan da'riler isleniwine baylanıslı, nızamsız

tu'rde ko'plep awlanılg'an. U'stirtte keyingi 10 jıllıqta saygaklardın' sanı birneshe ese kemeyip ketti. Ha'zirgi ku'nde saygaklardı awlaw qadag'an etilgen.

**4. G'MDA ma'mleketlerindegi ekologiyalıq jag'day h'a'm olardı sheshiwdin' tiykarg'ı printsipleri.** G'MDA ellerindegi ekologiyalıq jag'day o'zinin' h'a'r ta'repleme o'zgesheligi menen ko'zge tusedi: G'MDA ma'mleketlerinin' 7-8 mln $km^2$ territoriyası adamnın' xojalıq iskerligine tartılmag'an, 2 mln $km^2$ territoriyası bolsa ekologiyalıq jaqtan qolaysız territoriyalar qatarına kiredi.

İzertlewlerge qarag'anda, G'MDA-nın' ulıwma xalqı 50 mln. bolg'an 100 den aslam qalalar h'awasındag'ı zıyanlı birikpeler normadan birneshe ese artıq esaplanadı. 600-den zıyat qalalardın' ishimlik suwları jetkilikli da'rejede tazalanbaydı. Mın'lap gektar o'nimdar jerler eroziya, suw basıw, shorlanıw h'a'm sho'lge aylanıw protsessleri na'tiyjesinde xojalıqta paydalanıp bolmaytug'ın da'rejege kelmekte.

Ulıwma alg'anda ekologiyalıq jag'daydın' keskinlesiwi natiyjesinde:

- Jer u'sti ekosistemlarının' buzılıwında;
- Ta'biyiy resurs potentsialının' nabıt bolıwında;
- İnsaniyattı qorshap turg'an ortalıqtın' buzılıwında o'z ko'rinisin bermekte.

Joqarıdag'ı unamsız ekologiyalıq faktorlar adamnın' den-sawlıg'ına h'a'm turmıs da'rejesine keri ta'sir ko'rsetpekte, unamsız genetikalıq o'zgerisler ja'dellese basladı. Sotsial-ekonomikalıq rawajlanıw h'a'm siyasiy turmıstag'ı o'zgerisler ta'biyattan paydalanıw ekonomikasında da u'lken mashqalalardı keltirip shıg'ardı. Keyingi jıllarda ekologiyalıq jag'daylarg'a unamsız ta'sir ko'rsetiwshi jan'a faktorlar payda bola basladı. Bularg'a ulıwma ekonomikalıq orınnın' buzılıwı, regionlar-aralıq kelispewshilikler, tu'rli ko'rinistegi ekstremizmnin' payda bolıwı h'a'm t.b.mısal bola aladı.

Bazar qatnasıqlarının' jetkilikli da'rejede rawajlanbag'anlıg'ı qorshag'an ortalıq jag'dayına h'a'm ta'biyattan ratsional paydalanıw ma'selelerine o'zinin' keri ta'sirin ko'rsetedi. Bunday jag'dayda ta'biyiy resurslardan paydalanıwdın' na'tiyjeliligin asırıwda, olardı saqlawdı, pataslanıwının' aldın alıwda ta'biyattan paydalanıw iskerligin ta'rtiplestiriwdin' ekonomikalıq da'stekleri tizimin engiziw bolıp tabıladı.

Bul mashqalalar sheshimin tabıwdın' h'a'm qorshag'an ortalıqtı qorg'awdın' rejeleri islep shıg'ıldı.

**Usı reje to'mendegi printsiplerge tiykarlanadı:**

- Qorshag'an ortalıqtın' unamsız ta'sirinen xalıqtın' den-sawlıg'ın saqlawdın' u'stemligi.
- Siyasiy, ekonomikalıq mashqalalardın' sheshimin tabıwda qorshag'an ortalıqtı qorg'awdın' u'stemligi.

G'MDA ellerinde ta'biyattan paydalanıw h'a'm qorshag'an ortalıq tazalıg'ın saqlaw boyınsha o'z-ara juwapkershilik sezimlerin qa'liplestiriw, ma'mleketler aralıq kelisilgen ekosiyasattı ju'rgiziw, ta'biyattı qorg'awdın' administrativlik h'a'm ekonomikalıq usılların birlestiriw.

- Xalıqtın' den-saqlıg'ına qa'wip salıwshı (qorshag'an ortalıqtın', atmosferanın' pataslanıwı, suwlardın' pataslanıwı, pestitsidlerdin' ta'siri, shıg'ındılar, shawqım h'.t.b.) faktorlardı azaytıw.

- Qorshag'an ortalıq h'a'm ta'biyiy resurslardı qorg'awda xalıqlardın' o'zine ta'nligi, ma'deniyatı h'a'm ma'plerin saqlawg'a, olardın' joqarı rawajlanıwda qatnasıwın ta'miyinlewge itibar beriw talap etiledi.

- Jer ekosistemasın saqlaw, qorg'aw h'a'm tiklew maqsetlerinde xalıq aralıq birge islesiwdi rawajlandırıw h'.t.b.

**Bul da'stu'rdi a'melge asırıw ushın:**

- Qorshag'an ortalıq sapası h'a'm ta'biyiy resurslardın' jag'dayı h'aqqında mag'lıwmatlarg'a iye bolıw.

- Xalıq xojalıg'ının' qorshag'an ortalıqqa ko'rsetetug'ın ta'sirinin' bag'darları h'aqqında mag'lıwmatlarg'a iye bolıw.

- Qorshag'an ortalıqtı qorg'aw h'a'm ta'biyattan paydalanıw protsesslerine ta'rtiplewdin' elementlerin engiziw h'a'm olardın' rolin anıqlaw h'.t.b.

## Tiykarg'ı tayanısh tu'sinikler

**Tog'ay fondı** - tog'aylar menen qaplang'an h'a'm tog'aylar menen qaplanbag'an, biraq tog'ay xojalıg'ı mu'ta'jlikleri ushın berilgen jerler.

**Ta'biyat zonaları** - ta'biyiy komponentlerdin' o'zine ta'n kompleksi na'tiyjesinde payda bolg'an ta'biyiy aymaqlar.

**Delta** - da'ryanın' quyılatug'ın jeri.

**Qızıl kitap** - jog'alıp baratırg'an o'simlik h'a'm h'aywanlar esabı ju'rgiziletug'ın kitap.

**Tog'ay salıg'ı** - tog'aylardan paydalang'anlıg'ı ushın to'lenetug'ın to'lem.

## Ta'kirarlaw ushın sorawlar h'a'm tapsırmalar

1. Tog'aylar adam turmısında qanday orın tutadı?
2. Tog'aylardın' qanday tu'rlerin bilesiz?
3. Tog'aylardan nadurıs paydalanıw qanday unamsız aqıbetlerge alıp keldi?
4. O'zinin' jasap turg'an jerdin' tog'ay resursları tuwralı aytıp berin'.
5. Tog'aylardı tiklew ila'jları tuwralı nelerdi bilesiz?
6. Tog'aylardan paydalanıw ushın qanday to'lemler engizilgen?
7. G'MDA ma'mleketlerinde qanday ekologiyalıq jag'day ju'zege kelgen?
8. G'MDA-dag'ı ekologiyalıq qa'wipli territoriyalardın' dizimin du'zin'?
9. G'MDA-da ekologiyalıq jag'daydı jaqsılaw boyınsha qanday ila'jlar a'melge asırılmaqta?

## Test sorawları

1. Ha'zirgi waqıtta qurg'aqlıqtın' neshe bo'limi tog'aylardan ibarat?
   A. 1/3;
   V. 1/4;
   S. 1/5;
   D. 1/6.
2. Respublikamızdag'ı tog'aylardın' tu'rlerin h'a'm protsent mug'darın anıqlan'.

A. Taw tog'ayları 11%, sho'l tog'ayları 87%, qayır h'a'm alap tog'ayları 2%.
V. Subtropik tog'ayları 7%, taw tog'ayları 18%, sho'l tog'ayları 75%.
S. Biyik tawlı tog'ayları 32%, tropik tog'ayları 3%, ma'mleketlik tog'ay fondı 65%.
D. A h'a'm V juwabı durıs.

3. O'zbekstan Respublikası florası h'a'zirgi waqıtta neshe protsentke azaydı?
A. 3;
V. 5;
S. 8;
D. 12.

4. Respublikamızda qaysı tu'rli tog'aylar basım?
A. Taw tog'ayları;
V. Sho'l tog'ayları;
S. Qayır tog'ayları;
D. Alap tog'ayları.

5. Ekologiyalıq jag'daydın' keskinlesiwi -
A. Jer u'sti ekosistemanın' buzılıwı;
V. Ta'biyiy resurs potentsialının' tawsılıwında;
S. İnsandı qorshap turg'an ortalıqtın' buzılıwında;
D. Barlıq juwap tuwrı.

6. Ta'biyat zonaları degenimiz – bul…
A. Ta'biyiy komponentlerdin' o'zine ta'n kompleksi na'tiyjesinde payda bolg'an ta'biyiy territoriya;
V. Tog'aylar menen qaplang'an, qaplanbag'an, biraq tog'ay xojalıg'ına berilgen jerler;
S. Xalıqtın' en' tıg'ız jaylasqan aymag'ı;
D. Da'ryalardın' quyılıw ornı.

7. Tog'ay fondı- bul…
A. Ta'biyiy komponentlerdin' o'zine ta'n kompleksi na'tiyjesinde payda bolg'an ta'biyiy territoriya;
V. Tog'aylar menen qaplang'an, qaplanbag'an, biraq tog'ay xojalıg'ına berilgen jerler;
S. Xalıqtın' en' tıg'ız jaylasqan aymag'ı;
D. Da'ryalardın' quyılıw ornı.

8. Qızıl kitaptın' tiykarg'ı wazıypası…
A. O'simliklerdin' jan'a tu'rlerin registratsiyalawdan ibarat;
V. O'simlik h'a'm h'aywanat turlerin esapqa alıw;
S. Jog'alıp baratırg'an o'simlik h'a'm h'aywanatlardın' esabın alıw;
D. U'lke tanıw muzeylerin sho'lkemlestiriw.

# TA'BIYATTAN PAYDALANIWDAG'I XALIQARALIQ BIRGE ISLESIWLER

## Reje

1. Ta'biyattan paydalanıw tuwralı xalıq aralıq birge islesiw formaları.
2. Xalıq-aralıq finans sho'lkemlerinin' qorshag'an ortalıqtı qorg'aw boyınsha xızmeti.
3. O'zbekstan Respublikası h'a'm xalıq-aralıq birge islesiw.

I. Global ekologiyalıq mashqalalar negizinde du'nya ja'miyetshiligi ta'repinen sheshimin ku'tip turg'an global protsessler h'a'm h'a'diyseler jatadı. Bul jerde ayırım ta'biyiy resurslardın' global statusqa iye ekenligin de atap o'tiw kerek. Bularg'a Du'nya okeanı (territorial suwlardan sırttag'ı akvatoriyalar), atmosfera h'awası, Antarktida, kosmos ken'isligi kirip, olardan aqılg'a muwapıq paydalanıwda birge islesiw talap etiledi.

Ekologiyalıq mashqalalardı insaniyat ta'repinen birgelikte sheshiw V.İ.Vernadskiy ta'repinen noosfera kontseptsiyası shen'berinde, a'sirimizdin' baslarında atap o'tilgen. Global rawajlanıwdı modellestiriw na'tiyjeleri xalıq aralıq birge islesiw shen'berinde, ekologiyalıq mashqalalardın' sheshimin tabıwg'a barlıq ma'mleketler, milletler h'a'm xalıqlardın' tartılıwı turmıs za'ru'rligi ekenligi tastıyıqlandı.

Usılardı na'zerde tutıp, xalıq aralıq birge islesiwdin' to'mendegi tiykarg'ı bag'darların ko'rsetiw mu'mkin:

- Xojalıq iskerligine tartılmag'an, planetar ekologiyalıq ten'salmaqlılıqtı ta'miyinlewshi ta'biyiy sistemalardı qorg'aw;
- Ta'biyiy resurslardan h'a'm ta'biyattın' assimilatsiyalıq potentsialınan aqılg'a muwapıq paydalanıw;
- Xalıq-aralıq ekologiyalıq juwapkershiliktin' na'tiyjeli sistemasın jaratıw (sonnan, a'skeriy h'a'reketler na'tiyjesinde qorshag'an ortalıqqa keltirilgen zıyan ushın juwapkershilik).

Bul bag'darlardı a'melge asırıw ushın tu'rli ila'jlardı a'melge asırıwdı talap etedi, bulardın' ishinde to'mendegilerdi ko'rsetiw mu'mkin:

- Rawajlang'an ma'mleketlerdin' rawajlanıp atırg'an ma'mleketlerge ko'rsetiletug'ın finanslıq h'a'm texnikalıq ja'rdemi;
- Resurslardı saqlaw boyınsha jan'a texnologiyalardı islep shıg'ıw;
- Sotsiallıq talaplardı ekologizatsiyalaw, milliy ekonomika quramın qayta qurıw;
- Ekologiyalıq bag'dardag'ı xalıq-aralıq forumlarda h'a'm sho'lkemlerde wa'killik tizimlerine iye bolıw;
- Qorshag'an ortalıqtı qorg'aw tarawında xalıq-aralıq juwapkershiliktin' mexanizmlerin jaratıw;
- Ekologiyalıq salıqqa tartıw;
- Birge islesiwde tu'rli strategiyalar h'a'm kontseptsiyalardı islep shıg'ıw;
- Ayırım ta'biyiy resurslardan aqılg'a muwapıq paydalanıw normaların belgilew h'.t.basqalar.

**Xalıq aralıq birge islesiw to'mendegi formalarda alıp barıladı:**

1. Parlamentler-aralıq birge islesiw - nızamshılıq xızmetin muwapıqlastırıw h'a'm ma'mleketler-aralıq ekologiyalıq mashqalalardın' sheshimin tabıw.

2. Atqarıwshı h'a'kimiyat ortasındag'ı birge islesiw - BMSh ko'leminde ekologiyalıq da'stu'rlerdi islep shıg'ıw h'a'm a'melge asırıwdı muwapıqlastırıwg'a qaratılg'an xızmet tu'ri.

3. Konventsion tiptegi birge islesiw - ayrıqsha territoriyalar h'a'm obektlerdin' anıq ekologiyalıq mashqalaların sheshiwdin' ulıwma jandasıwların tabıw.

4. İlimiy-texnikalıq birge islesiw - ilimiy bag'dardag'ı informatsiyalardı almasıw, ta'biyattı qorg'aw ila'jların birge islep shıg'ıw, u'skenelerden kompleksli paydalanıw, ilimiy proektler h'a'm ekspertizalardı a'melge asırıwdı na'zerde tutadı.

Bul tiykarg'ı formalardan tısqarı qorshag'an ortalıqtı qorg'aw h'aqqında xalıq aralıq birge islesiwshi sotsiallıq sho'lkemler, isbilermenler, xalıq aralıq ekologiyalıq forumlar h'a'm basqalardı alıp barıw menen birge a'melge asırıladı. Qorshag'an ortalıqtı qorg'aw h'aqqındag'ı xalıq aralıq birge islesiwdin' ja'ne bir formalarınan biri sha'rtnamalar du'ziw h'a'm basqa xalıq aralıq kelisimlerdi a'melge asırıw bolıp tabıladı. Eki ta'repleme h'a'm ko'p ta'repleme kelisimler h'a'm xalıq aralıq konventsiyalar tu'rli ma'mleketlerdin' usı tarawdag'ı islep atırg'an h'a'reketlerin muwapıqlastırıw barısında a'melge asırıladı. Bunday jag'dayda sherikler sıpatında ta'biyattı qorg'aw h'a'm onın' resurslarınan paydalanıw h'aqqındag'ı ma'pleri ja'm bolg'an qon'sı ma'mleketler qatnasadı.

Ta'biyattı qorg'aw tuwralı xalıq aralıq birge islesiw tariyxı h'aywanat du'nyası resurslarınan paydalanıw h'a'm onı qorg'awdı ta'rtiplestiriw menen baslanadı. 1875-jılda Avstro-Vengiya h'a'm İtaliyada quslardı qorg'aw h'aqqında Deklaratsiya qabıl etildi. XX a'sirdin' aqırında (1897-j.) Rossiya, Yaponiya h'a'm AQSh Tınısh okeanında ten'iz mısıqlarınan paydalanıw h'a'm onı qorg'aw h'aqqındag'ı kelisimge qol qoydı.

Birinshi xalıq-aralıq konventsiya 1882-jılda Parijde awıl-xojalıg'ı ushın paydalı bolg'an quslardı qorg'aw maqsetinde bir neshe Evropa ma'mleketleri ta'repinen qol qoyıldı.

Xalıq-aralıq birge islesiwdin' da'stu'riy tarawlarının' biri balıq, kit h'.b. ten'iz h'aywanların awlaw tarawları esaplanadı. 1882-jılda Arqa ten'iz balıqların awlawdı ta'rtiplestiriw tuwralı konventsiya qabıl etiledi. Ha'zir bul tarawg'a tiyisli 70-ten artıq ma'mleketler kelisimlerge qol qoyılg'an.

Du'nya ja'miyetshiliginin' itibarın ten'iz suwlarının' neft penen pataslanıw mashqalaları ba'rqulla qızıqtırıp kelgen. Usını esapqa alıp, 1954-jılda Londonda 20 ma'mleket Konventsiyag'a qol qoydı. Kelisimlerge qaray, og'an qol qoyg'an ma'mleketler neft h'a'm neft aralaspaların ten'izge (qurg'aqlıqtan 80-250 km.ge shekem bolg'an territoriyalarg'a) to'kpewge kelisildi. Bul tarawda qosımsha ko'plegen kelisimlerge qol qoyıldı. Olarg'a 1972-h'a'm 1973-jıllardag'ı London Konventsiyaları kiredi. Bul h'u'jjette shıg'ındılar qanday ko'rinislerge iye bolıwına (usınnan radiaktiv zatlar) qaramastan du'nya okeanına taslamawg'a qatan' kelisip alındı.

Ma'mleketler-aralıq kelisimlerdin' ishinde atmosferada, kosmosta, suw astında yadro quralın isletpew h'a'm sınamaw tuwralı 100 ma'mleket ta'repinen Moskva sha'rtnamasına (1963-j.) qol qoyıldı.

Konventsion tiptegi ta'rtiplestiriwdin' o'zine ta'n qa'siyetlerinen biri – qorshag'an ortalıqqa keri ta'sir ko'rsetiwshi h'a'r qanday xızmet tu'rlerin sheklew h'a'm ta'rtipke salıw h'aqqında kelisimlerge qol qoyıw bolıp esaplanadı. Bularg'a Qa'wipli ju'klerdi tasıw boyınsha konventsiya (Jeneva, 1889-j.), Avariyalar na'tiyjesindegi pataslanıwlardan zıyan ko'rgenlerge kompensatsiyalar beriw (Parij 1989-j.), Qorshag'an ortalıq ushın qa'wipli bolg'an iskerlik na'tiyjesinde jetkizilgen zıyan tuwralı konventsiya (Bryussel 1990-j.) h'a'm basqalar mısal bola aladı.

1994-jılda klimattın' h'a'm biologiyalıq tu'rlerdin' o'zgeriwi tuwralı konventsiya sha'rtnaması h'a'm xalıq-aralıq ten'iz h'uqıqı tuwralı konventsiya ku'shke kirdi. Ja'ne bir a'h'miyetli h'u'jjet - Monreal protokolı (sha'rtnaması) esaplanadı. Ol azon qatlamının' buzılıwına alıp keliwshi atmosferag'a shıg'arılıp atırg'an zıyanlı shıg'ındılar - xlorlang'an h'a'm ftorlang'an uglevodorodlardı 2000-jılg'a shekem 50%-ke kemeyttiriw (1987-j.) tuwralı kelisimlerdi o'z ishine aladı.

Atmosferanı qorg'aw, biologiyalıq h'a'r tu'rlilikti ta'miyinlew barlıq ma'mleketlerdi birdey qızıqtıratug'ın mashqala esaplanadı. 1992-jılda biologiyalıq h'a'rtu'rlilikti ta'miyinlew h'aqqındag'ı Konventsiya qabıl qılıng'an. Onın' en' u'lken jetiskenliklerinen biri biologiyalıq resurslardı ma'mleketlerdin' suveren mu'lki sıpatında qabıl etedi (ma'mleketler qaysı ta'biyiy resurslardan ko'birek payda ko'rse, olardı qorg'awg'a urınadı). Bul konventsiyanın' a'h'miyetli ma'selelerinen biri-ma'mleketler ta'repinen genetik h'a'rtu'rlilikti saqlaw esaplanadı. Konventsiyada u'lken genetik h'a'rtu'rlilikke iye ma'mleketler bul resurslardan to'lew tiykarında basqa ma'mleketlerdin' paydalanıwına ruxsat beriliwi ma'seleleri de ko'rip shıg'ılg'an.

Qabıl etilgen kelisimler anıq na'tiyjelerge de alıp kelmekte. Ma'selen, shegara territoriyalarında atmosferanın' pataslanıwının' aldın alıw tuwralı Konventsiya (1979-j.) Evropadag'ı atmosfera h'awasının' pataslanıw da'rejesinin' kemeyiwine alıp keldi.

Ulıwma alg'anda ma'mleketler ta'repinen h'a'zirgi ku'nge shekem 200-jaqın kelisimler qabıl etilgen. Olardın' 2/3 bo'limi BMSh nın' 1972-jıldag'ı insan jasaytug'ın qorshag'an ortalıq h'aqqında o'tkergen Konferentsiyasınan keyin qabıl etildi.

**II. Xalıq aralıq finans sho'lkemleri** - Xalıq aralıq tikleniw h'a'm rawajlanıw banki (XTRB), Evropa tikleniw h'a'm rawajlanıw banki (ETRB) h'a'm Jer ju'zilik (JJB) ta'biyattı qorg'aw xızmetin o'zlerinin' a'h'miyetli wazıypalarınan biri dep esaplaydı.

ETRB xalıq aralıq finans sho'lkemlerinin' ishinde birinshi bolıp o'z iskerliginin' a'h'miyetli wazıypalarınan dep to'mendegilerdi belgiledi:

- Ekologiyalıq siyasatlardı qa'liplestiriwde, na'tiyjeli h'uqıqıy h'a'm normalıq h'u'jjetlerdi islep shıg'ıwda, xalıq aralıq normalarg'a a'mel qılıwda h'a'm

monitoringdi ta'miyinlewde, kadrlar tayarlawda ma'mleketlerge h'a'r ta'repleme ja'rdem beriw;

- Milliy ekologiyalıq da'stu'rlerdi basqarıwdın' bazar usılların qollawda birge islesiw;

- Ekologiyalıq tovarlar h'a'm xızmetler bazarı operatsiyalarının' rawajlanıwın, qorshag'an ortalıq sapasın jaqsılaw h'a'm qorg'aw h'aqqındag'ı proektlerdi investitsiyalawdı qollap quwatlaw;

- Xalıqtı, is bilermenlerdi, bankirlerdi h'a'm basqalardı ekologiyalıq du'nya qarasın qa'liplestiriw tuwralı da'stu'rler h'a'm arnawlı proektlerdi sho'lkemlestiriw h'a'm qollap quwatlaw;

- Ekologiyalıq bah'alaw, rejelestiriw, basqarıw, auditlaw h'a'm bank proektleri h'a'm operatsiyaları monitoringi menen baylanıslı ilajlardı a'melge asırıw.

ETRB-nın' ekologiyalıq siyasatın a'melge asırıwdın' tiykarg'ı buwınları to'mendegiler:

- Qorshag'an ortalıqtı qorg'aw tarawında izertlewler alıp barıw;

- Ekologiyalıq da'stu'rler h'a'm proektlerdi qollawg'a bag'darlang'an texnik ja'rdem;

- Ekologiyalıq proektlerdi qarjılastırıwdı ta'miyinlewshi kreditler, kepillikler, investitsiya h'a'm t.b.

Bank xızmetkerleri ta'repinen «Ekologiyalıq sheklew dizimi» islep shıg'ılg'an. Og'an qaray bank h'a'm onın' finanslıq sherikleri «gen injineriyası» proektlerin qorshag'an ortalıqqa genetik materialdın' tu'siwinin' aldın alıw, sheklengen pestitsidlerdi islep shıg'ıw h'a'm onnan paydalanıwdı qarjılastırıw kirmeydi.

Banktin' tiykarg'ı itibarı resurslardan h'a'm energiyadan na'tiyjeli paydalanıw imkaniyatın beriwshi obektlerdi investitsiyalawg'a qaratıladı. Ma'selen, Oraylıq h'a'm Shıg'ıs Evropadag'ı gazde islewshi elektrostantsiyalarg'a ajıratılatug'ın investitsiyalardın' arttırılıwı, qon'ır ko'mirde isleytug'ın elektrostantsiyalardın' kemeyiwine unamlı ta'sir ko'rsetedi.

XTRB-nın' ja'rdemi menen (zaem beriw) qorshag'an ortalıqtı salamatlastırıwdı investitsiyalastırıw milliy da'stu'ri islep shıg'ıldı. Bank tarepinen ta'biyattı qorg'awdın' ayırım talapların orınlag'an ma'mleketler ushın arnawlı imkaniyatlar beriledi, yag'nıy bank olardın' sırtqı qarızlarının' bir bo'limin o'z moynına aladı. Usı maqsetler ushın 1990-jılı Du'nya banki ta'repinen ekologiyalıq fond sho'lkemlestirildi.

O'zbekstan g'a'rezsizlikke eriskennen son' turaqlı rawajlanıwg'a erisiw ushın islep shıg'arıw sektorında qayta reforma o'tkiziw menen birge qorshag'an ortalıqtı qorg'aw boyınsha milliy mexanizmler h'a'm institutlardag'ı kemshilikti jog'altıwdın' za'ru'riyatı tuwıldı. Na'tiyjede respublikada qorshag'an ortalıqtı qorg'aw boyınsha qa'nigelesken institutlar, nızamshılıq h'a'm siyasattı reforma qılıw boyınsha ken' ko'lemli jumıslar islendi h'a'm ta'biyattı qorg'aw h'a'm ta'biyattan aqılg'a muwapıq paydalanıw boyınsha birge islesiwler jolg'a koyıldı. Solardan:

**Xalıq-aralıq birge islesiw.** Xalıq-aralıq ta'biyattı qorg'aw boyınsha birge islesiwdin' tiykarg'ı bag'darları O'zbekstannın' sırtqı siyasatı strategiyası menen belgilenedi. O'zbekstan g'a'rezsizlikke eriskennen son' 1992 jılı BMSh ag'zası boldı h'a'm qorshag'an ortalıqtı qorg'aw boyınsha YuNEP, BMSh-tın' rawajlanıw da'stu'ri, BMSh-tın' bilim, ilim h'a'm ma'deniyat ma'seleri boyınsha sho'lkemi (YuNESKO), Xalıq-aralıq meteorologiya sho'lkemi, Du'nya ju'zlik den sawlıqtı saqlaw sho'lkemi (VOZ), BMSh-nın' saanattı rawajlandırıw boyınsha sho'lkemi (YuNİDO) menen ken' ko'lemde kelisimlerge qol qoyıstı. Miliy siyasattı h'a'm xalıq aralıq birge islesiw bag'darların islep shıg'ıw ma'mleket ekologiyalıq potentsialın arttırıwg'a tiykarlanadı.

**G'MDA menen birge islesiw.** O'zbekstan regional integratsiya ma'seleleri boyınsha birge islesiwdi G'MDA ma'mleketleri menen eki ta'repleme kelisiwler tiykarında h'a'mde G'MDA atqarıwshı komitetinin' ja'rdemshi organı esaplang'an ma'mleketler-aralıq ekologiyalıq ken'es penen a'melge asıradı. 2000-jılda tayarlanılg'an h'a'm ma'mleketler basshıları ta'repinen qol qoyılg'an 2025-jılg'a shekemgi da'wirde G'MDA-nın' rawajlanıwı boyınsha h'a'reketler da'stu'rinde qorshag'an ortalıqtı qorg'aw boyınsha bir qatar ila'jlar ko'rilgen (qorshag'an ortalıq monitoringi, ekologiyalıq qa'wipsizlik, sanaat shıg'ındıların klassifikatsiyalaw h'a'mde olardı markirovkalaw tizimin islep shıg'ıw h'.t.b.).

**Eki ta'repleme birge islesiw.** Ha'zirgi ku'nde to'mendegi ma'mleketler menen: Qıtay (1997-jıldan), Gruziya (1995-jıldan), Hindistan (1996-jıldan), İzrail (1997-jıldan), Yaponiya (1994-jıldan), Qazaqstan (1996-jıldan), Qırg'ızstan (1996-jıldan), Malayziya (1996-jıldan), Qubla Koreya Respublikası (1995-jıldan), Slovakiya (1998-jıldan), Shveytsariya (1998-jıldan), Ta'jikstan (1994-jıldan), Tayland (1998-jıldan), Turkiya (1996-jıldan), Turkmenstan (1996-jıldan), Ukraina (1998-jıldan), BAA (1998-jıldan) h'a'm AQSh (1994-jıldan) penen eki ta'repleme birge islesiwler alıp barılmaqta.

**Regional birge islesiw.** ESKATO-g'a ag'za ma'mleketler O'zbekstan 1992-jıldan beri ESKATO (Tınısh okeanı h'a'm Aziya regionı ushın ekonomikalıq h'a'm sotsiallıq komissiya) ag'zası esaplanadı. O'zbekstan tiykarınan kadrlar tayarlaw ma'seleleri, solardan Yaponiya h'a'm Koreya xalıq- aralıq birge islesiw agentligi bag'darı h'a'mde Hindistan regional oqıw orayı (Geografiya informatsiyalıq sisteması), Qıtay (shıg'ındılardı basqarıw), Malayziya h'a'm Tayland (ekologiyalıq menedjment) bag'darları boyınsha birge islespekte.

O'zbekstan to'mendegi on ma'mleket: Azerbayjan, Awg'anstan, İran İslam Respublikası, Qazaqstan, Qırg'ızstan, Pakistan, Ta'jikstan, Tu'rkmenstan, h'a'm Turkiya menen sotsial h'a'm ekonomikalıq rawajlanıw boyınsha regional h'u'kimetler aralıq sho'lkem, yag'nıy ekonomikalıq birge islesiw sho'lkeminin' ag'zası esaplanadı. Bul sho'lkem qorshag'an ortalıqtı qorg'aw tarawı boyınsha birge islesiw ma'seleleri menen, energetika, ta'biyiy mineral resurslar h'a'm qorshag'an ortalıq boyınsha shug'ıllanadı.

Xalıq aralıq finans institutları regional proektlerge barg'an sayın ko'birek itibar bermekte, sonlıqtan Oraylıq Aziya ma'mleketlerinin' ku'shleri birlestiriliwi h'a'm h'a'reketleri bir bag'darg'a saykeslendiriliwi za'ru'r.

Oraylıq Aziyanın' 5 ma'mleketi ta'repinen (YuNEP, OTB, BMTTD finans h'a'm texnik ja'rdemde) qorshag'an ortalıqtı qorg'aw boyınsha h'a'reketler rejesin islep shıg'ıw regionallıq birge islesiw tikkeley mısal bola aladı. Usı rejeni a'melge asırıw ushın ulıwma regionallıq mashqalalardı, Oraylıq Aziyanın' turaqlı rawajlanıwın ta'miyinlew mashqalasın sheshiw boyınsha Oraylıq Aziya ma'mleketleri ku'shlerin birlestiriwdin' real imkaniyatlarınan biri esaplanadı.

**3. O'zbekstan Respublikası h'a'm xalıq aralıq birge islesiw.**

Qorshag'an ortalıqtı qorg'aw O'zbekstan Respublikası sırtqı siyasatının' tiykarg'ı bag'darlarının' biri bolıp esaplanadı. O'zbekstannın' ta'biyattı qorg'aw boyınsha sırtqı siyasatında:

- Aral ten'izi basseyninde ekologiyalıq jag'daydı jaqsılaw;
- O'zbekstan Respublikası flora h'a'm faunasının' genofondın saqlaw;
- Suw, jer resursları h'a'm atmosfera h'awasının' pataslanıwının' aldın alıw;
- Ekologiyalıq qa'wipsizlikti saqlaw;
- Qa'wipli shıg'ındılardı, ximiyalıq elementlerdin' qorshag'an ortalıqqa ko'rsetetug'ın zıyanlı aqıbetlerin kemeytiw;
- Ozon qatlamına keri ta'sir ko'rsetiwshi o'nimlerdi islep shıg'arıwdan alıp taslaw;
- Ta'biyiy resurslardan na'tiyjeli paydalanıwg'a u'lken a'h'miyet beriw.

Respublikamız g'arezsizligin alg'annan son' baslı itibar ekologiyalıq mashqalalardı sheshiwge qaratıldı. Bul bag'darda 1995-1996-jıllar dawamında O'zbekstan Respublikasında Aral ten'izi mashqalalarına bag'ıshlang'an bir qatar seminarlar, konferentsiyalar o'tkerildi. Olardan:

Aral boyı ma'mleketlerinin' turaqlı rawajlanıwına bag'ıshlang'an BMSh-nın' xalıq-aralıq konferentsiyası (No'kis, sentyabr 1995-j.) o'tkerildi, onda No'kis Deklaratsiyası qabıl etildi h'a'm Aral basseyninin' turaqlı rawajlanıwı h'aqqında Xalıq-aralıq konventsiya jaratıw h'aqqında qarar qabıl etildi:

«Qorshag'an ortalıqtı tiklew» boyınsha OBSE-nin' Xalıq-aralıq seminarı (Tashkent-Urgench, sentyabr 1995-j.) sho'lkemlestirildi h'a'm onda qorshag'an ortalıqtı tiklewdin' anıq ila'jları belgilendi h'a'm du'nya ja'miyetinin' bul protsesste qatnasıwının' formaları anıqlandı:

Aral a'tirapındag'ı qurıp baratırg'an jer u'sti h'a'm suw ekosistemaların bah'alaw h'a'm modellestiriw boyınsha xalıq-aralıq seminarı (Tashkent, iyun 1996-j.) sho'lkemlestirildi. Onda YuNESKO h'a'm Germaniya ilim h'a'm texnologiya federal wa'zirligi ta'repinen a'melge asırılıp atırg'an proekt na'tiyjeleri analizlendi h'a'm onı dawam ettiriwge kelisip alındı:

Aral ten'izi a'tirapında ekologiyalıq turaqlı rawajlanıw boyınsha Xalıq-aralıq seminar sho'lkemlestirildi (Tashkent, oktyabr 1996-j.).

O'zbekstan Respublikasının' Ta'biyattı qorg'aw boyınsha ma'mleketlik komiteti h'a'm onın' ilimiy-izetlew mekemeleri ta'repinen ENRİN proekti boyınsha YuNEP GRİD-ARENDAL sho'lkemi menen «O'zbekstanda ekologiyalıq informatsiya sisteması» tuwralı proekt tayarlandı.

Yaponiyanın' xalıq-aralıq rawajlanıw agentligi birgeliginde «O'zbekstannın' Aral boyı aymag'ının' 6 qalasının' suw ta'miyinlew sisteması» boyınsha

proektinin' texnikalıq-ekonomikalıq tiykarı h'a'm tiykarg'ı rejesi islep shıg'ıldı h'a'm tastıyıqlandı.

Shvetsiyanın' finanslıq ja'rdemi menen tiyisli sho'lkemler suw sapasın anıqlawshı laboratoriya u'skeneler h'a'm ximiyalıq reaktivler menen ta'miyinlendi.

Jer ju'zilik banki ja'rdeminde ta'biyattı qorg'aw h'a'm O'zbekstannın' ekologiyalıq rawajlanıwın ta'miyinlew boyınsha Milliy da'stu'rge tiykarlanıp O'zbekstan:

- Klimattın' o'zgeriwi boyınsha Konventsiyag'a (14-may, 1993-jıldan);
- Bioh'a'rtu'rlilik h'aqqındag'ı Konventsiyag'a (7-may, 1996-jıldan);
- Qa'wipli ju'klerdi shegara territoriyalarında tasıwdı baqlaw h'aqqında Bazel Konventsiyası (7-may, 1996-jılda);
- Saxralasıwg'a qarsı gu'resiw boyınsha Konventsiyag'a (13-oktyabr, 1995-jıldan) ag'za bolg'an.

O'zbekstan Respublikası Ta'biyattı qorg'aw boyınsha ma'mleketlik komiteti Xalıq aralıq ekologiyalıq ken'es (XEK) tin' ag'zası esaplanadı. 1999-jılda O'zbekstan Respublikası h'a'm Evropa Birlesligi h'a'm og'an ag'za bolg'an ma'mleketler ortasında birge islesiw h'a'm sherikshilik h'aqqında shartnamag'a qol qoyıldı. Usı shartnamanın' 54-statyasında qorshag'an ortalıqtı h'a'm den-sawlıqtı saqlawg'a bag'ıshlang'an birneshe tarmaqlardı o'z ishine aladı, olar to'mendegiler:

- suwdın' sıpatı;
- transshegeralıq suwlar h'a'm h'awanın' pataslanıwı;
- transshegeralıq territoriyalarda qorshag'an ortalıqqa ta'sir ko'rsetiwdi bah'law h'aqqında BMSh h'a'm EB konventsiyasın qollaw;
- shıg'ındılardı basqarıw h'a'm Bazel konventsiyasın qollaw;
- biologik tu'rlilikti saqlaw h'a'm klimattın' global o'zgeriwi menen gu'resiw;
- sanaat ka'rxanaları qa'wipsizligi, ximiyalıq qa'wipsizlik h'a'm ekologiyalıq taza texnologiyalardan paydalanıw;
- ta'biyiy h'a'm antropogen apatlar h'a'mde basqa tosattan bolatug'ın qa'wipler h'aqqında aldınan bildiriw;
- ma'mleket ekologiyalıq nızamshılıg'ın Evropa Birlesligi nızamshılıg'ına maslastırıw; Usı kelisimlerdin' orınlanıwı ushın Ministrler ken'esi ta'repinen arnawlı qarar qabıl etildi.

2000-jılı sentyabrde BMSh-nin' mın' jıllıq Sammitinde onın' «Mın' jıllıq Deklaratsiya»sı qabıl etildi, bul deklaratsiya tınıshlıq ta'reptarları insan h'uqıqın, ma'mleket basqarıwı h'a'm demokratiya boyınsha minnetlemelerinin' ken' shen'berin o'z ishine aladı. Mın' jıllıq rawajlanıw da'stu'rinin' tiykarg'ı maqseti ka'mbag'allıqtı kemeytiw, adamlar o'mirin jaqsılaw h'a'm uzaytıw bolıp esaplanadı. Tiykarg'ı segiz bag'dar h'a'mde global, regional h'a'm milliy ko'lemde MRD orınlanıwı ushın ulıwma bah'alaw h'a'm a'h'miyetin tu'siniwdi ta'miyinlewshi indikatorlar 2015-jılg'a deyin erisiliwi ko'rsetiledi.

O'zbekstan ushın MRD to'mendegi ko'riniske iye:

1. Kem ta'miyinlengenlikti, jarlılıqtı kemeytiw.
2. Baslawısh h'a'm orta mekteplerde bilimnin' sapasın arttırıw.

3. Hayallar h'a'm erkekler ten'ligin qollap quwatlaw h'a'm h'ayallar h'uqıqların h'a'mde imkaniyatların ken'eytiw.

4. Balalar o'limin kemeyttiriw.

5. Analardın' den-sawlıg'ın jaqsılaw.

6. VİCh/SPİD, tuberkulez h'a'm tag'ı basqa kesellikler menen gu'resiw.

7. Ekologiyalıq turaqlılıqtı ta'miyinlew.

8. Rawajlanıwda global sherikshilikti payda etiw.

Turaqlı ekonomikalıq o'siw h'a'm insaniyattın' rawajlanıwın ta'miyinlew maqsetinde ekologiyalıq mashqalalardı tezlik penen sheshiw h'a'zirgi ku'nnin' baslı wazıypası.

Usılardan kelip shıqqan jag'dayda 2015-jılg'a shekem sheshiliwi kerek bolg'an wazıypalar to'mendegilerden ibarat.

- h'u'kimet siyasatı h'a'm da'stu'ri h'a'zirgi h'a'mde keleshek a'wlad ushın qorshag'an ortalıqtı qorg'awg'a qaratılg'an bolıwın ta'miyinlew.

- taza ishimlik suwınan paydalanatug'ın awıl h'a'm qala xalqının' sanın asırıw.

- O'zbekstanda mın' jıllıq rawajlanıw maqsetleri h'aqqında qısqasha ulıwmalastırıwshı xabar tayarlaw;

- 2015-jılg'a shekem O'zbekstan Respublikasında xalıqtın' turmıs da'rejesin asırıw strategiyasın islep shıg'ıw;

- 2005-2015-jıllarg'a mo'lsherlengen O'zbekstan Respublikası xalqının' turmıs da'rejesin asırıw strategiyası boyınsha rejesin islep shıg'ıwda O'zbekstan MRD boyınsha tayanısh izertlewler proektin islep shıg'ıw.

## Tiykarg'ı tayanısh tu'sinikler

**Xalıq-aralıq finans sho'lkemleri** - xalıq aralıq tikleniw h'a'm rawajlanıw banki (XTRB), Evropa tikleniw h'a'm rawajlanıw banki (ETRB), Du'nya banki (DB), sıyaqlı iri finans sho'lkemleri.

**Parlamentler aralıq birge islesiw** - nızamshılıq iskerligin muwapıqlastırıw h'a'm ma'mleketler-aralıq ekologiyalıq mashqalalardın' sheshimin tabıw maqsetinde alıp barılatug'ın xızmet.

**Atqarıwshı h'a'kimiyatlar ortasındag'ı birge islesiw** - BMSh shen'berinde ekologiyalıq da'stu'rlerdi islep shıg'ıw h'a'mde a'melge asırıwdı muwapıqlastırıwg'a qaratılg'an xızmet.

**Konventsion tiptegi birge islesiw** - ayrıqsha territoriyalar h'a'm obektlerdin' anıq ekologiyalıq mashqalaların sheshiwdin' ulıwma jandasıwların tabıwdı na'zerde tutıwshı xızmet.

**İlimiy-texnikalıq birge islesiw** - ilimiy bag'dardag'ı informatsiyalardı almasıw, ta'biyattı qorg'aw ila'jların birge islep shıg'ıw, u'skenelerden kompleksli paydalanıw, ilimiy proektler h'a'm ekspertizalardı a'melge asırıwdı na'zerde tutıwshı xızmet.

**Ta'kirarlaw ushın sorawlar h'a'm tapsırmalar**

1. Ta'biyattı qorg'awdag'ı xalıq aralıq birge islesiwdin' maqsetlerin atan'.

2. Xalıq-aralıq birge islesiw formaları tuwralı nelerdi bilesiz. O'zbekstan xalıq-aralıq birge islesiwdin' qaysı tarawlarında xızmet ko'rsetedi.

3. Siz jasap atırg'an jerde ta'biyattı qorg'aw h'aqqında xalıq-aralıq birge islesiw kelisimleri barma

4. O'zbekstanda xalıq-aralıq birge islesiw ko'leminde qanday kelisimlerge qol qoyılg'an.

**Test sorawları**

1. Global mashqalalar qatarına to'mendegiler kiredi
   A. Antarktida, atmosfera h'awası pataslanıwı, du'nya okeanı, kosmos;
   V. Aral ten'izi qurıwı, sho'lleniw;
   S. Ozon qabıg'ı, kislotalı jawınlar;
   D. Barlıq juwaplar durıs.
2. İnsaniyat ta'repinen ekologik mashqalardı birgelikte sheshiw boyınsha noosfera kontseptsiyasın qaysı ilimpaz alg'a su'rdi?
   A. Yu.G.Saushkin;
   V. N.N.Kolosovskiy;
   S. V.İ.Vernadskiy;
   D. E.Gekkel.
3. Xalıq-aralıq birge islesiwdin' neshe forması bar?
   A. 4;
   B. 5;
   S. 6;
   D. 8.
4. Parlamentler-aralıq birge islesiw formasının' wazıypası nelerden ibarat?
   A. Nızamshılıq xızmetin muwapıqlastırıwshı h'a'm ma'mleketler–ara ekologiyalıq mashqalalardın' sheshimin tabıwda;
   V. BMSh-i ko'leminde ekologiyalıq da'stu'rlerdi islep shıg'ıw h'a'm a'melge asırıwg'a qaratılg'an xızmetler;
   S. Arnawlı aymaqlar h'a'm obektlerdin' anıq ekologiyalıq mashqalaların sheshiwdin' jolların tabıw;
   D. İlimiy ko'rinistegi xabar almasıw, u'skenelerden kompleksli paydalanıw, ilimiy proektler h'a'm ekspertizalardı a'melge asırıw.
5. Konventsion tiptegi birge islesiw forması degenimiz -
   A. Nızamshılıq xızmetin muwapıqlastırıwshı h'a'm ma'mleketler–ara ekologiyalıq mashqalalardın' sheshimin tabıwda;
   V. BMSh ko'leminde ekologiyalıq da'stu'rlerdi islep shıg'ıw h'a'm a'melge asırıwg'a qaratılg'an xızmetler;
   S. Arnawlı aymaqlar h'a'm obektlerdin' anıq ekologiyalıq mashqalaların sheshiwdin' jolların tabıw;
   D. İlimiy ko'rinistegi xabar almasıw, u'skenelerden kompleksli paydalanıw, ilimiy proektler h'a'm ekspertizalardı a'melge asırıw.

6. Birinshi xalıqaralıq konventsiya neshinshi jılı h'a'm qaysı qalada sho'lkemlestirildi?
A. 1875-jılı Rim qalası;
V. 1882-jılı Parij qalası;
S. 1954-jılı London qalası;
D. 1963-jılı Moskva qalası;

7. Ha'zirgi waqıtta atmosferanı pataslamaw boyınsha ma'mleketler-aralıq qansha sha'rtnama qabıl etilgen?
A. 76;
V. 121;
S. 158;
D. 178.

8. Ta'biyattı qorg'awdı jaqsılawda to'mendegi xalıq-aralıq finans sho'lkemlerin qaysıları a'h'miyetli orın tutadı?
A. Xalıq-aralıq tikleniw h'a'm rawajlanıw banki;
V. Evropa tikleniw h'a'm rawajlanıw banki;
S. Du'nya ju'zlik bank;
D. Barlıg'ı.

9. Aral boyı ma'mleketlerinin' turaqlı rawajlanıwına bag'ıshlang'an BMSh-tın' xalıq-aralıq konferentsiyası qashan h'a'm qay jerde sho'lkemlestirildi?
A. No'kis – 1995, sentyabr;
V. Urgench -1995, sentyabr;
S. Tashkent – 1996, iyun;
D. Tashkent – 1996, oktyabr.

10. BMSh-tın' tabiyattı qorg'awdın' du'nya ju'zlik xartiyası neshinshi jılı qabıl etildi?
A. 1967;
V. 1948;
S. 1957;
D. 1982.

11. Xalıq-aralıq birge islesiw sho'lkeminin' Aral h'a'm Aral boyı ekologiyalıq mashqalaların sheshiwde tiykarg'ı orındı to'mendegilerdin' qaysısı tutadı?
A. Xalıqtın' turmıs da'rejesin jaqsılaw;
V. İshimlik suw, meditsinanı rawajlandırıw;
S. Qarjılay ja'rdem, jan'a jumıs ornı;
D. Barlıg'ı.

# Mazmunı

Kirisiw........................................................................................................ 3

Ta'biyattan paydalanıw ekonomikası kursının' predmeti, obekti h'a'm izertlew usılları........................................................................................ 5

O'ndiriste ta'biyiy resurslardın' ornı, a'h'miyeti h'a'm olarg'a ekonomikalıq bah'a beriw........................................................................................ 10

Ta'biyattan paydalanıwdı basqarıw h'a'm ta'biyiy ortalıqtı nızamlı qorg'aw........................................................................................ 22

Ta'biyattan ratsional paydalanıw ila'jlarına qarjı ajıratıw. Ma'mleketlik ekologiyalıq ekspertiza........................................................ 31

İlimiy-texnika progresi h'a'm ta'biyattan aqılg'a muwapıq paydalanıw. Ta'biyattan aqılg'a muwapıq paydalanıwdın' ekonomikalıq xoshemetleniwi........................................................................................ 37

Ta'biyattan paydalanıw ila'jların a'melge asırıwdın' ekonomikalıq na'tiyjeliligi ........................................................................................ 45

Suw resursların qorg'awdı rejelestiriw h'a'm olardan aqılg'a muwapıq paydalanıw. Atmosfera h'awasın qorg'aw................................................. 52

Tog'ay resursların qorg'awdı jobalastırıw h'a'm olardan ratsional paydalanıw. G'MDA ma'mleketlerinde ta'biyattan paydalanıwdın' aymaqlıq mashqalaları ........................................................................................ 62

Ta'biyattan paydalanıwdag'ı xalıqaralıq birge islesiwler ................................ 68